# Règleman Konduit Elèv yo: 2011–2012



**POU PLIS ENFÒMASYON**
http://www.polk-fl.net/parents/spanish/default.htm

oswa ale nan: www.polk-fl.net, Rechèch: Règleman Konduit Elèv yo

**LEKÒL PIBLIK NAN
DEPATMAN POLK**

# LIS CHAPIT YO


**FILOZOFI DISIPLIN NOU E DEKLARASYON SOU EKITE (Egalite)** ...... **iii**
**ESTRATEJI POU ELEV MONTRE KONPOTMAN ELEV KI MODEL** ...... **iv**
**NOTIFIKASYON DWA, LWA SOU AMELYORASYON EDIKASYON POU MOUN KI ANDIKAPE (IDEIA) EPI LWA SOU AMELYORASYON (IDEIA) E SEKSYON 504 LWA REYABILITASYON 1973 LA** ...... **v**
**NOTIFIKASYON DWA MOUN– DWA EDIKASYON FANMI AK DWA SOU VI PRIVE (FERPA)** ...... **vi-vii**
**NOTIFIKASYON DWA – DEKLARASYON SOU KEKSYON SAN DISKRIMINASYON & AMANDMAN SOU PWOTEKSYON DWA ELEV (PPRA)** ...... **viii-ix**
**NOTIFIKASYON DWA – ANYÈ ENFOMASYON KONSÈNAN ELÈV** ...... **ix**
**LWA McKINNEY-VENTO POU EDE MOUN KI PA GEN KOTE POU YO RETE JWENN EDIKASYON** ...... **x**
**REGLEMAN AKSEPTAB POU ITILIZE TEKNOLOJI (Materyèl tankou òdinatè, intènèt)** ...... **xi-xii**

**PATI I – DWA AK RESPONSABLITE:**
SEKSYON 1.01 OBJEKTIF KÒD KONDUIT ELÈV LA ...... 1
SEKSYON 1.02 DWA AK RESPONSABLITE ELÈV ...... 3

**PATI II –REG AK PRENSIP JENERAL:**
SEKSYON 2.01 ABSANS ...... 7
SEKSYON 2.02 DISIPLIN NAN LEKÒL LA ...... 8
SEKSYON 2.03 PWOGRAM EDIKASYON ALTÈNATIF ...... 8
SEKSYON 2.04 KRITE PREZANS ...... 8
SEKSYON 2.05 AKTIVITE RANMASE LAJAN ...... 9
SEKSYON 2.06 KITE KLAS LA OSWA LEKÒL LA POU SOTI DEYÒ ...... 9
SEKSYON 2.07 MALTRETE TIMOUN ...... 10
SEKSYON 2.08 KLIB AK ÒGANIZASYON ...... 10
SEKSYON 2.09 VYOLANS E ABI SANTIMANTAL/ROMANTIK ...... 10
SEKSYON 2.10 RÈGLEMAN INIFÒM ...... 11
SEKSYON 2.11 KONDISYON POU GEN PÈMI KONDUI ...... 14
SEKSYON 2.12 LEKÒL SAN DWÒG ...... 14
SEKSYON 2.13 KAT ENFÒMASYON DIJANS ...... 14
SEKSYON 2.14 ELÈV EKSEPSYONÈL ...... 14
SEKSYON 2.15 AKTIVITE EDIKATIF ANDEYÒ PWOGRAM REGILYE LEKÒL LA ...... 14
SEKSYON 2.16 FO AKIZASYON ...... 14
SEKSYON 2.17 PWOMNAD ...... 14
SEKSYON 2.18 KRITÈ GRADYASYON (KONDISYON POU GRADYASYON) ...... 14
SEKSYON 2.19 PÈSEKISYON/DISKRIMINASYON ...... 15
SEKSYON 2.20 ANKÈT (SONDAY) NAN LEKÒL ...... 17
SEKSYON 2.21 DEVWA RATRAPAJ ...... 17
SEKSYON 2.22 MEDIKAMAN ...... 18
SEKSYON 2.23 LÒD POU PA GEN KONTAK ...... 18
SEKSYON 2.24 PARAN ...... 18
SEKSYON 2.25 RETOUNEN LEKÒL LA ...... 18
SEKSYON 2.26 KALANDRIYE LEKÒL POU ELÈV ...... 18
SEKSYON 2.27 ANPLWAYE LEKOL/PESONEL/EKIP LEKÒL ...... 18
SEKSYON 2.28 RECHÈCH (FOUY) ...... 19
SEKSYON 2.29 ELÈV ...... 19
SEKSYON 2.30 TRANSPÒ ELÈV ...... 19
SEKSYON 2.31 VYOLASYON REPETE (LÒT VYOLASYON) ...... 19
SEKSYON 2.32 RETA ...... 19
SEKSYON 2.33 VWAYAJ (PWOMNAD) ...... 19

**PATI III – ETAP DISIPLIN AK FÈ APÈL:**
SEKSYON 3.01 SANKSYON ...... 21
SEKSYON 3.02 DISIPLIN MACH PA MACH ...... 22
SEKSYON 3.03 NIVO DISIPLIN ...... 23
SEKSYON 3.04 SISPANSYON POU KRIM KI FÈT DEYÒ ETABLISMAN LEKÒL LA ...... 26
SEKSYON 3.05 LÒT VYOLASYON ...... 27
SEKSYON 3.06 LÒD POU RETE ...... 27
SEKSYON 3.07 KRITÈ APÈL POU ELÈV KI PA NAN ESE ...... 27

**PATI IV – DISIPLIN ELÈV KALIFYE POU IDEIA:**
SEKSYON 4.01 KRITÈ JENERAL POU TOUT SISPANSYON/METE DEYÒ ELÈV KI KALIFYE POU IDEIA ...... 30
SEKSYON 4.02 ESPAS EDIKASRON ALTÈNATIF PWOVIZWA (IAES) ...... 31
SEKSYON 4.03 APÈL ...... 32

**PATI V – ETAP DISIPLIN POU ELÈV 504:**

SEKSYON 5.01 ETAP DISIPLIN ELÈV 504 ....... 34

**PATI VI – VYOLASYON REGLEMAN KONDUIT LA:**

SEKSYON 6.01 LANGAY OSWA KONDUIT DEREGLE NAN PREZANS LÒT MOUN ....... 36
SEKSYON 6.02 KOPYE (PRAN POUL) ....... 36
SEKSYON 6.03 KONDUIT K'AP TWOUBLE MOUN E/OSWA VYOLASYON KI PA GRAV ....... 36
SEKSYON 6.04 SI W PA POTE MATERYÈL DIREKSYON JENERAL LA RETOUNEN ....... 36
SEKSYON 6.05 JWÈT AZA ....... 37
SEKSYON 6.06 REGLEMAN SEKIRITE NAN BIS LEKÒL LA ....... 37
SEKSYON 6.07 MAWON POU W PA ALE LEKOL/ZÒN ENTÈDI ....... 37
SEKSYON 6.08 TRANSPÒ ELÈV, MOVE ITILIZASYON ....... 37
SEKSYON 6.09 RETA ....... 37
SEKSYON 6.10 TABAK ....... 38

**PATI VII – VYOLASYON GRAV REGLEMAN KONDUIT LA:**

SEKSYON 7.01 LANGAJ DEPASE OSWA MOVE KONDUIT KONT YON ANPLWAYE DIREKSYON JENERAL ....... 40
SEKSYON 7.02 METE DIFE ....... 40
SEKSYON 7.03 FÈ ATAK SOU MOUN ....... 40
SEKSYON 7.04 BAT MOUN, TOUCHE MOUN SAN KONSANTMAN ....... 41
SEKSYON 7.05 BONM AK EKSPLOZIF ....... 41
SEKSYON 7.06 MENAS BONM ....... 41
SEKSYON 7.07 CHACHE KONT AK PÈSEKISYON ....... 41
SEKSYON 7.08 VÒLÈ ....... 42
SEKSYON 7.09 SÈVI MAL NAN ÒDINATÈ ....... 42
SEKSYON 7.10 DWÒG ....... 42
SEKSYON 7.11 FÒSE MOUN BA W SA KI POU YO ....... 44
SEKSYON 7.12 FOS ALÈT (fè bwi kouri pou granmesi) ....... 44
SEKSYON 7.13 FOS NOUVÈL ....... 45
SEKSYON 7.14 ZAK KRIMINÈL (KI PA FÈT NAN ETABLISMAN LEKÒL LA) ....... 45
SEKSYON 7.15 BATAY KOTE MOUN BLESE OSWA RESEVWA DOMAJ FIZIK ....... 45
SEKSYON 7.16 BATAY KOTEW MOUN PA BLESE OSWA PA SIBI DOMAJ NAN KÒ YO ....... 45
SEKSYON 7.17 AKTIVITE GANG ....... 46
SEKSYON 7.18 ZAM, FIZI (REVOLVÈ) AK OBJÈ DANJRE ....... 46
SEKSYON 7.19 FÈ GWOUPMAN ....... 47
SEKSYON 7.20 RETE TOUNI OSWA KONDUIT DEREGLE ....... 47
SEKSYON 7.21 MANKE RESPÈ ....... 47
SEKSYON 7.22 BLOKE BÒN MACH LEKÒL LA ....... 47
SEKSYON 7.23 KITE ETABLISMAN LEKÒL LA SAN PÈMISYON ....... 48
SEKSYON 7.24 VAGABONDAJ ....... 48
SEKSYON 7.25 LÒT VYOLASYON GRAV LALWA ....... 48
SEKSYON 7.26 VÒL (Pran sa kip a pou ou) ....... 48
SEKSYON 7.27 KONPÒTMAN DEREGLE GRAV NAN YON BIS LEKÒL ....... 48
SEKSYON 7.28 PÈSEKISYON SEKSYÈL ....... 48
SEKSYON 7.29 KONFWONTASYON ELEV AK YON ANPLWAYE DIREKSYON JENERAL LA ....... 49
SEKSYON 7.30 APARÈY KOMINIKASYON/TELEFÒN SAN FIL ....... 49
SEKSYON 7.31 VOLÈ (Anvayi Pwopyete Moun)) ....... 49
SEKSYON 7.32 ANTRE KOTE KI ENTÈDI ....... 50
SEKSYON 7.33 ZAK KRAZE BRIZE ....... 50
SEKSYON 7.34 VYOLANS, POUSE MOUN AL FÈ VYOLANS ....... 50

**PATI VIII – FOM POU POTE RETOUNEN LEKOL LA:**

DIPLIS A – FÒM SI W PA ASEPTE YO BAY LIS ENFÒMASYON W ....... 52
DIPLIS B – FÒM REKONESANS ....... 53
DIPLIS C – FÒM SI W PA ASEPTE FOTO AK TEKNILOJI POU ELÈV OU ....... 54

## FILOZOFI DISIPLIN

Bi prensipal Sistèm Lekòl Piblik nan Depatman Polk la se rasire l chak elèv rive reyalize pwogrè nan nivo ki pi wo a. Yo dwe bay ledikasyon nan yon mannyè ki pa gen diskriminasyon oswa pèsekisyon ki chita sou ras, koulè, relijyon, sèks, laj, orijin oswa gwoup etnik, kwayans politik, eta sivil, enfimite, preferans seksyèl oswa nivo sosyal ak nan fanmi moun soti. Pou bagay sa a kapab reyalize:

- Chak manm ekip lekòl la pral fè jefò pou l kreye yon anviwonnman pozitif, ki gen sekirite k'ap ankouraje e sipòte siksè elèv. Y'ap chache konnen rezon ki fè yon elèv gen move konpòtman, e lè sa posib, yo pral remontre w fason pozitif pou w konpòte w, e yo pral anseye w lòt konpòtman ki akseptab. Jefò sa a ka mande pou gen kolaborasyon lekòl la, kominote a epi paran/responsab yo.
- Se objektif ak regleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Kanton Polk la pou li rekonèt, prezève e pwoteje dwa endividyèl chak elèv, epi menm moman sa a, ankouraje e fè respekte dwa sa a yo nan kad yon pwogram lekòl ki gen lòd e ki efikas. Nan kad bagay sa a, se responsablite Direksyon Jeneral la, ekip administratif la ak responsab tout lekòl pou anpeche e entèdi konduit ki vin danjre, k'ap twouble moun oswa k'ap detwi, epi k'ap mete an danje bon klima fonksyonnman pwogram lekòl la. Y'ap tann nan men manm ekip lekòl la pou yo trase bay elè yo modèl konpòtman moral kle yo dwe genyen. Y'ap tann pou yo pran tout mezi disiplinè nan fason ki respekte elèv la, epi pou pwoteje diyite elèv la nenpòt kote li posib. Nou espere tout elèv pral konpòte yo yon mannyè ki pa menase, jennen, oswa wetire dwa ledikasyon lòt elèv, e y'ap responsab konduit yo. Yon anviwonnman lekòl efikas dwe san danje e anyen pa dwe twouble l. Nan tout ka, yo dwe itilize disiplin mach pa mach kote y'ap sèvi ak estrateji koreksyon ki konsidere laj elèv la, ka patikilye, konpòtman li te gen anvan, posiblite pou ta gen vyolasyon repete, entansyon li, atitid li ak gravite ofans lan.
- Direksyon Jeneral la rekonèt pi lwen, Konstitisyon Etazini an ak Amandman li yo pwoteje elèv e li ba yo yon seri dwa sitwayen genyen; e yo pa dwe vyole dwa sa yo, sof si se lalwa ki mande pou aji otreman. Konsa, pou ka klarifye regleman sou konduit elèv nan lekòl yo e bay ki demach pou suiv, Direksyon Jeneral la te adopte *Kòd Konduit Elèv yo*. Kòd sa a dwe obligatwa e yo dwe aplike l yon mannyè ki dirab ak filozofi disiplin sa a. Chak lekòl bò kote pa yo gen dwa adopte lòt regleman konsènan jan elèv konpòte yo, regleman ki pa nan Kòd la, men regelman sa yo pa dwe ni ranplase ni elimine prensip ki nan Kòd la, sof si Direksyon Jeneral la apwouve demach kase kite sa. Li esansyèl pou tout elèv, paran/responsab, pwofesè, ekip sipò ak administratè konprann e koube yo anba *Kòd Konduit Elèv* la.

## DEKLARASYON EGALITE

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la, nan Florid, dwe kenbe yon anviwonnman aprantisaj ki pa gen diskriminasyon ak pèsekisyon ki chita sou ras, koulè, kote moun soti oswa lang ou pale, relijyon, sèks, si w marye ou non, laj, si w enfim oswa si w pa gen kote pou w rete, oubyen ki chita sou lòt bagay lalwa entèdi. Yo pa dwe anpeche okenn elèv patisipe nan okenn pwogram ledikasyon oswa aktivite lekòl leta Depatman Polk la ap òganize, akoz ras li, koulè l, kote l soti oswa lang li pale, relijyon l, sèks li, eta sivil li, laj li, si l andikape oswa si l pa gen kote pou l rete, oswa tout lòt pretèks lalwa pa pèmèt.

Si w gen keksyon konsènan diskriminasyon oubyen pèsekisyon, keksyon konsènan pwogram Tit II oswa Tit IX, ou kapab kontakte Sèvis Resous Imèn Biwo Ekite ak Respè Prensip nan (863) 534-0513.

Si w gen keksyon konsènan Lwa pou Amelyore Edikasyon pou Moun Enfim (IDEIA) oswa Lwa Reyabilitasyon 1973 Seksyon 504 la, ou ka kontakte Direktè Edikasyon Elèv Eksepsyonèl la nan (863) 534-0931.

Ou ka voye keksyon ki ekri yo bay Kòdonatè ki pi wo nan keksyon Ekite ak Respè Prensip la nan:

The School Board of Polk County, Florida
1907 South Floral Avenue
Post Office Box 391
Bartow, FL  33831-0391

## Estrateji Pou Elèv Montre Konpòtman Modèl

Pou kreye yon anviwonnman ki san danje pou rasire siksè akademik, paran, elèv ak lekòl dwe travay ansanm. Lè lekòl ak kominote a met tèt yo ansanm pou travay, elèv kontinye fè pwogrè. Kominikasyon se kle pou siksè sa a. Lè paran kontakte pwofesè/lekòl, yo dwe espere yon repons. Anplis, lè pwofesè/lekòl kontakte paran, paran yo dwe reponn lekòl la. Estrateji yo bay pi ba a yo kapab itilize nan yon sal klas epi lakay tou pou ede elèv yo bay konpòtman ki modèl:

- Vrè bagay y'ap tann
    - Itilize imaj e/ou mo pou montre konduit ki kòrèk dapre laj
    - Planifye yon tan pou devwa/fè pratik chak jou.
    - Chwazi yon kote nan kay la pou timoun yo fè devwa yo
    - Raple elèv yo anvan y'ale lekòl ki sa paran yo ap tann nan men yo
    - Chak jou pannan aktivite yo koumanse, pwofesè ap raple elèv yo prensip klas la
    - Mande chak jou ki sa ki te pase nan lekòl la
        - Ki sa ou aprann jodi a?
        - Ki sa ou te fè nan klas la jodi a?
        - Kouman transpò nan bis la te ye, lè w te prale e lè w t'ap retounen?
- Jwèt Wòl (Se yon plan sou kouman yon elèv kapab aji nan yon sitiyasyon)
    - Itilize lòt elèv nan sal klas la pou jwe wòl
    - Itilize manm fanmi e/oswa zanmi nan vwazinaj pou jwe wòl
    - Itilize istwa sosyal
- Teknik Rediksyon
    - Rale souf ou fò
    - Reflechi anvan w aji
    - Konte sou 10
- Wòl Modèl ak Kamarad ou
    - Bay Konsèy
    - Chita kote yon wòl modèl ki pozitif
    - Ede lòt elèv nan klas la
    - Ede nan devwa lakay la ak lòt kamarad
- Teknik Ranfòsman Pozitik
    - Chache sa ki pozitif nan tout elèv
    - Chache yon bagay ki bon pou w di
    - Fè konpliman ki pozitif
    - Sètifika/Riban/bay ankourajman
        - Sistèm Administrasyon Konduit ki itilize lekòl ak lakay la
            - Sistèm Pwen
            - Bwat Trezò (lakay e nan lekòl la)
            - Tikè
            - Prim chak jou/prim chak semèn/prim chak mwa/prim chak nèf semèn
    - Nòt pou lakay/e-mai/ apèl nan telefòn
    - Pa okipe yon seri konduit
    - Itilize yon mo oswa gade elèv la anvan pou w endike l konduit li dwe evite
    - Pale ak elèv sèl olye w pale avèk li devan lòt elèv
- Estrateji Sanzitif
    - Bay rekreyasyon
    - Varye anseyman/aktivite yo

**NOTIFIKASYON (AVÈTISMAN) DWA:**

## LWA AMELYORASYON EDIKASYON POU MOUN KI ENFIM AK SEKSYON 504 LWA REYABILITASYON 1973 AP SIPÒTE

Sa ki di pi ba a se yon detay sou dwa lwa federal bay konsènan elèv andikape. Entansyon rezime sa a se pou ba w tout enfòmasyon sou desizyon yo pran konsènan pitit ou a epi pou enfòme w dwa w genyen nan ka ou pa ta dakò ak desizyon sa yo. Ou gen dwa pou:

1. Fè pitit ou patisipe e jwenn avantaj nan pwogram ak aktivite edikasyon lekòl leta ap òganize, san li pa jwenn okenn diskriminasyon paske li se yon moun andikape.

2. Fè yo evalye pitit ou a pou wè si li kalifye pou li jwenn sipò nesesè pou li ka patisipe nan pwogram lekòl la genyen yo. Se dwa w pou w resevwa nòt sou sa yo idantifye a, evalyasyon an ak plas yo bay pitit ou a.

3. Revize dosye edikatif aplikab dapre Lwa sou Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Vi Prive (FERPA).

4. Fè pitit ou a benefisye yon anseyman piblik gratis. Sa gen ladann dwa pou li jwenn anseyman menm kote ak elèv ki pa enfim, nan tout limit sa ka rive. Li gen ladann tou dwa pou fè Distri lekòl la bay ekipman kòrèk pou bay pitit ou a chans egal pou li patisipe nan aktivite lekòl epi aktivite ki gen rapò ak ledikasyon.

5. Si w pa dakò ak desizyon pèsonèl lekòl la pran konsènan ekipman nesesè pou pitit ou jwenn aksè nan pwogram lekòl la, ou ka fè yon plent ekri voye bay Kòdonatè 504 la oswa mande yon chita tande san patipri. Ou gen dwa pou yon konsèy reprezante ou nan reyinyon san patipri sa a.

6. Fè yon plent pou denonse nenpòt zak Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la pa pèmèt, e voye l bay Biwo Depatman Ledikasyon Lèzetazini pou Dwa Sivil ("OCR"). W'ap jwenn enfòmasyon konsènan kouman pou w fè plent lan nan Direksyon Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl.

Si w gen keksyon konsènan obsèvans Distri a nan sa ki gade IDEIA oswa sou Seksyon 504, ou ka kontakte Direktè Ledikasyon Elèv Eksepsyonèl la nan (863) 534-0931.

**NOTIFIKASYON DWA:**

## DWA EDIKASYON FANMI AK DWA SOU VI PRIVE (FERPA)

Chè paran,

Lwa sou Edikasyon Fanmi ak sou vi Prive (FERPA) akòde paran ak elèv ki gen plis pase 18 lane ("elèv ki elijib") kèk dwa dapre dosye edikatif elèv la. Yo gen dwa pou yo:

1. Pa devwale Lis Enfòmasyon ki gen non, adrès, telefòn (si se yon nimewo ki nan lis la), patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak nan espò, diplòm ak prim yo resevwa epi dènye enstitisyon edikatif yo te frekante. Si w pa vle yo bay enfòmasyon sa yo, tanpri ranpli Fòm pou pa Asepte yo Devwale Enfòmasyon w yo (Diplis A) epi pote l retounen nan lekòl la nan trant (30) jou apre premye jou lekòl te ouvè a.

2. Anpeche yo devwale non elèv la, adrès ak telefòn li bay moun k'ap rekrite pou militè ak enstitisyon inivèsitè yo, jan lalwa federal mande sa. Demann sa a konsènen elèv nou gen nan lekòl segondè yo. Yo mande Direksyon Jeneral Depatman Polk la nan Florid ((PCSB) pou l avèti w demann sa a, epi li ba w chans pou w fè lekòl la konnen si w pa vle yo devwale enfòmasyon sa yo bay rekritè militè ak enstitisyon anseyman siperyè. Si w pa vle yo devwale enfòmasyon sa yo, tanpri ranpli Fòm pou pa asepte yo Devwale Enfòmasyon w yo (Diplis A) epi pote l retounen nan lekòl la nan trant jou (30) jou apre premye jou lekòl la.

3. Enspekte e revize dosye lekòl elèv la nan trant (30) jou soti depi nan jou elèv la resevwa demann aksè a. Paran oswa elèv elijib la dwe fè yon demand ekri voye bay direktè lekòl la k'ap idantifye dosye yo vle enspekte a. Direktè a ap fè aranjman pou bay aksè e l'ap fè paran oswa elèv elijib la konnen ki lè e ki bò yo ka fè enspeksyon nan dosye a. Ou ka mande kopi nan dosye a e yo kapab ba ou li.

4. Mande pou yo pase men nan dosye lekòl paran oswa elèv elijib la jije ki pa egzat, ki pa dwat oswa ki pa kòrèk. Paran oswa elèv kalifye kapab mande Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid (PCSB) pou pase men nan yon dosye yo kwè ki pa egzat, ki pa dwat oswa ki pa kòrèk. Ou dwe voye yon demann ekri bay direktè a pou di klèman ki pati nan dosye a ou vle chanje, e presize pou ki sa li pa egzat oswa pa dwat. Si direktè a deside li pap fè chanjman ou mande a, y'ap fè paran an oswa elèv kalifye a konnen desizyon sa a, epi y'ap konseye w ki dwa w genyen pou w mande yon revizyon konsènan demann chanjman ou fè a. Y'ap bay paran oswa elèv kalifye plis enfòmasyon sou demach yo ka mennen pou fè apèl desizyon an  epi avèti yo dwa yo genyen pou mande apèl.

5. Konsantman pou devwale enfòmasyon pèsonèl yo idantifye nan dosye lekòl elèv la, sof nan limit FERPA bay otorizasyon pou devwale enfòmasyon yo san konsantman.  Yon esepsyon ki pèmèt yo devwale san pèmisyon w, se lè yo devwale bay yon ofisyèl lekòl ki gen entèrè lejitim nan edikasyon. Yon ofisyèl lekòl se yon moun Direksyon Jeneral Lekòl nan Kanton Polk nan Florid la  (SBCP) anplwaye, tankou administratè, sipèvizè, enstriktè oswa manm ekip sipò (tankou ekip lasante oswa ekip madikal ak pèsonèl nan lapolis).  Yon ofisyèl lekòl gen enterè lejitim nan edikasyon si ofisyèl la bezwen revize yon dosye lekòl nan lide pou li akonpli devwa pwofesyonèl li. Depi yo mande li, Direksyon Jeneral Lekòl nan Kanton Polk nan Florid (PCSB) ap devwale dosye a bay yon lòt distri lekòl oswa yon enstitisyon lekòl pòs segondè elèv la ap chache antre oswa gen entansyon antre, san li pa bezwen pèmisyon.

6. Fè plent bay Depatman Ledikasyon Lèzetazini konsènan sa ki ta fè w kwè Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid (PCSB) pa ta obeyi ak sa FERPA mande yo. Non ak adrès biwo ki okipe FERPA yo se:

   Family Policy Compliance Office<br>
   U.S. Department of Education<br>
   400 Maryland Avenue, S.W.<br>
   Washington, DC  20202-4605

**NOTIFIKASYON DWA:**

**LWA SOU DWA EDIKASYON FANMI AK SOU VI PRIVE (FERPA)**

Demach pou gen aksè nan dosye elèv:

Depi paran an oswa elèv kalifye a fin fè demann pou l gen aksè nan dosye a, oswa yon reprezantan ki fè demann pou gen aksè nan Lo Dosye Pèmanan yo, yo dwe suiv demach sa a yo:

1. Y'ap bay paran an e/oswa elèv majè a yon randevou, dat ak lè, nan kenz (15) jou lekòl a pati lè demann nan te fèt la. Y'ap itilize Fòm Pèmisyon Paran pou Devwale Enfòmasyon oswa Demann pou Revize Enfòmasyon Elèv la pou fè demann sa a, e y'ap mete li nan klasè lo dosye a.
2. Paran sèlman gen dwa pou enspekte e revize dosye pitit yo, epi elèv majè gen dwa pou enspekte e revize dosye pa yo. Si dosye a gen enfòmasyon sou lòt elèv, Distri a fè jefò pou l efase enfòmasyon sa yo. Si sa pa posib, Distri a ap enfòme paran an sou enfòmasyon yo mande a.

Si paran an/responsab elèv la oswa elèv majè a kwè enfòmasyon lekòl li pa egzat, pa dwat oswa li vyole vi prive li, yo dwe ba yo chans pou yo pote koreksyon, efase oswa elimine enfòmasyon sa a.

Demach pou Pote Chanjman nan Dosye:

1. Yo planifye yo reyinyon enfòmèl nan lekòl la ak administrasyon an.
2. Si gen antant ki rive jwenn nan reyinyon enfòmèl la, yo dwe ekri li epi paran/responsab oswa elèv majè a dwe siyen li e mete li nan dosye lekòl elèv la. Antant ekri sa a sèlman endike te gen bagay yo te korije, efase oswa elimine e yo mete dat ladann.
3. Si desizyon an se ta dosye a pa gen okenn bagay ki pa egzat, ki pa dwat oswa li pa vyole vi prive, paran/responsab oswa elèv majè a gen dwa pou yo mete nan dosye lekòl la yon deklarasyon ki gen kòmantè yo sou enfòmasyon an, epi nenpòt rezon yo ta genyen ki fè yo pa dakò ak desizyon an.
4. Si pa gen akò ki rive jwenn, ou ka fè yon apèl voye bay Sipèentandan an oswa moun li deziyen. Nan kenz (15) jou lekòl apre l fin resevwa demann apèl paran an, Sipèentandan an ap planifye yon randevou sou ki dat chita tande fòmèl la ka fèt.
5. Omwen senk (5) jou anvan chita tande fòmèl la, y'ap bay paran avètisman ekri pou di l ki lè, ki kote ak kid at reyinyon fòmèl la ap fèt. Y'ap bay paran an tout chans li pou li bay prèv epi, ak kòb pa li, pou l fè youn oswa plis moun reprezante li, tankou pran avoka.
6. Sipèentandan an oswa moun li deziyen dwe pran yon desizyon ekri nan dis (10) jou apre reyinyon fòmèl la. Desizyon sa a ap gen yon rezime prèv ak rezon ki fè yo pran desizyon sa a.
7. Si pa gen akò ki rive jwenn ak Sipèentandan an oswa ak moun li deziyen, yo ka fè apèl desizyon sa a devan Direksyon Jeneral la.

Paran gen dwa pou pa dakò devwale enfòmasyon pèsonèl yo idantifye nan dosye lekòl elèv yo, sof nan limit FERPA ak lwa nan Eta a pèmèt pou yo devwale san pèmisyon.

Paran gen dwa fè plent voye bay Depatman Edikasyon Lèzetazini konsènan sa ki fè yo kwè Distri a pa obeyi ak sa FERPA mande yo (Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak sou Vi Prive 1974).

Yo ka devwale dosye lekòl bay ofisyèl lekòl ki detèmine pou gen enterè edikasyon lejitim. Yon lis sou ki sa yon ofisyèl lekòl ye e ki sa enterè edikasyon lejitim ye disponib nan nenpòt lekòl.

Y'ap voye dosye nan lòt distri lekòl elèv la prale.

**NOTIFIKASYON DWA MOUN:**

**DEKLARASYON SOU KEKSYON SAN DISKRIMINASYON**

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la nan Florid entèdi nan kèlkeswa pwogram li, sèvis, aktivite l'ap òganize oswa travay li bay tout fòm diskriminasyon ak pèsekisyon ki chita sou baz ras, koulè, sèks, relijyon, peyi moun soti, sitiyasyon marital, laj, sanzabri oswa enfimite, oubyen nwizans ki chita sou lòt baz lalwa entèdi.

**Pou w fè yon plent, tanpri kontakte**:

Ofisyèl nan sèvis zafè Egal Ego ak Respè Prensip
1915 South Floral Avenue
P. O. Box 391
Bartow, FL 33830
863-534-0513 or 51334
Fax: 863-534-0737

**AMANDMAN PWOTEKSYON DWA ELÈV (PPRA)**

**Pwoteksyon amandman Dwa Elèv (PPRA)** bay paran kèk dwa konsènan ankèt etid n'ap mennen, koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon pou nou fè piblisite ak yon seri egzamen fizik. Bagay sa a yo gen ladan yo:

- ***Konsantman*** anvan yo mande elèv yo pou yo fè ankèt etid sou yo ki gen rapò ak youn oswa plis nan bagay ki pwoteje sa a yo ("Etid Enfòmasyon Pwoteje"), si etid la se yon pwogram nan Depatman Ledikasyon Lèzetazini ki finanse kèk pati ladann oswa tout

  1. Akwentans politik oswa kwayans elèv la oswa elèv majè a.
  2. Pwoblèm mantal elèv la oswa fanmi li.
  3. Konpòtman seksyèl li oswa atitid li.
  4. Konpòtman ilegal, anti-sosyal, denonse tèt li oswa konpòtman ki rabese li.
  5. Jijman kritik lòt moun li gen rapò kole ap fè.
  6. Rapò privilejye lalwa rekonèt tankou doktè, avoka oswa minis.
  7. Pratik relijye, afilyasyon oswa kwayans elèv oswa paran.
  8. Lajan l'ap fè, akote sa lalwa mande pou yo detèmine elijibilite li nan pwogram benefis yo.

- ***Resevwa avètisman ak opòtinite pou pa mete yon elèv nan –***

  1. Nenpòt lòt etid enfòmasyon pwoteje, kelkeswa jan l'ap finanse.
  2. Nenpòt egzamen fizik ki pa yon ijans, ki envasif oswa tès yo mande kòm kondisyon pou rantre, lekòl la oswa reprezantan ap fè, e pa nesesèman pou pwoteje sante imedya elèv la, sof si se pou egzamen zòrèy, zye oswa tès pou defòmasyon nan bò kote w (scoliosis).
  3. Aktivite ki konsènen koleksyon, devwale enfòmasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsonèl ou pran nan men elèv pou fè piblisite oswa pou vann oswa distribye bay lòt moun.

- ***Enspekte, lè yo fè demann e anvan yo bay oswa itilize l***
  1. Etid enfòmasyon ki pwoteje sou elèv.
  2. Materyèl yo itilize pou kolekte enfòmasyon sou elèv pou nenpòt nan piblisite sou mache a yo sot di la a yo, sou lavant oswa sou lòt objektif distribisyon.
  3. Materyèl aprantisaj itilize pou fè pwogram lekòl.

Paran pase dwa sa yo bay elèv ki gen 18 lane oswa yon moun endepandan ki poko majè dapre lwa Eta a.

**Paran ki kwè yo vyole dwa yo kapab pote plent nan:**

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, D.C. 20202-5901

**NOTIFIKASYON DWA:**

## AMANDMAN PWOTEKSYON DWA ELÈV (PPRA)

**Distri Lekòl Nan Depatman Polk la** fè **Etid Prevansyon nan Depatman Polk ak Etid sou Lajenès nan Florida chak ane**. Yo bay tout elèv depi klas 6èm ane jiska 12èm ane chans pou yo patisipe nan Etid Prevansyon nan Depatman Polk la. Se sou chans yo fè Etid sou Lajenès nan Florid sou yon ti ponyen elèv nan klas entèmedyè ak nan klas segondè Eta li menm li chwazi. Y'ap fè tou 2 sonday yo nan prentan ane lekòl sa a, ant Avril 2011 e Me 2011. Nan etid sa yo, yo poze elèv klas segondè yo keksyon konsènan enfòmasyon estatistik ak sou konpòtman tankou keksyon sou dwòg, alkòl, itilizasyon tabak epi sou vyolans nan lekòl. Etid sa yo enpòtan nan evalye bezwen Distri Lekòl nou an, kontwòl pwogram epi nan evalye rezilta pwogram prevansyon.

Yo pa bay non elèv ki patisipe nan 2 etid sa yo. Yo pa mande okenn enfòmasyon pèsonèl nan etid yo oswa nan etap etid yo. Ankèt sa yo volontè, elèv kapab chwazi pou yo pa patisipe. Yo pap mande elèv ki patisipe yo pou yo reponn tout keksyon yo – sèlman sa yo chwazi pou reponn yo.

Kòm paran, ou gen dwa pou w entèdi pitit ou patisipe nan youn ou tou 2 etid yo. Yo pap fòse ni ou ni pitit ou bay pou ki rezon li pa patisipe nan etid yo. Kontakte pèsonèl Lekòl San Danje e San Dwòg nan (863)291-5355 pa pi ta nan dat premye Avril 2011, si w ta renmen revize ankèt la oswa si w pa vle pitit ou patisipe.

## ANYÈ ENFOMASYON KONSÈNAN ELÈV

Anyè (Lis) Enfòmasyon se enfòmasyon sa yo sou elèv la (oswa elèv majè a): non, adrès, telefòn (si se yon nimewo ki nan lis), dat ak kote li fèt, ki branch l'ap etidye, partisipasyon li nan aktivite ak espò ofisyèl yo, pwa ak wotè manm nan ekip li ye, ki lè li prezan, diplòm ak prim li resevwa epi dènye ajans oswa enstitisyon lekòl li frekante.

Anyè Enfòmasyon kapab devwale bay moun, ajans oswa òganizasyon san konsantman preyalab, sof si paran oswa elèv majè te avèti Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la (SBPC) pa ekri pou di li yo pa vle yo devwale enfòmasyon yo. Anplis, gen de (2) lwa federal ki mande Direksyon Jeneral lekòl nan Depatman Polk nan Florid (PBSC) pou bay rekritè militè, lè yo mande, twa (3) kategori anyè enfòmasyon – non, adrès ak telefòn, sof si paran te avèti Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman polk nan Florid (PCSC) pou di li yo pa vle yo devwale enfòmasyon sou elèv yo san yo pat bay pèmisyon yo. ***Lekòl la dwe verifye nan dosye elèv la nan lekòl la si gen yon demann ekri pou pa bay okenn enfòmasyon nan Anyè Enfòmasyon an. Yo dwe itilize Fòm pou pa Asepte yo bay enfòmasyon nan Anyè Enfòmasyon an (Diplis A) pou bagay sa a.*** Fòm pou pa Asepte yo bay enfòmasyon nan Anyè Enfòmasyon an ak Lèt Avètisman Paran an (paj ix) dwe distribye bay paran yo chak ane nan Règleman Konduit Elèv yo. Avètisman ki di paran pa dakò pou devwale Enfòmasyon nan Anyè li dwe fè pati lo dosye elèv la e yo dwe pwente li nan dosye nan òdinatè kòm sa dwa.

***Si w pa vle yo devwale Enfòmasyon nan Anyè w, ou dwe ranpli Fòm pou pa Asepte yo Devwale Enfòmasyon nan Anyè (Diplis A) e pote l retounen nan lekòl la nan trant (30) jou.***

**LWA McKINNEY-VENTO POU EDE MOUN KI PA GEN KOTE POU YO RETE JWENN EDIKASYON**

Si yon elèv ap viv nan nenpòt nan sitiyasyon sa a yo:

- Se lòt moun ki ba li fè ladesant lakay yo paske li pèdi kay li oswa li gen pwoblèm ekonomik
- L'ap viv nan yon motèl oubyen yon otèl paske li pèdi kay li oswa li gen pwoblèm ekonomik
- Li rete nan yon pansyon; pou ka ijans oswa pou yon ti tan
- L'ap viv nan kay ki pa pwòp; san kouran, san dlo, ki vyole règleman sanitè, ki pa gen kote pou fè manje, etc.
- L'ap dòmi nan machin, sou teren, nan pak oswa sou plas piblik

  (Si elèv la ap viv ak paran li oubyen responsab legal li ou non)

Alò, elèv la kapab benefisye dwa oswa pwoteksyon pi ba yo anba banyè Lwa McKinney-Vento pou Edikasyon Moun ki pa Gen Kote pou yo Rete:

- Pou li ale lekòl kèlkeswa kote elèv la rete
- Pou enskri li nan yon lekòl imedyatman menm si elèv la pa gen yon adrès kote li rete, menm si li pa gen prèv kote li rete oswa si li pa gen lòt dokiman yo egzije yo.
- Pou li kontinye rete nan lekòl li te ye anvan li te vin pa gen kote pou l rete a, oswa pou li ale nan lekòl ki nan zòn kote li rete a.
- Pou li ale lekòl pandan nouvo lekòl la ap sanble ansyen dosye li te genyen.
- Pou li kontinye asiste kou yo pandan y'ap tande epi rezoud dispit yo, nan ka yon enskripsyon ki gen dispit.
- Pou li mande èd transpò pou lekòl li ye a.
- Pou li patisipe nan aktivite pwogram lekòl la ansanm ak lòt elèv ki yo menm gen yon demè kote y'ap viv.
- Pou li resevwa manje gratis.

POLK COUNTY SCHOOLS
HEARTH
PROJECT
*Warmth for homeless children*

Si w gen keksyon konsènan dwa edikasyon yo bay pi wo a yo,
tanpri kontakte pwgram HEARTH la nan:
863-534-0801
http://www.polk-fl.net/districtinfo/departments/schoolbased/specializedservices/hearth.htm

## ITILIZASYON AKSEPTAB TEKNOLOJI (MATERYÈL YO)

*Ou kapab ale sou entènèt la nan www.polk-fl.net Klike sou: Board Policy (Règleman Direksyon an) pou w gade tout regleman ki akseptab pou w itilize materyèl*

Distri Lekòl nan Depatman polk la bay aksè nan sipò rezo ak entènèt. Itilizasyon rezo ak entènèt la dwe fèt pou sipòte aktivite edikatif ak pwofesyonèl ki gen pou wè ak objektif e regleman lekòl Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la fikse. Moun k'ap itilize materyèl sa yo responsab pou yo itilize yo byen toutan. Sipèentandan an (Direktè Jeneral la) oswa Asistan li kapab egzaminen dosye itilizatè yo pou wè si y'ap vyole regleman distri a epi Règleman Konduit Elèv yo.Si moun pa obeyi regleman sa yo, y'ap pran sanksyon kont yo, aksyon legal e/oswa y'ap sispann aksè yo te ba yo nan resous sa yo.

Elèv yo gen privilèj pou yo itilize òdinatè lekòl la/distri a, ki gen ladan yo entènèt la, sof si paran yo te ekri nan fòm lekòl la te voye a pou yo te revoke privilèj sa a, oubyen si privilèj la te sispann paske elèv la te vyole Kòd Konduit Elèv yo. Aksè ak itilizasyon òdinatè lekòl la/distri a dwe sou direksyon manm ekip lekòl la k'ap kontwole si aktivite k'ap fèt yo se aktivite lekòl. Menm si gen anpil jèfò k'ap fèt atravè itilizasyon filtè entènèt pou yo pa kite elèv gen aksè nan materyèl imoral nan espas lekòl la, pa gen pwoteksyon ki garanti. **Elèv yo responsab pou yo evite aksè nan materyèl ki imoral e pou yo ale rapòte kalite ensidan sa a yo si yow è sa ap fèt.** Aksyon discipline yo ap genyen nenpòt nan konsekans ki nan Seksyon 7.09 Règleman Konduit Elèv yo apwopo Movèz Itilizasyon Òdinatè e Règleman Itilizasyon Akseptab Teknoloji.

Elèv yo dwe pran prekosyon pou pwoteje kont yo e yo pa dwe mete modpas yo an danje nan bay lòt moun sèvi avèk li oswa nan kite li sou zye pou tout moun wè l. Tout sa ki konsènen sekirite dwe rapòte bay manm ekip lekòl la imedyatman.

Men tout sa yo pa vle w fè, men se pa sa sèlman:

1. Vyole lwa federal, lwa Eta a ak prensip lokal yo konsènan:
   a) Materyèl Dwa Rezève (dwa otè a) e/oswa Non Komèsyal
   b) Materyèl ki gen menas, vye mo oswa bagay endesan/deregle
   c) Materyèl ki gen Akò Lisans
   d) Kopye sa lòt moun kreye
2. Kraze brize, ki se tante andomaje oswa detwi sipò rezo a, enfòmasyon yon lòt itilizatè, Entènèt la menm, oswa lòt rezo. Sa gen ladan kreye oswa mete viris nan Entènèt la oswa nan sit vwazen an;
3. Itilizasyon Entènèt oswa rezo a pou fè lajan oswa pou aktivite ilegal;
4. Itilizasyon aksè rezo yon lòt moun san otorizasyon, tankou itilize non itilizatè ak modpas rezo yon lòt moun;
5. Itilize gwo kantite bann, ki ka rive detwi rezo a, tankou, men se pa sa sèlman:
   a) Fè Jwèt nan Rezo a/Entènèt la
   b) Gade epi tande videyo
   c) Telekonferans ki pa gen anyen pou wè ak edikasyon
   d) Fè kopi kantite materyè san ekip la pat ba w otorizasyon pou sa
6. Taye oswa tante jwenn aksè nan rezo a, tankou, men se pa sa sèlman:
   a) Brase rezo pou w jwenn adrès IP ak lòt enfòmasyon nan rezo a
   b) Antre nan rezo a san w pat gen otorizasyon pou sa
   c) Itilize sipò rezo a oswa lòt sipò nan entansyon pou w bloke transmisyon son, enfòmasyon, imaj, oswa nenpòt sa ki kapab transmèt nan rezo
   d) Rantre nan travay lòt moun, nan dosye/klasè yo e tante oswa pran aksè ladn yo pou w chanje, domaje oswa detwi enfòmasyon lòt itilizatè a
7. Pyeje servers yo (pwogram òdinatè a), firewalls yo (lojisyèl sekirite yo) oswa lòt lojisyèl k'ap filtre rezo a.

**Kominikasyon Elektwonik** gen ladan yo, men se pa sa sèlman: kourye elektwonik, blogs (jounal pèsonèl), podcasts, echanj lide, sit entènèt, konferans videyo, sal klas ki pa reyèl epi nenpòt lòt zouti kolaborasyon sou entènèt la.

Yo entèdi pou divilge enfòmasyon pèsonèl elèv yo, tankou men se pa sa sèlman: adrès kay yo, nimewo telefòn yo, nimewo sekirite sosyal yo, tout non manm fanmi yo oswa lòt enfòmasyon pèsonèl elèv la.

Itilizasyon san otorizasyon gen ladann men se pa sa sèlman:

1. Kreye e echanje kominikasyon ofansif, ki gen pèsekisyon, bagay deregle e menasan;
2. Kreye e echanje kominikasyon ki pa poli, abizif oswa langaj moun pa sipòte;
3. Echanj enfòmasyon privilejye, sekrè oswa enfòmasyon ki touchan andeyò òganizasyon an oswa andeyò gwoup privilejye a;
4. Kreye e fè echanj piblisite, voye lèt SPAM ak email bay moun san konsantman yo;
5. Kreye, sanble oswa pataje enfòmasyon nan vyolasyon lwa sou dwa rezè (dwa otè);
6. Li enfòmasyon nan kont yon lòt itilizatè oswa voye kominikasyon ladann, sof sit e gen aranjman ki te fèt;
7. Chanje oswa kopye enfòmasyon oswa atachman yon lòt itilizatè san otorizasyon li;
8. Itilize kominikasyon elektwonik nan fason ki vyole regleman Direksyon jeneral Lekòl la, Kòd Konduit Elèv yo oswa prensip distri lekòl la;
9. Aktivite ki lakòz blokaj rezo a oswa ki bloke lòt moun k'ap itilize rezo a;
10. Fè w pase pou lòt moun, enstitisyon oswa òganizasyon, oubyen fè movèz reprezantasyon afilyasyon w ak lòt moun, enstitisyon oubyen òganizasyon;
11. Fè opinyon pèsonèl ou pase pou opinyon Distri Lekòl Depatman Polk la.

Ou dwe fè ekip lekòl la konnen imedyatman konsènan itilizasyon illegal yo fè ak kont ou oswa nenpòt lòt bagay ki menase sekirite. Se ap responsablite itilizatè a si l'ap fè itilizasyon san otorizasyon ki mete sekirite rezo a an danje.

Bagay sa yo aplike pou tout sa ki nan sit entènèt distri a kote se Distri Lekòl nan Depatman polk la oswa moun ki otorize pou sa ap kontwole.

Sit entènèt yo pa gen dwa gen ladan yo ni yo pa dwe bay koneksyon pou:

1. Materyèl ki gen posiblite pou ofanse moun;
2. Biznis komèsyal moun posede ki pa afilye ak distri a e/oswa ak lekòl la, oswa ki pa bay okenn sipò pou lekòl la
3. Dosye konfidansyèl elèv yo ki pa pwoteje;
4. Enfòmasyon ki endike ki kote egzat ekip lekòl la oswa elèv yo ye nan yon lè presi diran jounen lekòl la
5. Plan oswa imaj ki detaye chema etablisman lekòl la;
6. Yo entèdi pou moun afiche sou entènèt wout bis lekòl la yo ap pase.

Yo entèdi pou moun afiche enfòmasyon elèv yo sou yon sit entènèt piblik, tankou men se pa sa sèlman: adrès kay yo, nimewo telefòn yo, nimewo sekirite sosyal yo, tout non manm fanmi yo oswa lòt enfòmasyon pèsonèl elèv la.

1. Elèv klas primè kapab gen non ak premye inisyal yo afiche. Elèv klas entèmedyè ak klas segondè yo kapab gen non yo ak siyati yo afiche;
2. Yo kapab mete imaj/videyo elèv yo sou entènèt la, sof si paran yo/responsab yo te soumèt Fòm ki di yo Pa Dakò pou Afiche Foto/Videyo pitit li.

Fòm pou di ou **Pa Dakò yo Afiche Foto/Videyo** pitit ou sou entènèt la ap sèvi jiskaske paran/responsab elèv la ekri pou l chanje pèmisyon li te bay la.

# Dwa ak Responsablite

# Pati I

**OBJEKTIF KÒD KONDUIT ELÈV LA (SEKSYON 1.01):** Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk nan Florid, kòm Direksyon k'ap mennen Distri Lekòl ak lekòl leta nan Depatman Polk la, egziste nan bi pou l satisfè bezwen edikatif sitwayen nan kanton Polk la, pou lajenès ak moun majè. Regleman Konduit la te fèt pou l enfòme elèv ak paran sou konpòtman aseptab ak sanksyon disciplinè ki gen pou chanje konduit ki pa aseptab.

Sa distri a vize se bati anviwonnman efikas kote yo ankouraje konpòtman pozitif yon fason pou yo rive reyalize siksè akademik. Chak lekòl dwe mete anplas yon system administrasyon konpòtman nan tout lekòl la ki chita sou estrateji fè premye pa, edikatif ak aktivasyon. Plan sa a dwe pataje ak paran yo, elèv e pèsonèl lekòl la.

Pwofesè yo dwe gen yon sistèm kontwòl konpòtman aktif anndan sal klas yo. Se pou yo montre, anseye e revize règ/sa y'ap espere nan men elèv yo. Se pou pwofesè yo enfòme, kominike règ/esperans sa yo ak paran yo e elèv klas yo.

A. **Administrasyon Lekòl ki gen Siksè**: Yon objektif enpòtan administrasyon lekòl ki gen siksè se kreyasyon yon anviwonnman ki gen sekirite e ki pa gen twoub, kote elèv la ap benefisye yon edikasyon san patipri. Konduit elèv ki aseptab se kle nan kreyasyon ak mentni anviwonnman sa a. Yon pati kle nan tout pwogrè aprantisaj se fè jefò pozitif nan yon anviwonman ki gen sekirite e ki gen lòd pou korije erè konduit elèv epi erè akademik.

B. **Disiplin Elèv**: Disiplin elèv, lè yo byen bay li, li ranfòse demach akademik nan yon mannyè pozitif. Disiplin elèv dwe bay yon fason k'ap anseye aptitid sosyal akseptab e mete nan elèv la yon respè dirab pou otorite.

   1. **Demach Obligatwa:** Disiplin elèv yo byen bay ka montre prensip demach obligatwa ki pratik e reyèl, ki se wòch kwen yon sosyete ki gen lòd k'ap gouvène nan lalwa olye nan kapris lèzòm.

   2. **Demach**: Pou mete konsèp sa yo, Direksyon Jeneral la bay demach nan tout manyèl sa a, kote yo dwe suiv tout sa ki ladann, nan tout sa ki gen pou wè ak elèv ki ta debouche nan sispansyon, ekspilsyon, oswa voye elèv la nan yon plas espesyal oubyen nan yon pwogram dirije pou yon moun patikilye.

C. **Sante, Sekirite ak Byennèt**: Direksyon Jeneral la gen responsablite pou li mete sante, sekirite ak byennèt pou tout elèv ak anplwaye.

   1. **Anbyans Aprantisaj la:** Direksyon Jeneral la, ak kolaborasyon elèv ak paran, gen responsablite pou li mete yon anbyans agreyab pou aprantisaj administratè ak pwofesè konpetan ap bay, moun ki byen dispoze, konpreyansif e san patipri.

   2. **Responsablite Kriminèl lè w Twouble Enstitisyon Lekòl la:** Dapre Seksyon 877.13, Lwa nan Florid, li ilegal pou nenpòt moun twouble oswa bloke administrasyon oswa fonksyonnman yon enstitisyon lekòl, Direksyon Jeneral la oswa aktivite k'ap fèt nan pwopyete Direksyon Jeneral la.

D. **Kontwòl Konpòtman Elèv yo:**

   1. **Direksyon Jeneral:** Direksyon Jeneral la otorize pran règ ak prensip pou kontwole e discipline elèv yo, e li dwe deside ki ka ki dwe gen ekspilsyon.

   2. ***Kòd Konduit Elèv:*** Manyèl *Kòd Konduit Elèv* yo trase dwa ak responsablite Direksyon Jeneral la ak elèv yo genyen konsènan konduit elèv pannan yo nan lekòl la oswa lè yo nan aktivite lekòl la ap fè, lè yo nan etablisman lekòl la oswa lè yo nan bis lekòl la, oswa lè yo nan yo nan arè bis. Manyèl la gen ladann tou demach disiplin ak apèl, epi sa ki ka rive si yon moun vyole regleman Kòd konduit la.

a. **Ekplikasyon e Distribisyon**: Yo bay esplikasyon espesyal sou Regleman Konduit Elèv yo, e yo distribye liv sa a bay tout elèv pou yo pote bay paran yo nan koumansman chak ane lekòl.

b. **Resepsyon**: Paran ak elèv gen responsablite pou yo chache konnen tout sa ki nan Regleman Konduit Elèv yo epi ranpli e pote tounen Fòm ki di ou Resevwa li a (Diplis B) ki nan dokiman sa a.

E. **Revizyon:** Sof revizyon administratif lalwa pèmèt, yon komite pou tout distri a revize Kòd Konduit Elèv yo chak de (2) zan.

1. **Rekòmandasyon:** Y'ap toujou akeyi rekòmandasyon pou amelyorasyon, men toutan li poko revize, se sa ki nan Kòd Konduit la k'ap gouvènen.

2. **Komite Revizyon:** Komite Revizyon pwochen Kòd Konduit la pral reyini diran lane lekòl 2011-2012 la.

F. **Sipèentandan:** Sipèentandan an gen otorite pou li revize e pote chanjman nan rekòmandasyon pou pran sanksyon yo:

1. **Lòd pou Rete:** Sipèentandan an ap gen otorite pou l bay yon lòd pou rete kote elèv la ap rete nan lekòl la ap tann konklizyon nan demach revizyon ka li a.

2. **Pwogram Edikasyon:** Sipèentandan an oswa moun li deziyen ap gen otorite administratif pou voye elèv la ale nan yon lekòl regilye, oswa voye yon elèv yo sispann nan lekòl la oswa yon elèv yo mete deyò nan Pwogram Edikasyon Altènatif.

3. **Ekspilsyon:** Sipèentandan an gen otorite pou li fè rekòmandasyon pou Direksyon Jeneral la mete yon elèv deyò. Lè Direksyon Jeneral la mete rekòmandasyon sa a ap tann, Sipèentandan an kapab pwolonje sispansyon direktè a te bay la pou plis pase dis (10) jou, si sispansyon sa a bout anvan pwochen reyinyon regilye oswa espesyal Direksyon Jeneral genyen an

G. **Direktè:** Direktè a oswa moun li deziyen kapab devlope regleman pou lekòl la e yo kapab pase responsablite sa a bay administratè lekòl yo, pèsonèl anseyan an, ajan oswa ofisyèl resous yo e/oswa kondiktè bis yo oubyen lòt akonpayatè pèsonèl la direktè a oswa moun li deziyen an jije ki byen plase pou sa.

1. **Byennèt Jeneral Kominote Lekòl la:** Otorite direktè a pou kontwole elèv yo e pou bay sanksyon ap fèt nan tout lokal lekòl la, nan transpò ak nan aktivite ki pa nan lekòl la, tankou espò Distri Lekòl nan Depatman Polk la mete soup ye. Otorite sa a pa dwe rete sèlman nan lokal lekòl la si zak elèv la poze a afekte lekòl la dirèkteman ak byennèt jeneral kominote lekòl la.

2. **Sanksyon:** Wè Pati III, Demach Disiplin ak Revizyon, Seksyon 3.01, Sanksyon.

H. **Pwofesè:** Yo bay chak pwofesè oswa lòt manm ekip lekòl la otorite sou banyè lwa nan Eta a pou yo fikse règ konduit nan klas yo e bay elèv ki vyole règ sa yo sanksyon, epi pou fè yo vin wetire elèv ki gen konduit vyolan, ki abizif, enkontwolab oswa k'ap twouble lòt.

## DWA AK RESPONSABLITE ELÈV: (SEKSYON 1.02)

Yon elèv ki enskri nan yon lekòl leta nan Depatman Polk la pa pèdi dwa li genyen. Pou yo kapab reyalize anpil pwogrè nan Lekòl nan Depatman Polk la, lalwa mande pou yo bay elèv yo dwa ak responsablite sa yo.

**PA GEN OKENN KOTE NAN REGLEMAN KONDUIT LA YO DI LEKÒL DWE ABANDONE OTORITE AK RESPONSABLITE LI GENYEN.**

### *Aksè nan Ledikasyon*

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Elèv gen dwa pou yo pa anpeche yo jwenn lekòl leta gratis, sof ka ki gen pou wè ak demach legal. Dwa sa a menm pou tout elèv kelkeswa laj li, elèv ki marye, sa ki ansent oswa sa ki gen pitit. | • Se responsablite elèv pou yo ale lekòl chak jou epi itilize avantaj lekòl la ba yo nan tout kapasite yo. |

### *Konnnen e Obsève Règ Konduit*

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Elèv ak paran gen dwa pou yo eksplike yo klèman sa ki nan Kòd Konduit la nan yon langay yo konprann.<br>• Elèv yo gen dwa pou yo konnen sa ki ka rive yo si konduit yo deregle. | • Elèv ak paran gen responsablite pou yo chache konnen sa ki nan Kòd Konduit la e pou yo respekte tout prensip lekòl la ak klas la.<br>• Elèv gen responsablite pou yo respekte prensip yo e yo dwe suiv yon liy konduit ki akseptab, yon fason pou pa jennen demach lekòl la. Si yo pa obeyi règ sa yo, y'ap pèdi privilèj yo te genyen e y'ap resevwa sanksyon jan sa di nan Kòd Konduit la. |

### *Respè pou moun ak Byen moun*

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Elèv gen dwa pou gen bagay pèsonèl yo, sof si direktè a ta gen bon rezon pou l sispèk bagay sa a pa bon pou lasante, oswa lalwa oubyen regleman lekòl la entèdi bagay sa a. | • Elèv gen responsablite pou yo rasire yo lalwa pa entèdi zafè pèsonèl yo posede epi bagay sa yo pa deranje demach edikasyon an.<br>• Elèv gen responsablite pou yo pa ni pran ni domaje bagay ki pou lòt elèv parèy yo, bagay ki pou pèsonèl la oswa pou lekòl la. |

### *Patisipasyon nan Aktivite ak nan Pwogram Lekòl la*

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Elèv gen dwa e menm opòtinite ak tout lòt elèv pou yo patisipe nan aktivite ak nan pwogram lekòl la. | • Elèv gen responsablite pou yo chwazi aktivite ak pwogram epi pou yo obeyi regleman ak prensip pwogram sa yo genyen. |

### *Sèvis Konseye*

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Elèv gen dwa pou yo jwenn konsèy kòrèk konsènan bagay pèsonèl yo epi bagay ki gade pwogram lekòl. | • Elèv gen responsablite pou yo pran randevou davans yon fason pou yo pa bloke responsablite akademik yo. |

*Dosye Elèv ak EnfòmasyonPèsonèl*

| Dwa: | Responsablite: |
| --- | --- |
| • Paran/responsab e elèv elijib (18 lane e ki nan yon enstitisyon pòs-segondè) gen dwa pou enspekte, revize e diskite enfòmasyon ki nan dosye yo ki gen pou wè avèk yo dirèkteman. Yo pa dwe anpeche yo paske yo pa peye sa yo mande a oswa paske yo dwe lajan sou liv yo te prete.<br>• Paran/responsab e elèv elijib gen dwa pou anpeche yo devwale enfòmasyon nan Anyè Enfòmasyon yo. Nan kèk ka, yon lekòl kapab devwale enfòmasyon sa yo, jan sa di nan Avètisman Dwa a*: Anyè Enfòmasyon Elèv*.<br>• Elèv gen dwa jwenn pwoteksyon nan men lalwa ki entèdi yo devwale Enfòmasyon ki Idantifyab Pèsonèlman bay moun ki pa otorize, san konsantman paran/responsab oswa elèv elijib la. | • Paran/responsab e elèv elijib gen responsablite pou yo bay lekòl la enfòmasyon itil pou yo ka pran desizyon akademik kòrèk. Paran/responsab e elèv elijib gen responsablite pou peye lekòl la sa yo dwe.<br>• Paran/responsab e elèv elijib gen rsponsablite pou devwale enfòmasyon bay moun oswa ajans sa yo k'ap travay san pran souf pou benefis elèv.<br>• Elèv ak paran gen responsablite pou yo bay lekòl la enfòmasyon ki kòrèk e kouran, tankou adrès yo resevwa lèt, enfòmasyon medikal, desizyon tribinal konsènan moun ki gen dwa gade timoun nan, chanjman nan non legal ak lòt dokiman ki gade devwale enfòmasyon sa a. Paran ki swete konsève dosye konferans oswa reyinyon yo gen ak pwofesè oswa ak administratè yo dwe avèti tout moun ki konsène yo sou konferans oswa reyinyon sa yo. |

*Anbyans Aprantisaj la*

| Dwa: | Responsablite: |
| --- | --- |
| • Elèv gen dwa pou yo jwenn yon anviwonnman lekòl sanitè, san danje e ki gen sekirite, ki pa gen pèsekisyon ak chache kont. | • Elèv gen responsablite pou yo konpòte yo yon mannyè pou yo pa nwi dwa lòt yo genyen pou yo aprann, e y'ap tann sa nan men yo. |

*Libète Lapawòl, Di sa w Santi ak Reyinyon*

| Dwa: | Responsablite: |
| --- | --- |
| • Elèv gen dwa pou yo reyini yon mannyè ki pa deranje moun.<br>• Elèv gen dwa pou libète lapawòl, pale oswa ekri. | • Elèv gen responsablite pou yo planifye, jwenn konsantman e fè reyinyon ki gen rapò akademik.<br>• Elèv gen responsablite pou yo eksprime yo e pibliye opinyon ak lide yo yon manyè pou yo pa ofanse, fè manti oswa fè difamasyon sou lòt moun, epi pou yo evite twouble bòn mach lekòl la. |

*Bi*

| Dwa: | Responsablite: |
| --- | --- |
| • Elèv gen dwa pou yo di yo ki kritè pwofesè yo itilize pou yo ba yo mwayèn, bagay ki nan regleman distri a, nan koumansman chak peryòd mwayèn.<br>• Elèv gen dwa pou yo ba yo yon mwayèn akademik ki reprezante travay yo te fè.<br>• Elèv gen dwa pou yo avèti yo lè yo pa travay byen lekòl la.<br>• Elèv gen dwa pou yo ba yo yon mwayèn pou | • Elèv gen responsablite pou mande pwofesè yo davans ki mwayèn yo bay pou yon eksplikasyon sou nenpòt kritè mwayèn oswa pratik yo kapab poze keksyon oswa ki bezwen eklèsisman.<br>• Elèv gen responsablite pou kenbe yon nivo rezonab pèfòmans akademik ki mache ak kapasite yo.<br>• Elèv gen responsablite pou yo fè tout efò yo |

| | |
|---|---|
| konduit e yon mwayèn pou efò yo fè nan chak klas, sa ki gen rapò ak konpòtman global e efò yo.<br>• Elèv gen dwa pou reyalize siksè akademik dapre pwòp dilijans ak talan pa yo, san lòt moun pa bloke yo. | pou amelyore travay akademik yo yon fwa yo resevwa oswa lè yo avèti yo travay yo pa satisfezan.<br>• Elèv gen responsablite pou yo kondui yo nan chak klas yon jan pou yo atenn nivo yo mande yo a.<br>• Elèv gen responsablite pou yo fè mwayèn dapre pèfòmans yo pannan y'ap fè atansyon pou lòt pa kopye sou yo. |

***Demach Obligatwa***

| Dwa: | Responsablite: |
|---|---|
| • Yon elèv gen dwa pou yo pa sispann li oswa pa mete l deyò kote yo wetire dwa pou li gen pou yon edikasyon gratis nan lekòl leta yo, san okenn demach obligatwa lalwa, jan sa garanti pou tout sitwayen Ameriken, nan Konstitisyon Lèzetazini an, nan Katòzyèm Amandman li. Kritè demach obligatwa garanti dwa tout elèv pou yo jwenn avètisman ki jis, yon demach ak yon revizyon ka ki jis. | • Elèv e/paran/responsab gen responsablite pou yo suiv nan lòd demach ki nan dokiman sa a nan respè. |

# Règ ak Prensip Jeneral

# Pati II
# (Dezyèm Pati)

**ABSANS (SEKSYON 2.01):** Wè chapit Prezans, Kite Klas/ Lekòl pou soti Deyò, Kritè Gradyasyon ak Travay Ratrapay.

A. **Rapò chak Jou:** Pwofesè yo dwe **kontwole prezans chak jou** nan Sistèm Prezans Otomatik Elèv la.

B. **Absans Eskize:** Yon absans Ekskize se yon absans paran ak lekòl la apwouve. Absans sa a yo se absans akseptab e yo bay eskiz pou yo:

1. **Maladi Pèsonèl:** Y'ap apwouve absans yon elèv si se malad li malad. Lè elèv la ap retounen lekòl la, paran li dwe siyen yon nòt ba li pou l pote lekòl la, osinon paran an ka rele nan telefòn si direktè a mande sa. Yo pèmèt yon elèv absan pou jiska dis (10) jou lekòl pou yon maladi ki long oswa k'ap repete nan yon peryòd 90 jou kalandriye lekòl. Apre lè sa a, y'ap mande pou elèv la vin ak yon papye doktè ki eksplike sa li te genyen an dapre lwa Eta a. Si lè elèv la retounen lekòl, pa gen okenn papye doktè ki bay nan twa (3) jou, y'ap mande pou yo refere elèv la bay enfimyè lekòl la [F. S. 1003.26].

2. **Maladi oswa lanmò youn nan manm nan fanmi an:** Yo dwe apwouve absans yon elèv lè se yon maladi grav oswa lanmò yon manm pwòch fanmi an. Manm pwòch fanmi se paran, frè, sè, granparan, matant, tonton, moun lalwa bay dwa pou kenbe timoun nan oswa lòt manm nan fanmi an, oswa moun ki rete nan kay la. Lè elèv la ap retounen lekòl la, paran an dwe siyen yon nòt pou ba li pote nan lekòl la pou di pou ki sa li pat vini lekòl.

3. **Konje pou zafè Relijyon:** Yo dwe apwouve absans elèv la lekòl nan klas k-12 pou yon jou ou plis, e yo dwe ba li pèmi pou li fè devwa li te rate yo si se zafè relijyon ki motive absans elèv la

   a. **Nòt davans:** Paran dwe ekri yon nòt voye bay direktè ya oubyen pwofesè a pa pi plis pase 5 jou davans avan absans la.

   b. **Lèt Eskiz:** Yo pap mande lèt eskiz pou yon absans lè elèv la retounen lekòl la, dapre sa ki di nan règ sa a.

4. **Pwomnad ki gen rapò ak Edikasyon:** Pwomnad sa yo dwe planifye davans epi se pou administrasyon lekòl la apwouve yo. Elèv la dwe prepare epi bay pwofesè a yon rapò ekri sou vwayaj sa a.

5. **Pwomnad Avèk Paran:** Pwomnad sa yo dwe prepare davans, epi se pou jwenn akò administrasyon lekòl la. Si pa gen preparasyon davans pou pwomnad sa yo, yo pap apwouve absans yo sof si se te yon ka dijans ki nesesite absans lan. Desizyon final la, se direktè a oswa reprezantan li k'ap pran li.

6. **Akivite Lekòl la Sipòte:** Yo dwe pèmèt absans yon elèv nan lekòl la si se pou l patisipe nan aktivite lekòl la ap sipòte tankou espò, bann, pwomnad gwoup, eksetera, si aktivite sa yo te planifye davans avèk aministrasyon lekòl la. Elèv sa yo dwe prezan nan aktivite yo nan lè ki te pwograme pou sa a

7. **Aksyon Jidisyè:**

   a. **Sitasyon/Konvokasyon pou Konparèt tribinal:** Yo dwe apwouve absans yon elèv nan lekòl la si li gen konvokasyon pou l parèt tribinal si yo bay direktè a yon kopi nan lèt konparisyon sa a.

   b. **Sant kote yo mete Jèn moun:** Y'ap apwouve absans yon elèv si se nan Sant kote yo mete Jèn Deregle y'ap mete li.

8. **Elèv ki gen Responsab yo nan Sèvis Militè**: Yon elèv paran li oswa responsab legal li se yon manm aktif sèvis militè an inifòm (jan sa detaye nan *Seksyon 1000.36, Atik V(E), F.S., Kontra ant Eta yo sou Opòtinite yo dwe bay Pitit Militè nan Edikasyon),epi yo te voye paran sa a atache nan sèvis militè*, oswa li pran konje nan sèvis li, oubyen li fèk soti kote yo te deplwaye li nan yon zòn oswa yon pòs konba, yo dwe eskize elèv sa a pou plis absans, ***selon jijman sipèentandan lekòl la***.

C. **Absans ki pa Ekskize:** Yon absans ki pa ekskize se yon absans ki pa ranpli kondisyon pou yo ekskize li jan yo di san an seksyon B a. Yo pa ka sispann elèv nan lekòl pou absans ki pa ekskize. Pou rezon demann vagabonday, yon elèv dwe prezan nan lekòl la pou plis pase 50% nan jou a pou yo konte li kòm prezan.

**DISIPLIN NAN LEKÒL (SEKSYON 2.02):** Yo pa dwe pini okenn elèv dapre sa ki di nan Kòd Konduit Elèv yo si li pa fè yon devwa lekòl la ba l fè. Elèv yo gen responsablite, e y'ap espere sa nen men yo, pou yo konpòte yo yon fason pou yo pa jennen dwa lòt moun genyen pou yo aprann.

**PWOGRAM EDIKASYON ALTÈNATIF POU DISIPLIN (SEKSYON 2.03): Pwogram Altènatif pou Disiplin nan** lekòl prepare pou bay elèv ki pa bay randman nan anviwonman lekòl nòmal sèvis edikasyon. Pwogram sa yo detaye la a gen pou l wè dirèkteman ak disiplin nan lekòl la, e li pa gen ladann diferant kalite posiblite Direksyon Jeneral Edikasyon

A. **Elèv Eksepsyonèl: Wè pati IV:** nan pwosedi disiplin Elèv ki Elijib pou IDEIA.

B. **Pa sasisfè jan elèv la fè devwa lekòl li:** Nenpòt elèv ki pa byen fè devwa Pwogram Edikasyon Altènatif pou Disiplin nan e ki te soti nan lekòl la dwe retounen nan pwogram li pat fini an lè li retounen nan Sistèm Lekòl Depatman polk la. Yo ka kite demach sa a tonbe si yon komite Direktè yo chwazi pou Sèvis Espesyalize, ta pran desizyon sa a.

**Kritè Prezans (SEKSYON 2.04):** Wè pati ki konsenen Absans, Kite Klas oswa Lekòl la pou Ale Deyò, Kritè pou gen Lisans Kondi, Kritè pou Gradyasyon e Travay Ratrapay.

A. **Prezans Obligatwa:** Tout timoun ki gen sis (6) lane apati premye Fevriye nan lane lekòl la, oswa ki gen plis pase 6 lane men ki poko genyen 16 lane, yo gen obligasyon pou yo ale lekòl chak jou regilyèman diran peryòd ane lekòl la, sof si lalwa ta ba yo dwa pou yo pa ale. Elèv ki gen ant 16 e 18 lane dwe ale lekòl regilyèman e yo ka fè nenpòt entèvansyon lalwa mande kont yo sof si paran oswa elèv la te ranpli fòm Deklarasyon Entansyon pou yo te fòmèlman tèmine lekòl la, epi patisipe nan yon Entèvyou pou Sòti.

B. **Vagabonday (Lekòl Bisonyè)** Se absans yon elèv ki gen laj obligatwa pou li ale lekòl san konsantman paran li, san paran li pa konnen. Yo kapab refere yon elèv ki nan kondisyon sa a nan "circuit court", kidonk tribinal endirèk, jan lalwa mande sa; men anvan yo rive la, paran ak elèv la gen posiblite pou yo fè yon chita tande ak pèsonèl lekòl la pou wè si yo kapab rezoud pwoblèm sa a. **Elèv ki mawon pou pa ale lekòl kapab pèdi privilèj kondui yo nan Florid: WÈ KRITÈ POU GEN LISANS KONDII: SEKSYON 2.10.**

C. Se paran an ki gen resposabilite pou yon timoun ki gen laj lekòl toujou prezan lekòl la, ak sipò direktè a e pwofesè yo. Men responsablite yo:

1. **Paran:** Responsablite paran an se rasire l pitit fi oswa pitit gason li an rive lekòl alè chak jou. Yo dwe rezoud ak pèsonèl lekòl la keksyon absans (absans motive oswa san avètisman) oubyen reta (motive ou san avètisman) nan yon delè 2 jou lekòl apre elèv la te absan an ( wè Seksyon 2.01 B ak C pou wè definisyon absans avèti e absans ki pa motive).

   Si se paran yon timoun ki gen laj pou ale lekòl ki ta responsab timoun sa a pa ale lekòl san okenn avètisman pou di pou ki sa, yo kapab rele paran sa a lajistis pou krim, jan lalwa mande sa.

2. **Administrasyon lekòl la:** Nenpòt elèv ki pa vin lekòl pandan plis pase 5 jou diran yon peryòd 9 semèn lekòl san li pa eskize absans li, y'ap voye elèv sa a jwenn yon Komite Prezans direktè a chwazi, ki va revize ka elèv sa a. Komite ki la pou siveye Prezans lan responsab pou prepare ak fè respekte regleman pou amelyore prezans lan. Yo ka ba yo fèy wout (Referans) pou al jwenn sèvis sosyal oswa mande entèvansyon **Biwo Avoka Eta**.

D. **Kontabilite:** Y'ap konsidere elèv la prezan sèlman si li prezan nan lekòl la oswa si yo nan yon lòt aktivite edikasyon lekòl la apwouve ki pa sou teren lekòl la, e k'ap òganize nan jou lekòl.

1. **Dosye:** Pwofesè nan tout lekòl leta yo gen pou yo verifye prezans elèv nan klas yo, epi anrejistre nan chak lekòl Sistèm Prezans Elèv la, jan Divizyon Lekòl Piblik Depatman Ledikasyon nan Florida a (1985) mande sa.

2. **Rapò:** Distri ak Administrasyon lekòl la dwe prepare epi bay tout rapò lalwa avèk Règleman Direksyon Jeneral la ta mande.

E. **Sètifika Lese Pase:** Yon elèv ki nan entèval laj pou ale lekòl ki gen yon sètifika lese pase valab li te resevwa nan men Sipèentandan an, dwe jwenn dispansasyon pou li pa vin lekòl la.

1. **Lè l'ap Fini:** Yon sètifika lese pase pap valab ankò nan fen lane lekòl yo te bay li a.

2. **Kondisyon:** Men ki elèv ki gen dwa jwenn sètifika sa a e kondisyon pou yo bay yo:

a. **Andikape:** Timoun ki nan laj obligatwa pou ale lekòl e ki se andikape fizik oswa mantal nan yon pwen kote yo ka rate nan prezans yo nan lekòl la, Sipèentandan an ka ba yo yon sètifika dispansasyon, dapre rekòmandasyon Ajan Sante nan Depatman an bay.

b. **Bezwen Lafanmi:** Biwo sipèentandan an, sou rekòmandasyon direktè lekòl la e si paran elèv la fè demann nan, kapab bay elèv ki gen katòz (14) lane e ki fini huityèm ane, yon sètifika lese pase ki ka sèvi li si li ta vle al travay.

c. **Tribinal pou Timoun:** Sipèentandan kap bay yon sètifika lese pase sou rekòmamdasyon jij ki nan tribinal pou timoun.

d. **Elèv/Paran:** Yon eIèv ki se yon paran tou kapab jwenn yon sètifika lese pase sipèentandan ba li si elèv paran sa a pa gen mwayen pou jwenn moun pou gade pitit li.

F. **Sitiyasyon ki pa abitye rive:** Adrnmistratè lekòl la dwe chache direksyon nan biwo Sipèentandan an nan sitiyasyon ki pa rive fasil ki gen rapò ak prezans nan lekòl la.

**AKTIVITE RANMASE LAJAN (SEKSYON 2.05):**

A. **Règleman nirnewo 6Gx53-8.004, Zèz Charitab/Ranmase Lajan:** Ale nan Règleman Direksyon Jeneral la tou nan nimewo 6gx53-8.004 Don Charitab/Ranmase lajan.

**ELÈV PRIMÈ NIVO K-5 (SEKSYON 2.05 SÈLMAN)**

B. **Frape Pòt Moun pou Mande:** Lekòl la pa gen pwogram pou elèv al frape pòt a pòt pou zèv charitab nan nivo klas primè. Nan okenn moman, yo pa pèmèt Elèv klas Primè patisipe nan aktivite zèv charitab pòt a pòt.

**ELÈV KLAS SEGONDÈ NIVO 6-12 (SEKSYON 2.05 SÈLMAN)**

B. **Patisipasyon volontè:** Patisipasyon elèv nan zèv charitab dwe fèt selon volonte klib ak òganizasyon nan lekòl segondè.

**KITE KLAS LA OSWA LEKÒL LA POU SÒTI DEYÒ (SEKSYON 2.06):** Refere w tou nan Absans, Prezans, Kat Enfòmasyon Dijans, Devwa Ratrapay.

A. **Kritè:** kondisyon pou bay yon pèmi pou sòti kite klas la se menm bagay ak pèmi yo bay pou absans.

B. **Kat ki gen Enfòmasyon ijans:** Pèsonèl lekòl dwe apiye l sou enfòmasyon ki nan kat dijans lan lè elev la ap enskri sof si yo ta bay lòt avètisman sou sa.

1. **Otorizasyon:** Yo pap kite okenn elèv kite lekòl la san otorizasyon kòrèk. Moun ki gran yo, moun ki marye oswa elèv ki responsab tèt yo ap sèlman bezwen pèmisyon direktè a pou yo kite etablisman lekòl la.

2. **Idantifikasyon:** Moun ki gen otorizasyon pou pran elèv nan lekòl la dwe al jwenn ak direksyon lekòl la. Nenpòt moun lekòl la pa rekonèt pèsonèlman dwe prezante ak yon foto idantifikasyon (lisans/pèmi kondui ki poko fini, kat Idantifikasyon Eta Florid, kat ki idantifye w kòm manm militè/lame peyi Etazini, paspò, eksetera).

C. **Moun Lalwa bay dwa gade Timoun nan:** Se pa djòb lekòl yo pou konnen moun lalwa bay dwa gade yon timoun.

1. **Dispit sou ki moun ki responsab yon timoun:** Si lekòl la okouran gen chire pit sou zafè kilès lalwa bay responsab yon timoun, men pa gen okenn papye desizyon jidisyè kòrèk ki vin jwenn responsab lekòl yo sou sa, se paran ki enskri timoun nan ki responsab pou li kontwole rantre ak soti timoun nan pandan lè lekòl yo.

2. **Chanjman tribinal fè sou ki moun k'ap gade timoun nan:** Se rekonsablite moun k'ap gade timoun nan pou founi yon kopi tribinal la sètifye ki ba li dwa pou li gade timoun nan, yon mannyè pou l kapab gen aksè rantre sòti nan lekòl la ak timoun nan, epi nenpòt chanjman kay kote w te rete dwe pote sou papye a.

3. **Vizite Elèv:** Direktè a dwe apwouve tout vizit paran vin fè pitit li nan etablisman lekòl la.

D. **Randevou Doktè/Dantis:** Fè tout sa ki posib pou randevou sa yo ta pran apre lekòl la lage. Si sa pa ta posib, se biwo direktè a ki pou bay pèmisyon.

E. **Otorite Lapolis:** Prensip ki gen rapò ak aksè yon manm lalwa otorize pou vin chache elèv la gen referans nan Dezyèm Pati, Seksyon 2.20, Mennen Ankèt nan lekòl.

**MALTRETE TIMOUN (SEKSYON 2.07):** Lè yo maltrete yon timoun oubyen lè se pèsonèl lekòl yo ki ta neglije timoun sa a, lalwa mande pou vin fè rapò prese nan "Florida Abuse Registry", Biwo kote yo anrejistre ka abi ki fèt sou timoun nan Florida, telefòn (1-800) 962-2873.

**KLIB AK ÒGANIZASYON (SEKSYON 2.08):** Lalwa entèdi tout sosyete sekrè ak òganizasyon ki gen lyen ak yo nan lekòl piblik Depatman Polk la nan Florid. Yo pa pèmèt okenn elèv fè pati klib oswa òganizasyon sa yo.

**VYOLANS SANTIMANTAL/ROMANTIK (SEKSYON 2.09):** Se règleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman polk la pou tout elèv li yo gen yon espas edikatif ki gen sekirite, ki pa gen vyolans santimantal ak abi. Distri a pap tolere vyolans santimantal ak abi sou kèlkeswa fòm li ye. Yo entèdi vyolans santimantal oswa abi nenpòt elèv ta lakoz nan etablisman lekòl la, pandan aktivite lekòl la ap fèt oswa pandan pwogram lekòl la ap òganize, oubyen pandan transpò pou aktivite lekòl la.

A. Definisyon

1. Vyolans santimantal se yon modèl abi emosyonèl, vèbal, seksyèl oswa fizik yon elèv ki nan/oswa ki te nan relasyon romantik ak yon lòt elèv ap fè pou l ka egzèse pouvwa ak kontwòl li sou lòt elèv la.
2. Abi se move tretman ki ka gen ladann ensil, presyon, sabotay sosyal, pèsekisyon seksyèl, menas e/oswa zak abi fizik oswa seksyèl. Konpayon/konpay k'ap abize lòt la ap itilize modèl konpòtman vyolan ak presyon sa yo pou l kapab gen pouvwa ak kontwòl lòt konpayon/konpay santimantal la.

B. Fè Rapò Vyolans oswa Abi Santimantal

Anplwaye lekòl yo dwe fè rapò tout ka vyolans ak abi santimantal bay Direktè a oswa Asistan li. Elèv yo dwe fè rapò tout ka vyolans ak abi santimantal bay Direktè a oswa Asistan li, e elèv la ka mande pou yo pa devwale non li. Elèv ki viktim yo dwe fè rapò ka vyolans ak abi santimantal la bay Direktè a oswa Asistan li tou swit apre sa te fin rive a. Anyen nan sa ki di la a pa wetire obligasyon yon moun genyen pou fè rapò si li gen bon jan sispisyon y'ap abize oswa neglije yon timoun.

**RÈGLEMAN SOU INIFÒM (SEKSYON 2.10):** Yo mande elèv yo pou yo mete rad ki kòrèk sou yo dapre chak ka e dapre nan ki klas y oye. Rad ak aparans ki pa kòrèk ap twouble pwogram lekòl la e direktè yo ap fè moun ki sou jiridiksyon pa yo respekte regleman sa a. Chak lekòl kapab bay plis regleman inifòm ki pi patikilye nan kad règleman inifòm tout distri a etabli. Direktè a dwe diskite sa ak Komite Konseye Lekòl la (SAC) e jwenn apwobasyon li pou l devlope e avèti paran ak elèv yo konsènan regleman inifòm patikilye lekòl la anvan finisman lane lekòl la. ***Se administratè lekòl yo ki gen otorite final pou deside si inifòm yo respekte regleman Distri a.***

A. **Seksyon 6.03. Konduit ki deranje e/ou Vyolasyon ki pa Grav:** Dapre Seksyon 6.03 ki nan Règleman sou inifòm nan, lè yon elèv vyole règleman an plizyè fwa, yo konsidere sa kòm yon konpòtman k'ap deranje prensip lekòl la. Men yo pa dwe mete vyolasyon prensip abiyman nan dosye disiplin elèv la pou semès apre vyolasyon an.

B. Tout sa yo mande sou zafè Inifòm:

1. **Chemiz ak kòsaj:** chemiz ak kòsay dwe tache nan tay, anndan jip oubyen andan pantalon. Eksepsyon kap fèt sèlman nan kèk ka individyèl baze sou jijman direktè lekòl la oubyen reprezantan li.

2. **Pantalon:** Pantalon ki gen pasan dwe mete ak sentiwon ki pase byen ladann. Pantalon an dwe boukle ak sentiwon nan tay elèv la, se pa anba senti a pou pantalon an ye.

   Seksyon 1 paragraf (d) souseksyon (2) ki nan seksyon s.1006.07, Lwa nan Florid mande chak direksyon jeneral lekòl nan distri a pou yo adopte yon regleman rad lekòl ki entèdi yon elèv, pandan li nan etablisman yon lekòl piblik diran orè regilye lekòl la, pou li pa mete rad k'ap montre slip/kalson/kilòt ki sou li, oswa k'ap montre pati nan kò li nan yon fason endesan oswa vilgè, oubyen yon fason k'ap twouble lòd nan lekòl la. Chak elèv responsab pou yo obeyi regleman rad lekòl la, pou yo respekse tèt yo ak lòt moun, epi pou yo konnen enpòtans mete rad kòrèk sou yo epi respekte tèt yo ak lòt moun genyen nan yon espas aprantisaj ki gen lòd. Nenpòt elèv ki vyole regleman rad lekòl pi wo a kapab resevwa sanksyon disciplinè sa yo:

   a. Pou premye ofans, y'ap bay elèv la yon avètisman vèbal, epi direktè lekòl la ap rele paran oswa responsab elèv la.
   b. Pou yon dezyèm ofans, elèv la pa elijib pou l patisipe nan aktivite k'ap fèt andeyò klas la pou yo peryòd ki pa depase 5 jou e direktè ap reyini ak paran oswa responsab elèv la.
   c. Pou yon twazyèm ofans oswa si sa ap repete, y'ap sispann elèv la nan aktivite anndan lekòl la dapre regleman s. 1003.01(5) pou yon peryòd ki pa depase 3 jou lekòl, elèv la pap elijib pou l patisipe nan aktivite k'ap fèt andeyò klas la pou yo peryòd ki pa depase 30 jou, epi direktè lekòl la ap rele paran oswa responsab elèv la, epi l'ap voye ba yo yon lèt konsènan sispansyon elèv la nan aktivite anndan lekòl la epi pou di li pa elijib pou l patisipe nan aktivite k'ap fèt andeyò klas yo.

3. **Jip ak Wòb:** Bwodi (maj) jip fi yo mete a oswa wòb yo pa dwe pi kout pase mwatye kuis yo, selon jan direktè a oswa reprezantan li jije pou sa fèt.

4. **Gwosè ki kòrèk:** Dapre jan direktè a oswa reprezantan li jije sa dwe fèt, elev yo dwe mete rad ki gen gwosè nòmal.

C. **Abiyman ki pa akseptab:** Yo pa pèmèt elèv yo mete rad ki fèt ak bijou (tankou pèse kò w pou mete zanno ak "grills"), bouton, koup cheve, tatwaj nan kò oswa rad kale k), oswa rad ki gen slogan ki kapab ofanse moun, atire moun, deranje moun, oubyen ki endesan tankou:

1. Rad ki asosye ak moun kap fè krim/k'ap vòlè;

2. Rad ki ankouraje itilizasyon tabak, dwòg, alkòlk oswa vyolans;

3. Abiyman ki asosye ak diskriminasyon sou baz lang, koulè, andikapé, kote moun fèt, si w marye ou non, ras, relijyon, si ou se yon fanm oubyen yon gason.

4. Rad ki ekspoze ko moun, oswa ki kite moun wè pi wo kuis ou tankou moun ka gade anba rad ou, minijip oswa ti wòb kout rad ki pase nan kou men ki kite do ak bra w deyò ("halters"), rad ki pa gen do, bout rad ki kouvri pati anwo men ki pa gen lòt rad pase sou li, rad sou fòm kod san blouz oswa chemiz sou li rad ki pran w sou lestomak, oswa chemiz ou blouz ki kole sou lestomak ou.

5. Rad ki pa nan bon teni oswa ki dechire.

6. Rad oswa bagay ou met sou ou ki te fèt pou w mete anndan tankou shòt boksè yo, estretch, kalson moun mete pou dòmi;

7. Rad oswa Soulye direktè oswa reprezantan li di se yon danjre pou sante elèv oswa sante lòt moun.

8. An jeneral nenpòt pantalon bagi ou bout kanson ki gen pati anndan.

D. **Bout pantalon (Shòt):** Tout elèv kapab mete bout pantalon ki gen bwodi oswa bodaj epi elèv fi yo kapab mete bout pantalon tou men ki pa dwe pi kout pase mwatye kuis yo, jan direktè a oswa reprezantan li jije li.

1. **Bout kanson ki pa akseptab:** Shòt atletik ki gen ladan yo shòt yo mete pou monte bekann (kolan), "jeans" chire oswa pantalon chire, shòt moun mete pou al kouri oswa shòt boksè, oswa shòt moun ka wè sa k'ap pase anndan yo, tout kalite abiyman sa yo, lekòl la pa pèmèt elèv mete yo epi kalite shòt boksè konn mete kote moun kapab wè anndan yo, yo pa pèmèt rad sa yo.

2. **Sant Pwofesyonèl:** Pou keksyon sekirite ak fòmasyon pou travay, yo pap pèmèt etidyan ki ap etidye nan yon sant pwofesyonèl mete shòt.

3. **Revokasyon Avantaj bout pantalon an si gen twòp Vyolasyon:** Si Biwo ki la kòm Konseye Lekòl la (SAC) ta wè gen twòp elèv ki vyole e abize prensip mete bout pantalon an, SAC ak direktè lekòl la kapab mande Direksyon Jeneral la pou revoke zafè mete bout kanson nan lekòl sa te rive a, e konsa yo pap pèmèt okenn elèv nan lekòl sa a mete shòt ankò pou vin lekòl pandan pwochen semès la. Nan ka sa a, Direksyon Jeneral la kapab elimine zafè bout pantalon pou vin lekòl nan lekòl sa te rive a diran tout semès k'ap vini yo, oswa diran tout ane k'ap vini an, oubyen retounen ak avantaj mete bout pantalon an si Direksyon Jeneral la jije sa kòrèk. Direktè a kapab retire zafè mete bout pantalon an pou tout elèv ki vyole règleman rad la (2) fwa nan yon semès (6 mwa).

## ELÈV KLAS K-8 (Seksyon 2.10, Pati E SÈLMAN)

A. **Dimansyon:** Regleman sa a dwe aplike pou tout elèv **soti nan Jaden Danfan pou rive nan 8èm ane**, sof pou elèv ki nan lekòl oswa sant sa a yo:

1. Fort Meade Middle-Senior High School.
2. Frostproof Middle-Senior High School.
3. Gause Academy.
4. Teen Parent Program.
5. Roosevelt Academy.

B. **Lekòl Magnet:** Règleman sou inifòm pou elèv lekòl "magnet" yo dwe vin anvan règleman sou mete inifòm yo di la a yo.

C. **Prensip ki pi senp pou Inifòm nan:** Nan tout lekòl kote prensip pote inifòm nan aplike, direktè a dwe bay komite SAC lekòl la posiblite pou devlope e pibliye règleman inifòm lekòl la k'ap genyen prensip senp ki pral di pi ba a yo konsènan kalite ak koulè rad yo.

1. **Rad Inifòm pou fi yo:** Rad inifòm pou fi nan klas **kindègadenn pou rive nan 8èm** ane dwe yon ble marin ki gen manch long oswa manch kout, oswa kòsaj kòl blan oswa chemiz polo ble fonse, jip nwa oubyen kaki, "jumper", pull-over (pou mete sou kòsaj la), oswa lòt abiyman ki sanble avèk yo. Jip la, shòt, bout pantalon yo, "jumper"yo dwe fabrik koton oswa koton epè (ki près), twal vlou kòlte.

2. **Rad Inifòm Pou Gason:** Rad inifòm pou gason nan klas **kindègadenn jiska 8èm** ane dwe chemiz ble marin manch long oswa bout manch, oswa chemiz kòl blan, tankou chemiz polo oubyen "oxford", yon fabrik koton ki epè, avèk yon pantalon long kapab ble fonse, nwa ou kaki, oubyen bout kanson. Pantalon yo, shòt yo kapab fabrik koton oswa koton epè oswa vlou.

3. **Lòt Posiblite sou Inifòm nan:** Mete sou prensip senp sou inifòm nan paragraf **a** avek **b** selon jan direktè a jije li, yon lekòl kapab itilize posiblite yo bay pi ba yo kòm règleman sou inifòm nan lekòl la:

   a. Yo kapab pèmèt yon lòt koulè anplis pou chemiz ak kòsay. Yo pa aksepte koulè ki gen rè (tras, bann) oswa ki dekore ak koulè. Yo aksepte yon ti logo (ensiy).

   b. Jip, shòt, bout pantalon ak "jumper" dwe gen koulè solid (Pantalon ble tradisyonèl koulè li akseptab) san okenn tras, bann ki pase ladann, san dekorasyon oubyen bwodri. Yo pèmèt yon tisi ekosè espesyal. Yo aksepte yon ti ensiy tou piti.

4. **Konsiderasyon:** Lè w chwazi posiblite sa yo, si w chwazi, direktè a ansanm ak ekip SAC la pral konsidere disponiblite, si yo ka peye inifòm nan, epi ki sa ki pratik nan chwa inifòm sa a.

5. **Mayo lekòl:** Mete sou chemiz ak kòsaj yo detaye nan ti paragraf a, b, ak c pi wo a, chak lekòl kapab mete nan règleman pou pote inifòm nan chwa pou pèmèt elèv la mayo ki fè piblisite pou lekòl la ( ki ka gen yon kòl ra olye kòl nòmal la).

D. **Lòt Vètman (lòt rad):** Règleman sou inifòm nan pa dwe anpeche elèv la mete manto, djakèt oswa lòt rad ki kòrèk lè sa nesesè akòz kondisyon tan an, oswa pou lòt rezon lejitim yo genyen. Chemiz manto (ki pa gen tèt, kapichon) ak manto solid ki gen koulè lekòl la, elèv ka mete yo sou koulè chemiz ak kòsaj nòmal lekòl la.

E. **Règleman sou abiyman nan tout Distri a:** Tout lòt aspè nan abiyman ak aparans elèv la ki pa konfòm ak sa ki di nan prensip sou inifòm ki sòt di la yo, se règleman ki pral detaye pi ba a yo nan seksyon sa a avèk nenpòt lòt prensip lekòl sou jan elèv yo dwe abiye yo ki pral gouvène yo.

F. **Konsiderasyon Finansyè**:

1. **Sitiyasyon Finasyè Difisil (pa gen lajan):** Yo pa dwe anpeche okenn elèv suiv kou nan lekòl oswa yo pa dwe ba li pinisyon si li pa mete rad ki nan prensip inifòm lekòl la si elèv sa a gen difikilte finansyè pou l achte inifòm.

2. A**sistans (èd):** Chak Direktè lekòl ak komité SAC yo dwe fè demach ak chèche mwayen pou yo bay asistans pou elèv ki pa kab konfòme yo ak règ prensip pote inifòm nan paske yo gen pwoblèm pou yo achte inifòm nan; e yo dwe devlope yon pwogram pou yo bay rad ak lajan, voye yo nan magazen ba pri, oswa inifòm ki te deja sèvi oswa lòt pwogram parèy ki kapab soulaje sitiyasyon finansyè yo.

G. **Nouvo Elèv:** Elèv ki fèk rantre nan Sistèm Lekòl nan Depatman polk la diran lane lekòl la dwe gen yon peryòd gras (yon ti tan) jiska yon mwa (1 mwa) pou yo konfòme yo ak règleman sou inifòm nan.

H. **Pwogram Edikasyon A1tènatif:** Yo dwe mande elèv ki nan klas kindègadenn jiska 8èm ane yo pou yo konfòme yo ak règleman inifòm lekòl yo te enskri a anvan yo mete yo nan pwogram Edikasyon Altènatif la.

I. **Eksepsyon:** Yo dwe pèmèt eksepsyon nan règleman lekòl la sou abiyman lè:

1. Yon elèv mete sou li inifòm ki fè rekonèt nan ki òganizasyon jenès li fè pati kòm eskout fi ou gason nan reyinyon regilye.

2. Lè elèv la mete bouton sou li oswa braslè nan bra li pou li kap eksprime dwa li 1ibète lapawòl konstitisyon Lèzetazini ak nan Eta Florid garanti, sof si bouton sa a, braslè sa a oswa lòt mak pèsonèl la ta gen rapò ak gang, manm gang oswa aktivite gang oubyen ki ta vyole prensip abiyman an.

3. Elèv la mete yon rad oswa yon inifòm espesyal nan ka lekòl la ap jwe oswa lòt aktivite lekòl la patwone selon jan direktè a pèmèt sa.

4. Inifòm elèv la mete pou li soumèt li ak regleman lekòl la ki vyole kwayans relijye sense elèv la.

J. **Vyolasyon Kòd Konduit, Seksyon 6.03:** Lè yon elèv vyole regleman Kòd Konduit plizyè fwa, yo dwe konsidere sa kòm yon move konpòtman k'ap twouble mach lekòl la dapre Pati VI, seksyon 6.03, Konpòtman deregle e/ou vyolasyon ki pa Grav.

**KONDISYON POU GEN PÈMI KONDI (SEKSYON 2.11):** Nenpòt elèv ki kalifye (ki gen 15, 16, oswa 17 ane), pou yo kapab jwenn yon pèmi kondui ki limite oswa regilye nan Florid, fòk yo gen prèv yo nan lekòl la epi se pou yo gen verifikasyon yo nan lekòl la, dapre kondisyon ki nan Seksyon 322.091 Lwa nan Florid, anvan yo aplike pou yon pèmi kondui nan Florid.

**LEKÒL SAN DWÒG (SEKSYON 2.12):** Direksyon Jeneral lekòl la responsab kenbe yon anviwonman kote elèv yo pa dwe sèvi ak dwòg ni aktivite ki gen dwòg ladan yo. Kominote a ap tann lekòl la egzèse responsablite sa a pou anpeche pwòblem dwòg la pran jarèt.

A. **Lawa nan Florid:** Itilizasyon, posesyon oswa distribisyon dwòg oswa alkòl ankachèt, se bagay ki ilegal e ki gen anpil danje ladann.
   1. **Elèv:** Lwa ki gen pou wè ak itilizasyon, posesyon ak distribisyon dwòg ak alkòl ankachèt nan etablisman lekòl la ak lòt kote kapab frape elèv k'ap fè sa yo, e elèv yo gen responsablite pou yo obeyi lwa sa yo.
   2. **Anplwaye ki derefize fè rapò sou vyolasyon lalwa:** Si yon anplwaye ta derefize fè rapò sou yon vyolasyon ki koni, Ii vyole lalwa nan Florid ak prensip Direksyon Jeneral la ki okipe zafè sa a, e yo konsidere sa kòm yon zak moun ki pa vle soumèt anba otorite e ki vonlontèman neglije responsablite li.

B. **Regleman:** Sa se regleman Direksyon Jeneral la eksprime konsènan itilizasyon, posesyon, distribisyon oswa zak aklè ki gen rapò ak sibstans ki sou kontwòl, sibstans ki sou kontwòl pou fo (kontrefason), bwason alkòl, oswa lakòl/gonm, jan lalwa defini sa, nenpòt moun ki se elèv nan Sistèm Lekòl Piblik nan Depatman Polk la ki angaje yo nan aktivite sa yo, y'ap pran sanksyon disiplinè rapidman kont li, jan sa defini nan Pati VII, Seksyon 7.10, sou Dwòg, e y'ap refere li bay Ajans lalwa mete pou sa.

C. **Rechèch**: Wè Pati II, Règleman Jeneral ak Prensip, Seksyon 2.27, sou Rechech.

**KAT ENFOMASYON DIJANS (SEKSYON 2.13):** Pèsonèl lekòl yo dwe apiye sou enfòmasyon ki nan kat ijans paran te ranpli pandan li tap enskri pitit li a, sof si yo ta bay lòt remak sou sa (Fè koudèy tou nan Seksyon 2.06, Mande pèmisyon pou soti nan klas la oswa nan lekòl la).

**ELÈV EKSEPSYONÈL (SEKSYON 2.14):** Pou sa ki konsènen Kòd Konduit Elèv yo sèlman, tout referans nan Elèv "Eksepsyonèl" pa dwe gen ladan yo elèv ki gen « talan patikilye », sof si yo mansyone non elèv ki gen talan patikilye a pou yon rezon espesyal.

**AKTIVITE EDIKATIF ANDEYÒ PWOGRAM REGILYE LEKOL la (SEKSYON 2.15):** Aktivite sa yo se aktivite ki pa fè pati nan kou regilye tankou reyinyon klib, evenman espò, preparasyon pou gradyasyon, jwe pyès teyat, fè pwomnad, aktivite bann ak defile, dans nan lekòl segondè ("proms"), eksetera.

**FO AKIZASYON (SEKSYON 2.16):** Direktè a oswa moun li deziyen kapab rekòmande mete deyò oswa voye nan yon lekòl altènatif nenpòt elèv ki chwazi pou l fè fo akizasyon ki mete an danje repitasyon pwofesyonèl, jwenn travay oswa sètifika pwofesyonèl yon pwofesè oswa yon lòt manm ekip lekòl la.

**PWOMNAD SEKSYON (2.17):** Fè koudèy nan Absans/Pwomnad lekòl ap fè epi Pwomnad ak paran, Aktivite ki pan Pwogram akademik lan, Manyèl sou pwomnad, Transpò ak Vwayaj.

**KRITÈ GRADYASYON (SEKSYON 2.18):**

A. **Kritè prezans nan Lekòl:** Elèv yo dwe suiv pou pi piti 120 è nan yon kou patikilye ki tonbe daplon ak kondisyon ki fikse pou gen yon Kredi 3.40 dapre "Southern Association of Colleges and Schools" (Asosyasyon kolèj ak lekòl nan zòn Sidès) anvan pou yo kalifye pou montre yo metrize kondisyon pèfòmans lan nan kou sa a.

B. **Kredi:** Jan Direktè a oswa Komite Revizyon Direktè a fikse li, yon elèv ki pa rive reyalize kredi 3.40 Asosyasyon Kolèj ak lekòl zòn sidès la mande a, y'ap mande li pou li pase yon tès nan finisman kou a (egzamen final) pou li ka jwenn kredi, si elèv la fè mwayèn 70 ou plis pou tout

**PESEKISYON/DISKRIMINASYON/CHACHE KONT (SEKSYON 2.19):** Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la, nan Florid, anpeche epi li klèman pran angajman pou l anpeche diskriminasyon, pèsekisyon oswa chache kont kont tout moun, tankou elèv yo sou baz sèks, ras, kote ou fèt, lang ou pale, koulè, si w marye ou non, si w gen kote pou w rete ou non, oswa sou ou enfim, oswa nenpòt lòt rezon lalwa pa dakò. Tout moun ki ap fè yon travay kèlkonk nan Direkayon Jeneral la gen dwa pou yo travay nan yon anviwonman ki pa gen diskriminasyon, pèsekisyon oswa chache kont.

Direksyon an pap tolere okenn nan anplwaye li yo oswa okenn nan elèv li yo, oswa moun ki volontè ki pa anolwaye nan Direksyon an k'ap travay sou kontwòl otorite Direksyon Jeneral la fè okenn diskriminasyon/pèsekisyon/chache kont sou moun. Se pa sèlman sekirite ak byennèt moun y'ap fè diskriminasyon kont li a ki menase, diskriminasyon, pèsekisyon ak chache kont menase tou sekirite ak byennèt chak moun ki gen yon enterè kèlkonk nan Direksyon Jeneral la. Pou rezon sa yo, Direksyon Jeneral la te adopte regleman sa a kòm angajman pou li mande epi asire li tout aktivite k'ap fèt nan Direksyon Jeneral la fèt san diskriminasyon, pèsekisyon oswa chache kont sou kèlkeswa moun nan.

Nenpòt prèv yo ta genyen ta gen moun ki ta vyole regleman sa yo, y'ap konsidere sa kòm vyolasyon grav e y'ap trete li kòm sa dwa. Yo mande tout administratè, manadjè ak sipèvizè pou yo rasire yo moun yo suiv epi respekte règleman sa yo.

A. **Definition: *Entimidasyon* (Chache Kont)** se yon konpòtman moun pa tolere, ofansif, menasan, k'ap endimide moun, ensiltan, ki lakoz malèz oswa imilyasyon, oubyen ki anpeche elèv travay lekòl, e kòm rezilta, moun ki viktim nan santi l pè, choke oswa menase. Konpòtman sa yo ap repete e pouvwa a gen fòs kote ant entimidatè ak moun ki viktim nan. Konpòtman chache kont lan kapab pran fòm agresyon fizik, agresyon vèbal, agresyon emosyonèl, agresyon seksyèl e/oswa entimidasyon sou entènèt.

B **Definisyon: *Diskriminasyon*** se yon konpòtman ki anpeche moun ki viktim nan jwenn travay, patisipe nan pwogram oswa aktivite lekòl la ap òganize, nan aktivite Direksyon Jeneral la ap òganize oswa sipòte, oubyen nan nenpòt aktivite Direkksyon Jeneral la ofri, sou baz ras, koulè, kote moun fèt, lang moun pale, si w gen kote pou w rete ou non, si w se fi oswa gason, si w enfim, si w marye ou non, laj ou, relijyon w, oswa sou nenpòt lòt baz lalwa pa dakò.

C. **Definisyon: *Pèsekisyon*** se yon fòm diskriminasyon. Se yon konpòtman yon moun oswa yon gwoup moun dirije kont yon moun oswa yon gwoup moun sou baz ras, koulè, kote moun fè, lang moun pale, si w gen kote pou w rete ou non, sèks yon moun, moun ki enfim, si w marye ou non, laj ou, relijyon w, oswa nenpòt lòt baz lalwa pa dakò, yon konpòtman ki pèsistan, ki ofanse viktim nan jiskaske l pa kapab fè travay li, li pa kapab patisipe nan pwogram nan lekòl la, ni nan aktivite lekòl la ap sipòte yo, oswa nan okenn lòt aktivite lekòl la oswa Distri lekòl la ap ofri, jan yo detaye sa pi ba a.

D. **Pèsekisyon Seksyèl**: Pèsekisyon seksyèl se avans seksyèl yon moun ap fè yon moun ki pa vle sa, ap mande moun nan fè bagay, epi lòt konduit deplase yon moun genyen ki kapab vèbal oswa ki pa vèbal, bagay yon moun ekri, desen, oswa jès moun nan ap fè ak kò li ki gen karaktè seksyèl lè:

1. Si moun nan dakò ak avans seksyèl sa a, aklè oswa anba chal, gen kondisyon pou li jwenn travay oswa pou li ale lekòl, oswa pou li jwenn djòb nan Direksyon Jeneral la, kidonk sa gen efè sou edikasyon li ak travay li.

2. Si moun nan dakò oswa li pa dakò ak pwopozisyon sa a, yo ka sèvi ak sa pou yo pran desizyon sou zafè travay oswa lekòl moun nan.

3. Kalite konduit konsa bloke randman yon anplwaye oswa yon elèv t'ap fè, oswa li kreye yon espas entimidasyon, menasan nan lekòl la oswa nan travay la.

4. Pèsekisyon/Diskriminasyon, jan yo detaye yo pi wo a, kapab gen ladan yo, men se pa sa sèlman, sa ki pral di la yo:

   a. Pèsekisyon oswa abi vèbal oswa ki pa vèbal, imaj epi bagay ki ekri.

   b. Presyon pou fè aktivite sèks ak moun.

   c. Plede fè moun remak sou sèks oswa eseye desann nivo moun nan

d. Plede touche moun nan san li pa dakò.

e. Fè moun nan menas aklè oswa anba chal sou zafè travay li si li pa dakò avans seksyèl la.

5. Se pèsekisyon/diskriminasyon seksyèl sa ye lè yon anplwaye Direksyon Jeneral la oswa yon moun ki volontè ap itilize otorite li genyen pou l mande yon anplwaye ki anba li oswa yon elèv favè seksyèl, tankou men se pa sa sèlman, lè anplwaye ki anba li a oswa elèv la pa dakò, enben sa kapab moun sa a ba li pwoblèm, oswa lè anplaye ki anba a (sibòdone a) oswa elèv la dakò, enben sa ka fè li jwenn favè patipri nan men agresè seksyèl sa a.

E. **Pèsekisyon rasyal:** Pèsekisyon rasyal se konpòtman vèbal, ki pa vèbal, imaj, bagay ki ekri oswa jès ak kò moun k'ap denigre oswa ki montre repiyans pou yon lòt moun dapre ras li, lè konduit sa a ap fèt pou kreye entimidasyon nan travay oswa nan lekòl la; oswa lè konduit sa ap bloke randman yon moun apo fè nan travay li oswa nan lekòl li oswa nan nenpòt aktivite lekòl. Pèsekisyon rasyal, jan yo detaye li pi wo a, li ka genyen men se pa sa sèlman, konduit yo site pi ba yo ki chita sou zafè ras:

1. Bay moun etikèt epi insilte moun.

2. Di moun vye bagay ki pa bon.

3. Menas, entimidasoyn, oswa agresyon.

4. Bagay ki ekri oswa desen ki montre agresyon oswa repiyans kont yon gwoup moun.

5. Se pèsekisyon rasyal lè yon anplwaye Direksyon Jeneral la, yon volontè ki pa anplwaye oswa yon elèv ap kreye oswa lakòz espas kote moun ap fonksyone a gen pwoblèm rasyal ladann, kidonk konpòtman pèsekitè ki di, ki degoutan epi ki pèsistan jiskaske l bloke kapasite anplwaye a oswa elèv la genyen pou li patisipe oswa jwenn avantaj nan sèvis, aktivite oswa privilèj

F. **Pèsekisyon kont Andikape:** Pèsekisyon kont Moun ki Enfim kapab fèt nan bouch, bagay ki ekri, imaj oswa jès moun ka fè ak kò yo, oswa nenpòt bagay ki gen rapò ak yon moun ki andikape ki pike, degoutan epi pèsistan jiskaske l bloke kapasite moun enfim nan genyen pou l patisipe oswa pou l jwenn benefis nan pwogram oswa nan aktivite Distri a ap ofri; pèsekisyon ki bloke san rezon randman oswa ki kreye yon anviwonman travay oswa lekòl ki gen entimidasyon, degoutans. Pèsekisyon kont moun ki andikape, jan yo eksplike li pi wo a, ka gen ladann men se pa sèlman konpòtman ki sanble ak yon moun ki andikape tankou:

1. Chare moun nan jan li pale.

2. Bloke ekipman andikape a.

3. Di andikape a bagay ki pa bon.

4. Vye zak menasan, entimidasyon oswa rayizans.

5. Itilize bagay ki ekri oswa ki gen imaj ki montre degoutans oswa rayizans pou yon moun oswa yon gwoup moun ki andikape.
6. Se pèsekisyon kont moun ki andikape lè yon anplwaye, yon volontè oswa yon elè Direksyon Jeneral la ap chache mele yon elèv oswa yon anplwaye ki enfim nan yon aktivite lasosyete rejte, yon aktivite ki danjre oswa ki kriminèl, kote elèv sa a oswa anplwaye sa a, paske l andikape, li pa menm kapab byen konprann kalite aktivite sa a pou li ta dakò rantre ladann.

G. **Etap yo ka Suiv:**

1. Nenpòt elèv ki deklare yon lòt elèv oswa yon anplwaye ta fè zak diskriminasyon/pèsekisyon/chache kont sou li, li kapab sèvi ak fòm pou pote plent distri a bay pou sa a, ki nan Règleman Direksyon Jeneral la oswa Manyèl sou Tretman Egal Ego a, oswa li kapab pote plent lan dirèkteman bay direktè lekòl la oswa profesè li.

2. Lè w fè yon plent oswa si w ta al rapòte yon ka pèsekisyon/diskriminasyon/chache kont, sa pap genyen okenn efè sou ou antan elèv, ni sou aktivite ki pa nan kou regilye w'ap patisipe, ni sou mwayèn w'ap gen pou w fè, oswa sou travay y'ap ba w fè.

3. Y'ap respekte dwa ou genyen pou yo kenbe enfòmasyon ou yo sekrè, ni pou moun ki pote plent lan ni pou moun yo pote plent kont li a, pannan Direksyon Jeneral la ap mennen ankèt jan lalwa mande pou li verifye si se vre gen moun ki te fè zak pèsekisyon/diskriminasyon kont ou, e pou yo ka pran sanksyon kòm sa dwa kont moun ki koupab la.

4. Nan chache pou jwenn si te gen vye konduit pèsekisyon/diskriminasyonchache kont ki te rive fèt vre, Direksyon an ap Mennen ankèt sou tout sa ki te pase a, kalite konpòtman ki te genyen epi nan ki sikonstans bagay sa a te rive fèt. Direktè a oswa moun li deziyen pou sa a gen pou devwa pou yo Mennen ankèt sou sou tout plent ki depose kont pèsekisyon/diskriminasyon/chache kont, epi fè rapò bay Sipèentandan an oswa moun li deziyen pou sa, epi yo dwe chache èd Sipèentandan an oswa moun li deziyen an pou kapab jwenn solisyon nan ka ki konplike yo.

5. Si yo gen prèv te genyen elèv ki te mele nan zak pèsekisyon/ diskriminasyon/ chache kont, y'ap pran sanksyon kont elèv sa a, tankou men se pa sa sèlman, sispann elèv la pou yon ti tan oswa mete li deyò nan lekòl la, jan règleman mande Sipèentandan an oswa moun li deziyen pou sa a pou fè sa. Gen mwayen yo bay nan Pati III nan Demach nan Keksyon Disiplin ak pou fè Apèl, epi nan Pati IV nan Disiplin pou Elèv ki Elijib pou IDEIA.

**ANKÈT NAN LEKÒL LA (SEKSYON 2.20):**

***Kriminèl*** – Si pannan lapolis ap fè envestigasyon nan lekòl la, li ta sispèk yon elèv poze yon zak kriminèl, administratè a pral fè jefò pou l kontakte paran elèv sa a anvan lapolis vin poze elèv la keksyon. Si yo pa kapab jwenn ki kote paran elèv la ye, otorite lalwa yo ap oblije poze elèv la keksyon. Si yo kontakte biwo ki la pou fè moun soumèt anba lalwa a, li ka pèmèt paran an pou li prezan lè y'ap poze elèv la keksyon.

***Nivo Administratif*** - Si yo sispèk yon elèv vyole Kòd Konduit lekòl la, otorite lekòl yo gen dwa poze elèv la keksyon san yo pa kontakte paran li anvan. Le y'ap poze yon elèv keksyon, li pa gen dwa vini ak paran li ni ak avoka li.

***Viktim ou Temwen*-** Si yon elèv se viktim oswa te wè yon zak, otorite lalwa yo oswa anketè administratif yo gen dwa poze l keksyon san yo pa kontakte paran li. Si envestigasyon an gen zafè fè timoun abi ladan l, otorite k'ap Mennen ankèt la ap deside ki moun ki pou prezan nan moman y'ap poze keksyon yo.

Lè premye entèvyou ak elèv la se nan lekòl la l'ap fèt, Depatman ki la pou Timoun ak Lafanmi yo (DCF) oswa lapolis kapab pèmèt yon manm ekip lekòl la elèv la rekonèt pou l prezan si: (a) prezans manm ekip lekòl la kapab ede entèvyou a pote fwi, **e** (b) si elèv la mande sa oswa konsanti pou sa fèt.

***REMAK: Yo pa dwe met paran okouran lè kalite otorite legal sa yo ap mennen ankèt sou akizasyon fè timoun abi oswa lè paran oswa moun ki responsab fè neglijans ak timoun.***

***Deplase Elèv la Nan Etablisman Lekòl La*** – Si y'ap poze yon elèv keksyon sou sa li te temwen, lalwa pa gen dwa deplase li nan etablisman lekòl la san yon manda oswa san yo pa gen konsantman paran elèv la dabò.

Si y'a **arete li**, avèk oswa san otorizasyon paran li, ofisyèl lapolis la oswa ajan lòd la pa kapab wetire li san li pa kontakte paran li oswa san responsab lekòl la pa dakò. Administratè a pral eseye kontakte paran an anvan yo wetire elèv la oswa tout suit posib apre yo fin wetire li.

Si y'ap mete yon elèv nan **gadavou**, ajans ki pou fè respekte lalwa kapab wetire li. Nenpòt ki lè yon ofisyèl lapolis ap deplase yon elèv nan lekòl la, ofisyèl la dwe siyen yon Fòm ki rele "Release to Law Enforcement" (Fòm pou Remèt bay Lalwa).

***Yo dwe anrejistre tout apèl ki gen rapò ak avètisman. Lè yo pa ka jwen paran an, administratè lekòl la pral rele nan tout nimewo telefòn ki nan kat enfòmasyon dijans elèv la nan efò pou wè si y'a mete paran an okouran.***

***REMAK: Yo dwe idantifye kòrèkteman tout Ajan Lòd yo anvan yo kite yo abòde elèv la oswa avan yo ba yo aksè nan dosye elèv la.***

**DEVWA RATRAPAJ (SEKSYON 2.21):**

- Devwa ratrapaj yo dwe aktivite enstriksyon kòrèk ki mache ak *Plan Pwogrè Elèv la.*
- Elèv yo dwe fè tout devwa ratrapaj yo te manke paske yo te avèti absans yo jan sa di nan seksyon 2.01.

- Elèv ak paran gen responsablite pou yo mande pwofesè a devwa ratrapaj nan premye rankont klas la lè yo retounen lekòl la.
- Devwa yo rate diran premye twa (3) jou absans ki pat avèti pandan yon semès dwe fèt. Li gen ladann absans elèv la kote se lekòl la ki te sispann li. **Yo pap bay elèv la dwa li genyen pou l fè devwa ratrapaj nan katriyèm absans ki pat avèti e tout lòt jou elèv la te absan san avètisman nan semès la.**
- Elèv la pap gen pi piti pase kantite jou lit e absan yo, plis 2 pou l fini e remèt devwa li pou l ka jwenn kredi. Pa egzanp, si elèv la te absan pou 2 jou, y'ap ba li 4 jou lè l retounen lekòl la pou bay devwa yo pou l ka gen kredi pou yo. Pwofesè a ka bay elèv la plis tan pou l fè ratrapaj la e remèt devwa a pou yo ka konte l.
- Elèv klas segondè dwe prezan pou pi piti 67 1/2 è dapre kritè bay kredi yo pou yo kalifye nan prim kredi a pou yon mwatye kredi. Si yo pa fè sa, yo kapab pèdi kredi a kèlkeswa mwayèn yo fè.

Wè Seksyon 2.04 pou keksyon konsènan neglijans.

**MEDIKAMAN (SEKSYON 2.22):** Yo pa pèmèt okenn elèv gen okenn medikaman nan men li pandan li nan lekòl la.

A. **Definisyon:** Medikaman (sa ou ka jwenn nan nan boutik san preskripsyon oswa avèk preskripsyon doktè) itilize pou tretman yon pwoblèm fizik avèk/oswa maladi, ki gen ladann men se pa sa sèlman tout kalite grenn, tablèt, kapsil, pastiy, likid, krèm, eksetera, medikaman k'ap antre anndan kò ou oswa sa w'ap pase sou po w.

B. **Kondisyon Yo:** Yon granmoun dwe pote tout medikaman elèv la ap pran bay pèsonèl lekòl la ki va bay elèv la medikaman sa yo. Medikaman yo dwe nan flakon orijinal avèk etikèt famasyen an prepare (preskripsyon), oswa moun ki fabrike medikaman an (pa gen preskripsyon) k'ap akonpanye Fòm Otorizasyon pou bay Medikaman. Se doktè a/pratikan nivo mwayen an ak paran/moun ki responsab elèv la ki dwe siyen fòm sa a.

C. **Lekòl pa dwe yon kote ki gen dwòg:** Elèv yo jwenn ki gen medikaman nan men yo pandan yo nan lekòl la kapab vyole Pati VII, Seksyon 7.10, medikaman. Si yon elèv vini nan lekòl la ak medikaman epi li pran yon dòz depase nan entansyon pou li touye tèt li, y'ap refere elèv sa a bay sèvis medikal ak sèvis ki okipe zafè maladi nan tèt ki disponib nan kominote a olye yo trete ka li tankou moun ki vyole Kòd Konduit Elèv yo.

D. **Eksepsyon:** Elèv ki asmatik yo oubyen k'ap pran Epi-pens/Ana-kits kapab pote pomp yo nan lekòl la si doktè a ekri medikaman an sou Fòm ki otorize pou bay medikaman an. Yo ka pran lòt demann ankò sou baz ka pa ka. Yo pa konsidere "Lip balm", "sunscreen", ak "saline" pou kontak kòm medikaman, e elèv la kapab pote bagay sa yo nan lekòl la san Fòm ki otorize pou bay medikaman an.

**LÒD POU PA GEN KONTAK (SEKSYON 2.23):** Yon jij tribinal endirèk kapab refize kontak lotè kòz la avèk viktim nan, oswa avèk frè/sè viktim nan, si yo nan menm lekòl oswa si yo pran menm bis lekòl. Si jij la bay yon Lòd pou pa gen kontak y'ap bay lotè kòz la chwa pou l'ale nan yon lòt lekòl (se paran an k'ap peye transpò), oswa li gen chwa pou l'ale nan yon pwogram Edikasyon Altènatif. Si kontak viktim nan/ frè l ak sè l nan bis la, transpò elèv ki lakòz la ap fèt sou depans paran li.

**PARAN (SEKSYON 2.24):** Pou rezon ki konsènen Kòd Konduit Elèv yo, "paran " dwe vle di yon paran oswa plis pase yon paran, oubyen youn ou plis pase yon moun ki responsab yon elèv ki enskri nan lekòl Depatman Polk la.

**RETOUNEN LEKÒL LA (SEKSYON 2.25):** Nenpòt elèv yo mete nan yon etablisman pou jèn, nan yon prizon depatman an, nan yon abitasyon kote y'ap ede yo pran konsyans, oswa nan yon pwogram pou sibstans y'ap itilize twòp, elèv sa a kapab retounen ankò nan lekòl nan Depatman Polk la sèlman apre apwobasyon ofisye ki fin tande ka a.

**KALANDRIYE ESKOLÈ POU ELÈV (SEKSYON 2.26):** Tout lekòl dwe travay pou yon peryòd omwen nèf (9) mwa chak ane, san katreven (180) jou klas. Yo mete Kalandriye Lekòl Tradisyonèl nan Depatman Polk la pou lane lekòl 2010-2011 lan nan ***Gid pou Paran yo*** *kòm referans y'ap gen bezwen.*

**ANPLWAYE LEKÒL LA/PÈSONÈL/EKIP LA (SEKSYON 2.27):** Pou rezon ki gade Kòd Konduit la, "anplwaye lekòl" yo, "pèsonèl lekòl" la, oswa "manm ekip lekòl" la dwe sa vre, e yo gen ladan yo administratè lekòl la, pwofesè yo, èd pwofesè yo, ofisyèl resous lekòl la, sekretè, chofè bis ak moun ki akonpaye yo, moun k'ap travay nan kafeterya, gadyen

yo, volontè nan lekòl la yo oswa granmoun k'ap veye sou elèv yo lè y'ap jwe, ak nenpòt lòt moun ki gen otorizasyon sipèvize oswa kontwole elèv yo.

**RECHÈCH/FOUY (SEKSYON 2.28):**Yo kapab fè fouy nan tiwa, machin, valiz oswa lòt zafè pèsonèl yon elèv si gen bon jan rezon ki fè kwè bafay sa yo ta gen dwòg, zam, bagay kontrebann oswa nenpòt lòt bagay yo pa pèmèt moun vin nan etablisman lekòl la avèk yo. Gen chen yo antrene pou pèmèt antre nan lekòl la pou detekte dwòg ak zam. Lalwa pa konsidere tchèk chen yo ap fè a kòm fouy. Se prekosyon sekirite yo ye jis pou pèmèt tout moun fonksyone nan yon milye ki gen sekirite e danje kote moun ap aprann. Yo entèdi pèsonèl lekòl la fouye elèv. Pa gen anyen nan lwa sa a pou yo pran pou anpeche yon ofisyèl lapolis fè travay li.

**ELÈV (SEKSYON 2.29):** Dapre Règleman Konduit Elèv yo, mo "elèv" la vle di yon elèv oswa moun ki lekòl soti nan klas Preskolè pou rive nan lekòl moun majè ki enskri nan Lekòl Piblik nan Depatman Polk.

**TRANSPÒ ELÈV (SEKSYON 2.30):**

A. **Règ ak Prensip ki Gouvènen Konpòtman Elèv kap pran Bis Lekòl yo:** Yon elèv ki vyole regleman transpò Direksyon Jeneral la bay pou aplike yo, ladan yo genyen Pati VI, Vyolasyon Kòd Konduit, Seksyon 6.06, Règ sou Sekirite nan bis la avèk pati VII, Vyolasyon grav Kòd konduit la, Seksyon 7.27, Move konduit grav nan yon bis lekòl, epi konpòtman k'ap twouble moun nan yon bis lekòl, oswa nan yon arè bis, yo ka sispann tout **privilèj** ak avantaj elèv sa a te genyen pou l te ale lekòl nan bis la, sispann li nan aktivite anndan lekòl la, nan aktivite deyò lekòl la, mete li deyò lekòl la, oswa nenpòt lòt aksyon disiplinè direktè lekòl la rekomande ki jwenn api Direksyon Jeneral, e yo kapab fè rapò a tou bay lapolis, k'ap gen pou pran aksyon kriminèl kont elèv sa a.

B. **Machin (ak moto) ki pou Direksyon Jeneral la oswa ki ap fè sèvis li:** Lè Direksyon Jeneral la bay lòt transpò ki pa menm ak bis lekòl yo, machin sa a pa dwe gen plis pase huit (8) plas pou moun chita ladann. Moun ki fabrike machin nan mete sistèm pwoteksyon ladann pou moun itilize, sof si yon moun gen yon pwoblèm nan kò li ki pa pèmèt itilize sistèm sa a.

C. **Machin prive:** Kòm moun Direksyon Jeneral la deziyen, direktè a kapab apwouve transpò elèv nan machin prive sou yon baz ka pa ka, selon sa ki di nan Règleman Transpò pou Elèv la, nan 6Gx53-7.001, TRANSPÒ ELÈV.

**VYOLASYON REPETE – Lòt Vyolasyon (SEKSYON 2.31):** Gade Pati III, Demach Disiplin ak Apèl, Seksyon 3.05, Vyolasyon Repete.

**RETA (SEKSYON 2.32):** Yon reta se lè yon elèv pa prezan **lè klas la koumanse**. Reta ki eskize ak reta ki pa eskize ap defini menm jan ak absans ki eskize ak absans ki pa eskize. Yo pa dwe mete sispann elèv la pou reta ki pa eskize.

A. Pou demann absans pou elèv klas primè yo, 3 reta ki pa motive e/oswa vin chèche elèv la lekòl la anvan lè san eskiz ap konsidere kòm yon absans san eskiz.

B. Pou elèv nan klas segondè, **reta ki pa eskize** apt rte jan sa din an Seksyon 6.09 la.

**VWAYAJ (SEKSYON 2.33):**

A. **Lè se Lekòl la k'ap Sipòte l:** Vwayaj lekòl la sipòte se vwayaj oswa pwomnad ofisyèl lekòl la te apwouve kòm sa dwa dapre regleman Direksyon Jeneral Lekòl la, e ki gen vale edikatif ak amizman pou elèv yo.

B. **Lè se Sektè Prive k'ap Sipòte:** Vwayaj sektè prive ap sipòte se vwayaj oswa aktivite ofisyèl lekòl yo pat apwouve e ki pa dwe konsidere kòm aktivite ki gen rapò ak lekòl.

# DISIPLIN
# AK
# ETAP POU FÈ APÈL

# PATI III

| SANKSYON – SEKSYON 3.01 | |
|---|---|
| Yon elèv yo akize nan fè dezòd oubyen ki vyole Kòd Konduit la, moun ki konnen elèv la te fotif la ap gen pou l prezante elèv sa a devan direktè a oubyen moun ki reprezante Direktè a. | A. **Referans Ekri:** Yo dwe prezante vyolasyon sou fòm ekri e yo dwe presi, tankou fòk yo detaye ensidan yo te wè, tande oswa eksperyans yo te fè a, kidonk sa moun nan te viktim nan.<br><br>B. **Mete Elèv la okouran:** Direktè oswa reprezantan li pral fè elèv la konnen li vyole Kòd Konduit la e yo ba li okazyon pou l vin eksplike konpòtman li a.<br><br>C. **Premye Konferans:** Nan chak nivo disiplin, direkte a oswa reprezantan li ap fè yon premye reyinyon.<br>1. **Sa yo akize elèv la ak Prèv:** Direktè a oubyen reprezantan li dwe reyini ak elèv la, eksplike l sa yo akize li a ak tout prèv yo, epi bay elèv la chans pou li bay vèsyon pa li nan sa ki te pase a anvan yo pran okenn aksyon disiplinè.<br>2. **Prezans Paran an:** Pral gen yon jefò bòn fwa direktè a oswa reprezantan li pou gen èd paran elèv la oswa lòt mezi altènatif anvan yo sispann elèv la, sof nan ka ijans oswa kondisyon kote elèv la ap twouble mach lekòl la ki ta mande sispansyon rapid, oswa nan ka yon vyolasyon grav kòd konduit la, jan sa defini nan Pati VII la, Vyolasyon Grav Kòd Konduit la.<br><br>D. **Avèti Paran:**<br>1. **Nan telefòn:** Direktè a oswa reprezantan li dwe fè yon efò bon fwa pou l rele paran an nan telefòn pou l mete li kouran movèz konduit pitit li epi ki mezi disiplinè, kidonk ki pinisyon yo pran kont elèv la.<br>2. **Voye yon lèt bay Paran an:** Kit yo te pale nan telefòn ak paran an, kit yo pat pale nan telefòn, direktè a oswa reprezantan li, nan vennkatrè (24 è) ki lè y'ap pran mezi disiplinè kont elèv la, ap ekri paran elèv la pou li detaye ki kalite sanksyon ki pran kont li e pou ki rezon. Pou nivo 1 ak nivo 3, se elèv la y'ap bay lèt la pote bay paran li; men pou nivo kat (4) jiska nivo huit (8), se lapòs Lèzetazini k'ap pote lèt la nan bwat lèt paran elèv la. |

## DISIPLIN MACH PA MACH – SEKSYON 3.02

Lè y'ap pran sanksyon kont elèv, direktè a oswa reprezantan li dwe konsidere laj elèv la, konpòtman li te gen anvan, chans ki genyen li refè menm bagay la ankò, entansyon elèv la, atitid li, èske vyolasyon an grav, epi lè sa posib, yo dwe enpoze sanksyon mach pa mach.
Tout estrateji koreksyon administratè nan zòn lekòl la itilize pa dwe depaman ak regleman ak prensip Direksyon Jeneral Lekòl la. Se nan règleman ak prensip sa a yo filozofi nou chita, ki se trete moun avèk jistis epi gen konsiderasyon pou aksyon ki nan meyè enterè elèv yo. Disiplin pwogresif mande pou yo itilize nivo disiplin yo pazapa, koumanse nan nivo 1 pou ale pezape nan lòt nivo yo, sof si ensidan an te grav e li ta mande pou pase nan yon nivo ki pi wo nan sanksyon an.

Yo dwe itilize nan tout ka disiplin mach pa mach ki itilize estrateji koreksyon kote yo konsidere laj elèv la, ka eksepsyonèl, konpòtman li te gen anvan, posiblite pou vyolasyon an repete ankò, entansyon li, atitid li akgravite ofans lan.

Tout estrateji administratè lekòl la itilize dwe respekte prensip ak regleman Direksyon Jeneral Lekòl la. Filozofi jistis ak konsiderasyon aksyon ki nan meyè enterè elèv la fè pati règ sa yo.

Objektif distri a se bati yon anviwonnman kote yo ankouraje konpòtman pozitif plis pase konpòtman pwoblèm yon fason pou kapab gen siksè akademik. Chak lekòl dwe mete anplas yon sistèm kontwòl konpòtman nan tout lekòl la nèt ki chita sou estrateji pwoaktif (prêt pou kolabore), edikatif ak aktivasyon. Yo dwe pataje plan sa a avèk paran yo, elèv yo e pèsonèl lekòl la.

Pwofesè yo dwe toujou gen yon sistèm kontwòl konpòtman pwoaktif anndan sal klas yo. Se pou yo montre, anseye e revize règ/sa yo espere jwenn kòm konpòtman. Pwofesè yo dwe enfòme/kominike ak paran yo e elèv yo règ sa yo/esperans konpòtman kid we gen nan klas la.

A. **Nivo 1 rive nan 6:** Direktè a oubyen reprezantan li gen otorite pou l pran sanksyon disiplinè kòmanse nan nivo 1 pou rive nan nivo 6.

B. **Nivo 7 ak 8:** Direktè oswa reprezantan li kapab rekòmande nivo disiplin sa yo pou vyolasyon direktè a oswa reprezantan li jije ki grav ki deranje mach lekòl la:

1. **Nivo 7. Pwogram Disiplin pou edikasyon altènatif:** Sipèentandan an oswa reprezantan li va gen pou yo apwouve rekòmandasyon pou mete elèv la nan yon pwogram disiplin Edikasyon Altènatif. Nenpòt elèv ki vyole Kòd Konduit la pandan yo nan pwogram Disiplin Edikasyon altènatif la kapab genyen plis sanksyon pase sa ki di nan Pati VI lan, Vyolsyon Kòd konduit la, epi nan Pati VII, Vyolasyon Grav Kòd Konduit la k'ap gen ladann mete elèv la deyò tou.
2. **Nivo 8. Expilsyon (Mete deyò):** Sipèentandan an ap gen pou l apwouve yon rekòmandasyon Distri Lekòl nan Kanton polk la voye pou yo mete yon elèv deyò nan lekòl la. Le Sipèentandan an bay akò li, l'ap gen pou l voye rekòmandasyon an bay Direksyon Jeneral Edikasyon an ki pral gen pou l bay denye siyati li pou mete elèv la deyò.

A. **Refere bay Otorite Lalwa:** Direktè a gen reskonsabilite pou l fè Biwo ki responsab lalwa nan zòn nan konnen imediatman lè yon elèv ki sou jiridiksyon li vyole lalwa. Direktè a dwe fè direktè disiplin Sevis espesyalize yo konnnen si yo rele lapolis pou vin nan lakou lekòl la, epi tou li dwe fè efò pou l mete paran elèv la okouran, epi ekri remak li te mete paran an okouran.

| NIVO DISIPLIN -– ELÈV KLAS PRIMÈ K-5 (Pati A-G) – SEKSYON 3.03 |
|---|

A. **Nivo 1 – Prezans Paran:** Pwofesè a dwe pale ak elèv la e ak paran li pou wè si y'a rezoud pwoblèm disiplin nan.

B. **Nivo 2 – Entèvansyon Direksyon oswa Biwo an:** Direktè a oubyen moun li deziyen an kapab antre nan koze disiplin nan si tout efò pwofesè a nan klas la e ak paran an pa rive rezoud pwoblèm move konduit la.

C. **Nivo 3 – Kenbe Elèv la sou Pinisyon oubyen mete l nan yon Pwogram Detaye:** Kenbe elèv la sou pinisyon (detansyon) se yon fòm disiplin kote yo plase elèv la nan yon sant edikasyon kontwole anvan, pandan e apre lekòl lage. Detansyon nan klas la ap fèt selon jan pwofesè a jije sa. Travay detaye se yon fòm disiplin ki chita sou yon pwogram travay manyèl (w'ap fè ak men) e ki mande konsantman paran an. Si paran an pa dakò pitit fi li a oswa pitit gason li an patisipe nan pwogram detaye travay sa a oswa si elèv la pa vle patiipe nan pwogram sa a, direktè a ka enpoze lot metòd disiplin ki gen ladan yo sispann elèv la pou l pa vin lekòl la.

D. **Nivo 4 – Sispansyon nan aktivite anndan Lekòl:** Sispansyon nan aktivite nan lekòl se yon fòm disiplin kote yo wetire elèv la nan aktivite regilye k'ap fèt nan lekòl la pou yon ti moman epi yo mete li nan yon pwogram edikasyon altènatif nan lekòl kote li ye a, epi yo anpeche l patisipe nan aktivite k'ap fèt nan lekòl la. Pwogram sa a kapab gen detay travay manyèl elèv la ap fè. Se pa tout Lekòl nan Depatman Polk la ki bay pwogram sa a.

E. **Nivo 5 - Sispansion nan Aktivite Andeyò Lekòl la – Pou yon ti tan:** Sispansyon nan aktivite deyò lekòl la – pou yon ti tan, se yon fòm disiplin kote pou yon ti bout tan, elèv la pa gen dwa patisipe nan okenn aktivite k'ap fèt sou teren lekòl piblik yo ak nan okenn lòt aktivite lekòl la patwone, ni li pap gen dwa pran okenn bis lekòl la diran yon peryòd ki pa depase twa (3) jou.
   1. **Avètisman pou Sispansyon:** Direktè a oswa reprezantan li pral detèmine prèv sa ki rive a, e si sa mande sispansyon, li pral fè yon efò bòn volonte pou l kontakte paran an nan telefòn
      a. **Kondisyon:** Si yo pa ka jwenn paran an nan telefòn, yo pap voye elèv la retounen lakay li pandan jou lekòl la.
      b. **Voye nòt bay paran an:** Direktè a oubyen reprezantan li dwe ranpli Avètisman yo Sispann elèv la nan aktivite deyò lekòl la ak nan sèvis bis lekòl la, epi bay elèv la yon kopi pou li pote bay paran li, epi voye yon kopi nan lapòs pou paran an nan vennkatrè (24 è) desizyon sispansyon an te pran an.

F. **Nivo 6 - Sispansyon deyò lekòl oubyen nan Otobis – Pou yon tan pi Long:** Lè yo sispann yon elèv nan aktivite k'ap òganize deyò lekòl la pou yon bon bout tan, se yon fòm disiplin kote yo retire elèv la nan tout kou k'ap ba sou teren lekòl la ak nan tout lòt aktivite lekòl la ap sipòte, oswa nan bis lekòl la, pou yon peryòd ki pa ale pi lwen pase 10 jou. Direktè a oswa reprezan tan li dwe suiv sa ki di nan nivo 5 pi wo a.

G. **Nivo 7 –Pwogram Disiplinè Edikasyon Altènatif nan nivo Segondè (Klas Jaden Danfan rive nan klas 5èm Ane):** Pwogram Edikasyon Altènatif se yon fòm disiplin kote yo voye e transfere elèv la nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif yo fè pou korije elèv ki vyole Kòd Konduit la. Yo kapab voye elèv klas K–5 sèlman nan yon pwogram edikasyon altènatif pou yon ofans ki merite yo ekspilse yo nan lekòl la, jan sa di nan Kòd Konduit Elèv yo. Yo **kapab** voye elèv la nan pwogram sa a pou kantite tan ekspilsyon an ap dire a. Elèv yo voye nan Pwogram Edikasyon Altènatif yo pap kapab patisipe nan aktivite siplemantè (espò) nan okenn lekòl ni nan aktivite Distri lekòl la ap sipòte (sof aktivite siplemantè k'ap fèt nan espas kote yo voye elèv la nan Pwogram Edikasyon Altènatif la).

| NIVO DISIPLIN – ELÈV KLAS SEGONDÈ 6-12 (Pati A-G) – SEKSYON 3.03 |
|---|

A. **Nivo 1 – Prezans (èd) Paran:** Pwofesè a oswa moun li deziyen dwe reyini ak elèv la ansanm ak paran li pout ante rezoud pwoblèm disiplin nan.

B. **Nivo 2 – Kenbe Elèv la sou Pinisyon:** Kenbe elèv la sou pinisyon (detansyon) se yon fòm disiplin kote yo plase elèv la nan yon sant edikasyon kontwole anvan, pandan e apre lekòl lage. Detansyon ki fèt nan yon sal klas dwe fèt selon jan pwofesè a deside.

C. **Nivo 3 –** Pwogram Detaye Travay: Se yon fòm disiplin ki gen yon pwogram travay manyèl e li mande konsantman paran. Si paran an pa vle pitit li patisipe nan pwogram detaye travay la oswa si elèv la pa vle patisipe, direktè a

kapab enpoze yon lòt meted disiplin ki gen ladann yon sispansyon deyò Lekol la.

D. **Nivo 4 – Sispansyon nan aktivite anndan Lekòl:** Sispansyon nan aktivite nan lekòl se yon fòm disiplin kote yo wetire elèv la nan aktivite regilye k'ap fèt nan lekòl la pou yon ti moman epi yo mete li nan yoon pwogram edikasyon altènatif nan lekòl kote li ye a, epi yo anpeche li patisipe nan aktivite k'ap fèt nan lekòl la. Pwogram sa a kapab genyen travay manyèl detaye. Se pa tout Lekòl nan Depatman Polk la yo ki bay pwogram sa a.

E. **Nivo 5 - Sispansion nan Aktivite Andeyò Lekòl la – Pou yon ti tan:** Sispansyon nan aktivite deyò lekòl la – pou yon ti tan, se yon fòm disiplin kote pou yon ti bout tan, elèv la pa gen dwa patisipe nan okenn aktivite k'ap fèt sou teren lekòl piblik yo ak nan okenn lòt aktivite lekòl la patwone, ni li pap gen dwa pran okenn bis lekòl la diran yon peryòd ki pa depase twa jou.

1. **Avètisman pou Sispansyon:** Direktè a oswa reprezantan li pral detèmine prèv sa ki rive a, e si sa mande sispansyon, li pral fè yon efò bòn volonte pou l kontakte paran an nan telefòn

a. **Kondisyon:** Si yo pa ka jwenn paran an nan telefòn, yo pap voye elèv la retounen lakay li pandan jou lekòl la.

b. **Voye nòt bay paran an:** Direktè a oubyen reprezantan li dwe ranpli Remak yo sispann elèv la nan aktivite deyò lekòl la ak an sèvis bis lekòl la, epi bay elèv la yon kopi pou li pote bay paran li, epi voye yon kopi nan lapòs pou paran an nan vennkatrè (24 è) desizyon sispansyon an te pran an.

F. **Nivo 6 - Sispansyon deyò lekòl oubyen nan Otobis – Pou yon bon bout tan:** Lè yo sispann yon elèv nan aktivite k'ap òganize deyò lekòl la pou yon bon bout tan, se yon fòm disiplin kote yo wetire elèv la nan tout aktivite k'ap fèt sou teren lekòl la ak nan tout lòt aktivite lekòl la ap sipòte, oswa nan bis lekòl la, pou yon peryòd ki pa ale pi lwen pase 10 jou. Direktè a oswa reprezantan li dwe suiv sa ki di nan nivo 5 pi wo a.

G. **Nivo 7 –Pwogram Disiplinè Edikasyon Altènatif nan nivo Segondè (Klas Sizyèm ane rive nan klas Douzyèm ane):** Pwogram disiplinè edikasyon Altènatif Segondè a yo se yon fòm disiplin yo etabli pou pou trete ka elèv ki vyole Kòd Konduit la. Elèv yo voye nan pwogram sa a pap gen dwa patisipe nan aktivite espòtif nenpòt lekòl oswa distri lekòl la ap sipòte (sof nan aktivite espòtif k'ap fèt sou teren lekòl kote yo mete li nan pwogram disiplinè Edikasyon Altènatif le)

1. **Sispansyon nan aktivite deyò lekòl la:** Lè yo voye yon elèv nan Pwogram disiplinè edikasyon Altènatif, yo dwe wetire li nan lekòl la dabò
2. **Dire pwogram nan:** Pwogram Edikasyon Altènatif nan nivo Segondè a dwe dire pou pi piti yon semès. Si yo voye yon elèv nan pwogram disiplin Edikasyon Altènatif nan nivo Segondè anvan finisman peryòd nèf premye semèn mwayèn yo pou nenpòt semès, elèv sa a ap kapab retounen nan lekòl regilye li nan finisman semès yo te voye li nan pwogram nan.
3. **Kondisyon pou yo wetire li:** Administratè zòn nan pral revize prezans elèv la, patisipasyon li ak pwogrè li fè pannan li nan pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif la pou li wè si elèv la ranpli kondisyon pou yo relache li. Sipèentandan an kapab wetire yon elèv nan Pwogram Disiplin EdikasyonAltènatif Segondè a anvan dat yo te bay pou li fè a. Wetire bonè a dwe fèt sou rekòmandasyon komite Revizyon Administratif la.

## NIVO DISIPLIN – TOUT ELÈV (Pati H SÈLMAN) – SEKSYON 3.03

H. **Nivo 8 – Ekspilsyon (Mete Elèv la deyò):** Ekspilsyon se yon fòm disiplin kote yo retire elèv la nan tout aktivite lekòl la ap fè sou teren pilik yo ak tout lot aktivite lekòl la ap sipòte, oswa nan bis lekòl yo pannan semès la oswa ane lekòl la, avèk yon lòt semès oswa yon lòt ane lekòl.

1. **Avèti Paran:** Lè yo fin revize epi/oswa mennen ankèt sou yon ensidan kote yo te mete yon elèv deyò lakòl la oswa nan bis lekòl la, direktè oswa reprezantan li ap ranpli epi siyen fòm Avètisman Sispansyon ak Rekòmandasyon pou mete deyò a, epi bay elèv la yon kopi pou l pote bay paran li, epi voye yon kopi nan lapòs pou paran an nan vennkatrè (24 è) desizyon sa te pran an.
2. **Konsantman Sipèrintandan an:** Direktè a oswa reprezantan li dwe voye yon kopi avètisman Sispansyon ak Rekòmandasyon pou ekspilsyon an bay Sipèentandan lekòl yo; Avoka Direksyon Jeneral la; epi Direktè ki pi wo Sèvis Espesyalize yo pou revize e apwouve nan vennkat (24) jou vyolasyon an te fèt la, oswa pi vit posib.

3. **Rapò Mezi Altènatif Yo te pran deja:** Se pou kopi Avètisman Sispansyon ak Rekòmandasyon pou mete elèv la deyò a dwe gen ladann oswa mache avèk yon detay ekri rapò direkte oswa reprezantan li sou mezi altènatif yo pran anvan rekòmandasyon pou sispansyon an.
4. R**ezon Pou yo pwolonje Sispansyon an:** Yon sèl jan pou Sipèentandan an ta pwolonje sispansyon an jis nan dat pwochen reyinyon regilye yo abitye fè a oswa reyinyon espesyal Direksyon Jeneral la, se si mezi Direksyon Jeneral la pran a sou rekòmandasyon ekspilsyon an ap tann e 10 jou peryòd sispansyon an ta fini anvan pwochen reyinyon regilye oswa reyinyon espesyal la.
5. **Nan ki Pwen Elèv la ye nan Lekòl:** Elèv yo rekòmande pou ekspilsyon an dwe rete nan sispansyon oswa, si sa aplikab, y'ap voye l nan Pwogram Disiplinè Edikasyon altènatif, oswa lòt pwogran jan Sipèentandan an jije li nesesè, jiskaske direksyon Jeneral la pran desizyon final la sou rekòmandasyon ekspilsyon an nan pwochen reyinyon li an oswa nan reyinyon espesyal li a.
6. **Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif pou Elèv yo voye ale (ekspilse):** E1èv yo voye ale kapab kalifye pou li suiv yon Pwogram Disiplinè pou Edikasyon Altènatif pou elèv yo ekspilse. Nenpòt elèv yo voye ale nan nenpòt lòt lekòl, distri lekòl oswa sistèm lekòl dwe fè distri a anile ekspilsyon an anvan li antre nan sistèm lekòl Depatman Polk la, e li dwe antre nan youn nan Pwogram Edikasyon Altènatif yo pou Elèv yo Ekpilse yo.
   a. **Desizyon Final:** Apre yo fin resevwa kopi dènye desizyon Direksyon Jeneral Lekòl la pran an, yo mete Paran an elèv la okouran pitit fi li a oswa pitit gason li an kapab patisipe nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif pou Elèv yo ekspilse yo.
   b. **Komite Administrasyon ki pou Revize ka yo :** Lè l resevwa demann pou enskri elèv la nan Pwogran Disiplin Edikasyon Altènatif pou elev yo ekspilse, Sipèentandan an oswa reprezantan li pral pran randevou avèk yon Komite Administratif revizyon pou revize dosye disiplin elèv la epi lòt dosye lekòl ki gen pou wè ak pèfòmans elèv la.
      1) **Konsiderasyon:** Komite a pral konsidere vyolasyon ki fè yo te ekspilse elèv la, konpòtman elèv la te gen anvan, pefòmans li nan lekòl la ak posiblite pou l ta refè menm zak la ankò.
      2) **Rekònmandasyon:** Aprè li fin konsidere sa ki sot di pi wo la yo, komite a dwe bay Sipèentandan an oswa reprezantan li yon rekòmandasyon ekri avèk yon kopi pou Direktè (disiplin nan) alatèt la, Sèvis Espesyalize.
   c. **Rekòmandasyon Sipèentandan an:** Apre li fin analize rekònmandasyon komite a, Sipèentandan an oswa moun ki reprezante l la dwe bay Direktè ki pi wo a, Sèvis Espesyalize yon rekòmandasyon ekri
   d. **Avèti Paran elijiblite elèv la:** Direktè Disiplin Sèvis Espesyalize pral avèti paran rekòmandasyon Sipèentandan an e, si posib, eksplike li demach pou reenskri.
7. **Pwogram Reantre Bonè Pou Elèv Ki Te Ekspilse:** Nan jijman pèsonèl Direksyon Jeneral la ak sou rekòmandasyon Sipèentandan an li kapab anile yon ansyen ekspilsyon si elèv la fin konplete avèk siksè yon Plan Reantre Bonè.
   a. **Deszyon Final:** Se pou yo mete paran an okouran pitit fi li a oswa pitit gason li an kalifye pou l patisipe nan Pwograam Reantre Bone pou Elev yo ekspilse a, apre l fin resevwa kopi desizyon final Direksyon Jeneral te pran an.
   b. **Komite Revizyon Administratif:** Sou demann, Sipèentandan an dwe deziyen yon Komite revizyon Administratif pou revize dosye disiplin elèv la ak lòt dosye lekòl ki gen rapò ak pefòmans elèv la. Komite ap gen ladan li yon reprezantan biwo Sipèentandan an, yon reprezan tan Depatman Sèvis Elèv yo, yon reprezantan ekip Direksyon lekòl la ak nenpòt lòt manm lekòl la.
      l) **Konsiltasyon (konsèy):** Komite a dwe konsilte ekip konvenab konsènan rezon ki fè yo mete elèv la deyò a ak sikonstans ki mennen nan rekòmandasyon pou ekspilsyon an, ansuit opinyon pèsonèl lekòl la konsènan posiblite ki genyen pou elèv la reyisi nan Plan Reantre Bonè a.
      2) **Pwose Chita Tande:** Direktè ki pi wo a, Sèvis Espesyalize, ap planifye yon chita tande pou li kapab konsidere yon Plan Re-Antre Bonè.
         a) **Prezans:** Komite dwe genyen manm komite pou revizyon administratif la ak lòt pèsonèl lekòl la, epi elèv ekspilse a ak paran li.
         b) **Konsiderasyon:** Komite a dwe konsidere nenpòt reyaksyon dezagreyab prezans elèv yo ekspilse a ka kapab genyen sou sante, sekirite ak byennèt lòt elèv yo epi konduit òdone lekòl la, ansanm ak pi bon enterè elèv yo ekspilse a.
   c. **Plan Ekri:** Komite a dwe devlope yon plan ekri ki dwe detaye kondisyon reantre nan lekòl la.
      1) **Kondisyon:** Plan dwe rezonab e reyèl, e fòk ni lekòl la ni elèv kapab sipòte li.
      2) **Kondisyon:** Kondisyon komite a devlope yo dwe genyen regleman ki bay asirans move konpòtman ki te Mennen ekspilsyon an pap repete ankò. Kondisyon sa yo gen ladan yo men se pa sa sèlman:

a) Evalyasyon.
b) Konsèy.
c) Devwa akademik espesyal.
d) Sèvis cominote
e) Referans bay ajans nan kominote a
f) Ak lòt règleman yo jije rezonab

d. **Akò Ekri:** Elèv la dwe dakò pou li ekri ak pwòp men li, pou li di l'ap suiv tout kondisyon ki etabli nan plan pou reantre bonè nan lekòl la, ansanm ak règ epi prensip Kòd konduit Elèv yo

1) **Resous (Mwayen):** Kondisyon ekri a dwe gen ladann mwayen lekòl la pral itilize pou l ede elèv la reantre lekòl la ankò.

2) **Lè Elèv la pa vle Konfòme l:** Kondisyon ekri dwe enfòme elèv la tou si li pa vle obeyi kondisyon Plan Reantre Bonè a etabli yo, yo kapab ekspilse li imedyatman.

e. **Konplete Plan Reantre Bonè a Avèk Siksè:** Lè fin konplete Plan reantre Bonè a avèk siksè e sou rekòmandasyon direktè a ak lòt pèsonèl lekòl la Komite Revizyon administratif la pral soumèt rezilta Plan reantre Bonè a ak rekòmandasyon yo fè bay Sipèentandan an pou l fè revizyon.

f. **Aksyon Direksyon jeneral Lékol la:** Lè yo fin apwouve li, Sipèentandan an dwe soumèt rezilta Plan Reantre bonè elèv la ansanm ak rekòmandasyon pou direksyon jeneral konsidere.

1) **Rekòmandasyon Apwouve:** Lè yo fin konsidere rekòmandasyon Sipèentandan an, Direksyon jeneral kapab elimine ekspilsyon an e elèv la ap gen pèmisyon pou l reantre nan systèm lekòl nan kanton Polk la yo ankò.

2) **Nòt bay Paran Elèv la:** Direktè disiplin pou tout lekòl nan polk la, dwe mete paran okouran ki sanksyon Direksyon jeneral pran.

a) **Demach pou Enskri:** Se pou yo mete paran okouran tou apwopo demach enskripsyon pou reantre nan systèm lekòl nan kanton Polk la yo.

b) **Pa Obeyi Prensip yo:** Paran an ak elèv la dwe okouran si elèv la pa vle obeyi prensip yo ki nan Plan pou Reantre Bonè a ak règ epi regleman Kòd Konduit elèv yo, se rezon pou yo ba li sanksyon ankò e se yon rezon anplis k'ap fè yo ranfòse ekpilsyon li te gen anvan an.

g. **Pwogram Egzamen GED pou Elèv yo mete Deyò:** Elèv ki rive nan sèz (16) lane oswa ki pi gran kapab chita pou pran Tès Devlopman nan Edikasyon Jeneral la (GED).

## SISPANSYON POU KRIM KI FÈT DEYÒ ETABLISMAN LEKÒL LA – SEKSYON 3.04

Yon sispansyon deyò lekòl la kapab pran kont yon elèv, ki gen akizasyon Avoka Eta a kont li, oswa lòt avoka k'ap pousuiv li pou yon krim, oswa pou yon zak delenkans ki te kapab yon krim si se te yon moun majè ki te komèt li, pou yon ensidan ki ta rive sou yon pwopyete ki pa lekòl piblik si gen yon reyinyon chita tande sou ensidan sa a (yo detaye l pi ba a) pou l ta gen yon konsekans segondè sou pwogram lekol la, disiplin lekòl la, byennèt lekòl elèv la ye a. Elèv Avoka pou Eta Florid la akize ki komèt yon krim, yo dwe sispann li nan aktivite espò ak aktivite lekòl la jiskaske yo pran desizyon nan ka a oswa jiskaske yo jete oswa diminye akizasyon an.

**REMAK:** Yon elèv yo akize pou yon krim deyò lekòl la pa dwe resevwa sispansyon dapre sa ki nan seksyon sa a, sof e jiskaske Avoka Eta a oswa lòt avoka mete akizasyon sou elèv la.

A. **Avètisman sou Konsekans Seyans a:** Anvan yo enpoze yon sispansyon ki gen konsekans defavorab e pou voye elèv la nan you lekòl altènatif, direktè a ap prese ekri paran elèv la pou l mete l okouran ki kalite mezi yo pran kont elèv la, epi dwa elèv la genyen pou l fè apèl desizyon sa a, dapre seksyon 1006.09(2) nan Lwa Florida.

1. **Kritè Legal:** Avètisman pwosè a dwe genyen tou yon dat ak yon lè ki pa dwe pi piti pase de (2) jou lekòl ni pi plis pase senk (5) jou lekòl, koumanse depi nan lè ki ekri sou anvlòp lapòs la oswa dat ki nan lèt yo te pote bay paran an ki gen avètisman an ladann nan. Si sa posib, avètisman an ap fè paran an konnen tou nan ki kondisyon yo ka anile sispansyon an pou pitit li a.
2. **Moun k'ap asiste chita tande Ankèt la:** Elèv la, paran elèv la, reprezantan elèv la oswa avoka li ak nenpòt temwen elèv la oswa direktè a mande kapab asiste seyans sa a.
3. **Sispansyon pwovizwa:** Avan rankont sa a fèt, direktè a kapab sispann elèv la, sispansyon an pa dwe dire plis pase senk (5) jou.
4. **Ofisye Seyans:** Direktè Disiplin Sèvis Espesyalize oswa moun li deziyen pral jwe wòl ofisye k'ap tande ka a, e prensip prèv oswa nenpòt lòt demach nan tribinal pa dwe mare li, epi yo pa dwe mande okenn nòt sou Konsekans Defavorab seyans lan (adverse impact hearing).

5. **Rekòmandasyon:** Apre chita tande ankèt la, direktè disiplin Sèvis Espesyalize dwe fè Sipèentandan yon rekòmandasyon avèk yon kopi pou direktè ak pou paran elèv la.

B. **Desizyon Sipèentandan an:** Sipèentandan an oswa reprezantan li dwe revize rekòmandasyon an e dwe bay elèv la ak paran li yon kopi ekri nan desizyon ki te pran an.

1. **Demach Jidisyè:** Si yo w prezans elèv la pap gen okenn efè dezagreyab, li mèt rete nan ekòl li pandan l'ap tann rezilta demach jidisyè a.
2. **Sèviis Edikasyon:** Si yo wè prezans elèv la kapab kreye reyaksyon endezirab, elèv la ap toujou rete nan sispansyon an. Sispansyon sa a pa dwe anpeche elèv la jwenn sèvis ledikasyon, e elèv la dwe imediatman enskri nan yon Pwogram Disiplin Edikasyon Altnatif ki travay lajounen, oswa Pwogram Lekòl pou Granmoun si elèv la gen sèz (16) lane pandan l'ap tann desizyon jidisyè a.

C. **Desizyon Jidisyè:**

1. **Pa Koupab:** Si elèv la pa koupab, sispansyon an ak devwa nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altenatif la ap fini imedyatman.
2. **Koupab:** Si yo jwenn elèv la koupab pou yon krim, se Sipèentandan an k'ap gen otorite pou l detèmine si yo dwe bay Direksyon Jeneral la yon rekomandasyon pou ekspilsyon dapre demach pou ekspilsyon ki detaye nan Pati III, Demach Disiplin ak pou fè Apèl, Seksyon 3.03, Nivo disiplin.

D. **Krim Vyolans:** Si zak delenkans sa a oswa vyolasyon lalwa sa a se yon krim vyolans oswa yon krim kote yo te itilize zam lanmò, otorite ki fè arestasyon an dwe imedyatman fè Sipèentandan an oswa reprezantan li konnen sa.

1 **Enfòmasyon Konfidansyèl (sekrè):** Sof nan ka yo dwe pwoteje sante moun, sekirite ak byennèt lòt elèv ak ekip k'ap travay lekòl la, yo dwe kenbe enfòmasyon yo sekrè epi pwoteje yo dapre Lwa sou Dosye piblik, e yo pa dwe mete yo deyò sof si se manm nan lekòl ki gen dwa e ki ta bezwen enfòmasyon sa a.

2 **Dosye Pèmanan:** Enfòmasyon ki soti nan biwo otorite lalwa yo pa dwe ale nan dosye pèmanan elèv la, e yo dwe retire li nan tout dosye lekòl la pa pi ta pase nèf (9) mwa apre dat yo fin arete elèv la.

## VYOLASYON REPETE – LÒT VYOLASYON – SEKSYON 3.05

Direktè a oswa reprezantan li, lè y'ap detèmine si yo dwe aplike nivo disiplin ki detaye nan Pati VI, Vyolasyon Konduit, oswa nan Pati VII, Vyolasyon grav Kòd Konduit la pou vyolasyon repete yo, yo dwe konsidere bagay sa a yo:

A. **Vyolasyon nan Pati VI:** Si elèv la komèt nenpòt vyolasyon tou nèf ki detaye nan Pati VI lan, Vyolasyon Kòd Konduit la, e si elèv la nan menm ane lekòl la komèt nenpòt yolasyon ki detaye nan Pati VI pi wo a oswa nan Pati VII la, Vyolasyon Grav Kòd Konduit la, alò y'ap jije yon vyolasyon konsa kòm yon lòt vyolasyon menm si elèv la te komèt vyolasyon sa a deja.

B. **Vyolasyon nan Pati VII:** Si elèv la komèt nenpòt nouvo vyolasyon ki detaye nan Pati VII la, Vyolasyon grav Kòd Konduit la pannan menm ane lekòl la, e si elèv la te deja komèt yon vyolasyon ki detaye nan Pati VII la, alò y'ap jije yon vyolasyon konsa kòm nouvo vyolasyon menm si elèv la te deja komèt vyolasyon patikilye sa a.

C. **Elèv yo voye nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif la:** Nenpòt elèv ki vyole Kòd Konduit la pannan li nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif la, yo kapab ba li pinisyon disiplinè ki pi di pase sa ki detaye nan Pati VI, Volasyon Kòd Konduit la, epi Pati VII, Vyolasyon grav Kòd Konduit la, tankou mete elèv la deyò.

## LÒD POU RETE - SEKSYON 3.06

Si paran an pa dakò ak mezi disiplinè yo pran nan lekòl la e ta gen entansyon fè apèl, li dwe fè yon demann ekri voye bay Sipèentandan an pou mande yon lòd pou rete. Yo pap pèmèt yon lòd rete pou plis pase twa (3) jou sispansyon ou pi piti.

A. **Bay Pèmisyon**: Si yo akòde elèv la pou l rete, li dwe rete lekòl la pandan poko gen anyen ki soti sou demach apèl la.

B. **Refi**: Si yo refize pou l rete, elèv la dwe rete nan sispansyon an oswa yo dwe voye li nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif; men paran an kapab kontinye nan demach apèl la.

## KRITÈ APÈL POU ELÈV - SEKSYON 3.07

Si paran pa dakò ak aksyon disiplin yo pran an, li kapab mande yon rankont nan fason sa yo:

A. **Etap 1 - Direktè a rankont sou ka a - nivo 1 rive nan nivo 8:** Avètisman ekri sanksyon ki pran an dwe enfòme paran an se direktè a k'ap reyini sou ka a nan senk (5) jou avètisman an te bay la (si paran an mande sa).

1. **Demann reyinyon** Si paran an pa mande yon rankont oswa si l pa vini nan rankont y'ap fè a, yo dwe konkli paran an te dakò ak mezi disiplinè yo pran an. Yo dwe anile rankont lan e yo pap bay okenn lòt posiblite rankont, sof nan sitiyasyon ijans.
2. **Prezans:** Elèv ak paran dwe asiste rankont lan e yo kapab vin ak yon (1) moun avèk yo pou reprezante yo. Nenpòt moun ki te la nan ensidan an kapab asiste reyinyon sa a tou, e yo kapab soumèt yon deklarasyon ekri avèk pèmisyon paran yo.
3. **Rekòmandasyon ekri:** Direktè ou moun ki reprezante li a ap deklare, elimine oswa chanje mezi disiplinè a, e l'ap bay paran an yon detay ekri desizyon ki te pran nan reyinyon an nan twa (3) jou seyans lan.
4. **Rankont final:** Rankont k'ap fèt ak direktè a se rankont final pou nivo disiplin 1 jiska 6.

B. **Etap 2 – Seyans nan nivo administratif – Nivo 7 rive jika 8.** Si yo rekomande pou yo mete elèv la nan yon Pwogram Eikasyon Altènatif (Nivo 7), oswa yo ekspilse elèv la (Nivo 8) epi paran an pa dakò ak desizyon nan etap 1 an, paran an ka kontinye fe apèl nan nivo sa yo:

1. **Demann Ekri:** Paran ka mande pou gen yon tande ki fèt nan nivo administratif kote se Direktè Disiplin nan Sèvis Espesyalize k'ap tande ka a, e yo dwe resevwa demann sa a nan de (2) jou anvan seyans lan.
2. **Avètisman pou Seyans lan:** Lè yo resevwa demann sa a, Direktè ki nan tèt nan Sèvis Espesyalize oswa reprezantan li dwe kontakte paran an e planifye yon dat ak yon lè pou seyans nan etap 2 a ki dwe fèt nan yon tan rezonab apati dat demann nan te fèt la. Avi sa a dwe konfime bay paran an nan telefòn ou pa ekri
3. **Rekòmamdasyon Ekri:** Direktè ki nan tèt nan Sèvis Espesyalize oswa reprezantan li dwe revize premye rekòmandasyon an, resevwa deklarasyon nan bouch oswa ekri nan men elèv la, paran li oswa moun ki te temwen, e li dwe deklare, anile oswa chanje rekòmandasyon direktè a. Desizyon sa a dwe fèt sou fòm ekri pou l jwenn paran an nan men oswa nan lapòs.

C. **Etap 3 - Direksyon Jeneral la Fè Revizyon ka a - Nivo 8 :** Si yo fè rekòmandasyon ekspilsyon epi paran an pa ta dakò avèk desizyon nan etap 2 a, paran an ka kontinye fè apèl:

1. **Demann Ekri:** Paran ka mande yon reyinyon kote se yon Avoka lisansye Direksyon Jeneral la angaje l pou l dirije reyinyon sa a kòm yon ofisye k'ap tande ka a. Demann sa a ki dwe fèt sou fòm ekri, se Avoka Direksyon Jeneral la ki pral dirije l, e yo dwe resevwa li nan de(2) jou 2 jou anvan seyans lan.
2. **Avètisman pou Seyans lan:** Lè yo fin resevwa demann nan, Avoka Direksyon Jeneral la dwe kontakte paran avèk ofisye k'ap tande ka a pou kòdone tan ak lè pou seyans sa a fèt. Avètisman sa dwe konfime sou fòm ekri pou l al jwenn paran an nan men oswa nan lapòs.
3. **Seyans lan:** Ofisye seyans lan a pral revize premye rapò a e resevwa deklarasyon ekri nan men elèv la, paran li avèk temwen.
4. **Òdonans Rekòmande:** Ofisye seyans lan dwe soumèt rekòmandasyon li bay avoka Direksyon jeneral nan fòm yon òdonans rekomande nan de (2) jou seyans lan. Lè li resevwa òdonans Rekòmande a, Avoka Direksyon Jeneral la ap bay paran an yon kopi nan òdonans Rekòmande nan men li oswa nan lapòs.
   a. **Avètisman pou Dsizyon final:** Yo pral avèti paran an pou fè l konnen òdonans Rekòmande a prale nan kalandriye travay nan pwochen reyinyon Direksyon jeneral gen pou l fè pou li ka pran mezi final la, e yo dwe enfòme paran an tou pou yo di li ki dat ki le reyinyon sa ap fèt.
   b. **Seyans - Seksyon 120.569 ak 120.57 Lwa nan Florida:** Yap fè paran konnen tou dwa li genyen pou mande Direksyon Jeneral la revize desizyon an jan sa di nan Seksyon 120.569 e 120.57 Lwa nan Florid, epi dwa paran an genyen pou l mande yon reyinyon pòt ouvè oswa fèmen. Paran an dwe ekri demann sa a e voye bay Avoka Direksyon Jeneral la nan youn (1) jou pou pi ta anvan reyinyon Direksyon jeneral la.
5. **Rekòmandasyon Final:** Yon òdonans final dwe prezante bay Direksyon jeneral pou li apwouve. Mezi Direksyon Jeneral la pran an dwe mete konklizyon nan demach apèl la nan nivo administratif, e nenpòt lòt apèl k'ap fèt dwe al jwenn Kou Dapèl Distri a, Dezyèm Distri, Lekeland, Florida.
   a. **Avètisman pou paran:** Yo dwe voye yon kopi òdonans final Direksyon Jeneral la adopte a nan lapòs pou paran an.
   b. **Pwogram Edikasyon Altènatif Ekpilse.** Y'ap fè paran an konnen tout posiblilite pitit li a genyen pou li kalifye pou l patisipe nan youn nan pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif pou Elèv yo Ekspilse nan lekòl

# DISIPLIN ELÈV KI KALIFYE POU IDEIA

# PATI IV

Dapre Lwa Amelyorasyon Edikasyon Moun Andikape (IDEIA), elèv yo idantifye kòm andikape nan keksyon lekòl e ki ap resevwa sèvis Edikasyon Elèv Eksepsyonèl kapab resevwa lòt regleman disiplin ki pa menm ak sa elèv ki pa andikape ap resevwa. Yo prepare demach pi ba yo pou yo **ranfòse** demach disiplin yo pou elèv ki pa andikape e w'ap jwenn yo nan Regleman Konduit Elèv la. Etap disiplin ki nan dokiman sa a, yo mete yo la pou eksplikasyon sèlman e yo pa gen okenn entansyon pou enpoze okenn obligasyon sou Lekòl nan Depatman Polk apre sa ki nan lwa federal ak lwa Eta a. Si dokiman sa a an dezakò ak lwa federal oswa lwa Eta a, se lwa Eta a oswa lwa federal la k'ap gen kontwòl. Sof sa ki di la a, yo pa kapab mete deyò elèv andikape nan pwogram lekòl la sou baz yon konpòtman ki se rezilta enfimite elèv la. Anplis, yo pa ka mete elèv andikape deyò nan lekòl la san yo pa swiv etap "chajman nan plasman" presi jan lalwa di sa. **Yo pa ka wetire elèv andikape nan lekòl la san yo pa swiv tout demach ki etabli anba yo.**

Se responsablite AJAN EDIKASYON LOKAL LA (LEA) nan tout reyinyon IEP pou l rasire dwa elèv ak paran pa vyole. Li enpòtan pou yo konsidere opinyon tout manm ekip la k'ap patisipe nan demach pran desizyon yo.

**KRITÈ JENERAL POU TOUT SISPANSYON/METE DEYÒ ELEV KI ELIJIB POU IDEIA – SEKSYON 4.01**

**Administratè yo pa ka sispann elèv andikape pou plis pase dis (10) jou klas (youn dè lòt oswa youn sou lòt nan yon ane lekòl san yo pa swiv etap ki etabli pi ba yo.** Lalwa di sispansyon oswa ekspilsyon yon elèv pou plis pase dis (10) jou lekòl youn apre lòt nan yon lane lekòl se yon "chanjman plasman" ki ka fèt sèlman selon demach ki detaye pi ba yo nan "IDEIA", e nan Règleman 6A-6.03312.

A. **Dosye Egzat:** Yo dwe kenbe yon dosye egzat sou kantite jou yo te sispann elèv **andikape** yo diran chak ane lekòl, epi chak lekòl dwe rantre done sispansyon yo nan ekran Jenèz ki la pou sa a.

B. **Lòt Chwa ki genyen apre Sispansyon an:** Administratè yo dwe konsidere tou lòt chwa ki genyen pou sispansyon elèv ki fèt andeyò lekòl la. Lis sa a gen ladann men se pa sa sèlman:

1. Chanjman nan IEP ki gen ladann Plan Entèvansyon pou yon Konpòtman pozitif (PBIP) nan plasman abityèl yo.
2. Asistans (èd) Paran an.
3. Entèvansyon biwo a.
4. Fèy referans pou konsèy oswa lòt sèvis pou elèv.
5. Akò konpòtman avèk elèv ak/oswa paran li.
6. Detansyon (kenbe elèv la).
7. Detay travay.
8. Sispansyon nan aktivite anndan lekòl la.

Lè sispansyon pou 10 jou ou mwens garanti anba regleman lekòl la, kritè pou yon reyinyon ki pa ofisyèl, kòm sa fèt pou elèv ki pa gen enfimite, dwe vin apre. Yo dwe suiv etap sa yo anvan yo sispann pou yon ti tan yon elèv **andikape**.

A. **Istwa Sispansyon ki te fèt Anvan:** Direktè a/reprezantan li dwe gen istwa kote yo te sispann elèv la anvan pou yon lane lekòl pou l ka konnen pandan konbe jou elèv la te deja sispann pannan ane lekòl sa a.

B. **Desizyon Sispansyon an:** Si yo jwenn elèv la koupab nan vyolasyon, y'ap sispann li pou yon ti tan. Men demach sispansyon an ap diferan selon kantite jou elèv la te deja sispann diran yon ane lekòl.

1. **Sispansyon pou Mwens pase dis (10) Jou:** Si sispansyon elèv la pat deja depase (10) jou pou ane lekòl la, yo ka sispann elèv la pou jou ki rete yo. Nan ka sa a, yo dwe ekri elèv la ak paran li/moun ki responsab li pou yo di yo ki mezi disiplinè ki pran, e tout lòt demach yo dwe suiv jan yo mande sa pou yon sispansyon ki pa long pou elèv ki pa andikape.

2. **Sispansyon pou Plis Pase dis (10) Jou:** Komanse sou onz (11) jou klas konplè apre yo fin wetire yon elèv nan yon ane lekòl, Distri Lekòl la dwe bay elèv andikape a sèvis, dapre sa ki pral di la a: Distri Lekòl la dwe bay elèv andikape a sèvis nan nivo ki nesesè pou pèmèt elèv la pwogrese kòrèkteman nan pwogram jeneral lekòl la e pou pwogrese nan rive atenn objektif ki trase nan IEP elèv la.

C. **Revizyon IEP:** Yon revizyon IEP elèv la dwe fèt si te gen yon sispansyon ki depase dis (10) jou diran lane lekòl la. Yo convoke reyinyon revizyon IEP yo tankou nenpòt lòt reyinyon IEp e yo dwe swiv tout demach kòrèk pou convoke ekip la.

1. **Yo Dwe Bay Paran yo Avètisman Ekri Davans:** Yo dwe bay paran /responsab elèv la avètisman ekri rezonab davans. Paske reyinyon disiplin IEP ka bezwen fèt pi vit pase reyinyon presi IEP, yo ka bay "avètisman rezonab" ki gen ladan yo kontak nan telefòn ak paran/responsab yo pou yo ka jwenn akò yo pou yo vin patisipe nan reyinyon, apre sa se ap avètisman ekri imedyatman y'ap voye ba yo.

2. **Detèminasyon Manifestasyon (Chache Konnen sa ki Koze Pwolèm nan):** Yon detèminasyon manifestasyon dwe fèt nenpòt lè demach disiplin rive lakòz yon chanjman plasman. Ekip IEP la dwe deside si ensidan konpòtman sa a se andikap elèv la ki lakòz li. Yo mande sa paske yo pa kapab sispann yon elèv andikaape pou plis pase dis (10) jou youn apre lòt nan yon ane lekòl sou baz konpòtman ki se rezilta andikap la, oswa ap plede deplase li, sa ki vin tounen yon modèl paske deplasman yo vin depase dis (10) jou klas nan yon lane lekòl.

Yon detèminasyon manifestasyon, dapre kritè sa yo, ap fèt nan dis (10) jou klas sou nenpòt desizyon ki pran pou chanje elèv andikape a plas akoz yon vyolasyon Kòd Konduit Elèv la.

a) Nan revizyon, distri lekòl la, paran ak manm ekip IEP yo pral:
   i. Revize tout enfòmasyon nan dosye elèv la ak tout enfòmasyon paran elèv yo bay, nenpòt obsèvasyon pwofesè te fè konsènan elèv la epi IEP elèv la genyen kounye la.
   ii. Wè si konduit la se rezilta dirèk distri lekòl la ki pat aplike IEP la kòm sa dwa oswa si se andikap elèv la ki lakòz konpòtman an oswa ki gen rapò enpòtan avèk konduit sa a.

b) Si distri lekòl la, paran ak manm ekip IEP yo jwenn se andikap elèv la ki lakòz konpòtman an oswa ki gen rapò enpòtan avèk konduit sa a, oswa konduit la se rezilta dirèk distri lekòl la ki pat aplike IEP la kòm sa dwa, y'ap konkli se andikap elèv la ki lakoz konpòtman an e distri lekòl la pral pran desizyon rapid pou korije sa ki pat mache byen yo.

c) Si distri lekòl la, paran ak manm ekip IEP yo jwenn se andikap elèv la ki lakòz konpòtman an, ekip IEP la pral oubyen:

   i. Mennen yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (FBA), sof si distri lekòl la te fè yon FBA anvan konpòtman ki lakoz chanjman plasman an te rive, e aplike yon plan entèvansyon konpòtman (BIP) pou elèv la; oswa

   ii. Si te gen yon BIP ki te deja la devlope, y'ap revize e chanje li, si nesesè, pou yo ka poze keksyon konpòtman an; epi

   iii. Retounen elèv la nan plas kote yo te wetire li a, sof si paran an ak distri lekòl la dakò pou yon chanjman plas k'ap fè pati chanjman BIP la.

D. **Yo Dwe Bay Paran yo Avètisman Ekri Davans Rekòmandasyon Ekip IEp la:**
Nan reyinyon IEp la, li esansyèl pou yo bay paran yo opòtinite pou yo patisipe nan demach pran desizyon yo. Sepandan, si paran yo pa patisipe, yo dwe ba yo yon kopi tout sa ki te fèt oswa tout dokiman IEP te kreye nan reyinyon yo. Yo dwe bay paran yo dokiman sifizan ki pou montre avètisman ekri desizyon ekip IEP la, ansanm ak fòm Pwoteksyon Demach yo. Yo dwe bay paran yo Fòm presi Avètisman Ekri Davans lan. Yon fwa paran yo resevwa avètisman desizyon ekip IEP la ak fòm Pwoteksyon Demach yo, yo ka aplike IEP

**ESPAS EDIKASYON ALTÈNATIF PWOVIZWA (IAES) – SEKSYON 4.02:**
Yo kapab wetire elèv ki andikape pou yo mete yo nan yon IAES pou yon peryòd ki pa depase karant senk (45) jou klas, menm si se andikap li a ki lakòz konpòtman an si elèv la nan lekòl la oswa nan etablisman lekòl la, oswa nan yon aktivite lekòl, si l vin lekòl la ak zam oswa si l posede zam, posede oswa itilize dwòg ak tout konviksyon li, oswa ap vann oubyen ap mande achte pwodui lalwa entèdi, oswa si l frape yon lòt moun kote li ba li chòk grav nan kò li**.**

**REMAK:** Itilizasyon dwòg oswa pwodui lalwa entèdi dwe obeyi sa ki di nan seksyon 7.10 –DWÒG nan kòd la.

**A. Demach:** Nan dat yo te pran desizyon pou chanje yon elèv plas pou mete l nan IAES, lekòl la dwe avèti paran an sou desizyon ki te pran an e bay paran an yon kopi avètisman pwoteksyon demach la. Yo dwe fè yon aktivite/reyinyon IEP nan dis (10) jou klas apre chanjman plas sa a.

**B. Yo Dwe Bay Paran yo Avètisman Ekri Davans Rekòmandasyon Ekip IEp la:**
Nan reyinyon IEp la, li esansyèl pou yo bay paran yo opòtinite pou yo patisipe nan demach yo. Sepandan, si paran yo pa patisipe, yo dwe ba yo yon kopi tout sa ki te fèt oswa tout dokiman IEP te kreye nan reyinyon an. Yo dwe bay paran yo dokiman sifizan ki pou montre avètisman ekri desizyon ekip IEP la, ansanm ak fòm Pwoteksyon Demach yo. Yo dwe bay paran yo Fòm presi Avètisman Ekri Davans lan. Yon fwa paran yo resevwa avètisman desizyon ekip IEP la ak fòm Pwoteksyon Demach yo, yo ka aplike IEP imedyatman.

**APÈL – SEKSYON 4.03**

Nan pi fò ka, y'ap tann se ofisyèl lekòl yo ak paran, atravè demach ekip IEP, ki pou rezoud chanjman ki genyen nan keksyon plas la. Sepandan, lè paran pa dakò ak desizyon ekip IEP pran, e yo fè apèl desizyon an, elèv la rete nan IAES ekip IEP la mete a, pandan desizyonn apèl la ap tann oswa jiskaske peryòd tan pèsonèl lekòl la te bay la fini.

# ETAP DISIPLIN POU ELÈV 504

# PATI V

## ETAP DISIPLIN POU ELÈV 504 - SEKSYON 5.01

Yo pa kapab refize sèvis pou elèv ki jwenn pwoteksyon anba Lwa Reyabilitasyon 1973 Seksyon 504 la paske yo gen yon enfimite. Yo pa ka sispann kalite elèv sa yo nan lekòl la pou plis pase 10 jou youn dè lòt oswa yo pa ka ba yo yon seri sispansyon diran lane lekòl la ki depase dis (10) jou youn dè lòt (si yo jwenn gen yon modèl mete deyò ki kreye yon chanjman plasman) san yo pa suiv demach chanjman plasman an. Yon elèv ki gen Plan 504 la dwe genyen yon Reyinyon Detèminasyon Manifestasyon anvan yo remete li nan yon lòt etablisman pou yon ensidan disiplinè.

A. Ekip 504 ki nan lekòl la dwe revize tout done enpòtan epi fè yon reyinyon detèminasyon manifestasyon konsènan elèv la anvan yo wetire li nan lekòl la pou plis pase dis (10) jou.

1. Si se andikap li a ki koze konduit la, yo pap wetire li pou plis pase dis (10) jou lekòl youn dè lòt (sof si konduit sa a ta gen pou wè ak dwòg/alkòl).

2. Si se pat andikap li a ki te koze konduit sa a, y'ap pran sanksyon kont elèv sa a menm jan yo pran sanksyon kont elèv ki pa gen andikap.

B. Pou yon elèv ki angaje l nan aktivite ilegal dwòg, ekip lekòl la ka bay menm sanksyon jan yo fè pou elèv ki pa andikape. Pa gen okenn detèminasyon manifestasyon ki nesesè nan ka sa a.

# VYOLASYON RÈGLEMAN KONDUIT LA

# PATI VI

**Sa yo di pi ba a yo detaye kouman nan sa w'ap fè ou kapab antre nan kontravansyon ak Kòd Konduit la, e yo gen ladan yo zak oswa conduit ki rive nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la ap patwone, oswa nan local lakòl la, nan bis lekòl la oswa nan arè bis lakòl la, e yo pa dwe rete sèlman nan zak ki rive nan etablisman lekòl la si zak sa a oswa conduit sa a touche dirèkteman demach edikasyon an oswa byennèt kominote lekòl la**

Disiplin mach pa mach (pa etap) mande pou yo aplike nivo disiplin yo mach pa mach apre chak ofans, sof si gravite Ofans lan mande yon sanksyon ki pi di.

| **LANGAY OSWA KONDUIT DEREGLE NAN PREZANS LÒT MOUN – SEKSYON 6.01** | |
|---|---|
| Yon elèv k'ap di vye mo sal oswa vye langaj vilgè, oswa ki gen konpòtman dwòl devan yon lòt moun oswa ki ta gen foto ki gen moun k'ap fè sèks, bagay ki pale sou sèks nan lekòl la, elèv sa a koupab poutèt li gen yon konduit ki pa akseptab e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Mete Elèv la nanDetansyon oswa Mete l nan yon Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò Lekòl oswa Bis – Tan Kout-<br>6. Sispansyon Deyò Lekòl oswa Bis – Tan Long |

| **PRAN POUL (KOPYE) – SEKSYON 6.02** | |
|---|---|
| Mete sou pinisyon lekòl la deja prevwa pou moun k'ap kopye, yon elèv k'ap itilize, kopye oswa k'ap bay yon lòt elèv repons yon tès oswa poul pou kapab reponn yon keksyon, oswa itilize travay yon lòt moun kòm si se pou li travay la ye, elèv sa a li koupab paske li gen yon konpòtman ki pa akseptab e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Tray Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Ekspilsyon nan Lekòl la |

| **KONDUIT K'AP ENTÈWONP E/OUBYEN VYOLASYON KI PA GRAV – SEKSYON 6.03** | |
|---|---|
| Yon elèv ki anghaje li nan yon konpòtman inakseptab k'ap deranje bòn mach lekòl la, tankou pouse, rale, chaje, oswa frape lòt elèv, sof si se batay, bay kou, oswa lòt vyolasyon grav Kòd Konduit la, oswa ki ta vyole regleman direktè a klase kòm ti bagy piti, tankou plede vyole Kòd Konduit la, oswa movèz itilizasyon machin fotokopi a, elèv sa koupab paske li gen yon move konduit e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon (Primè) Nivo:**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispann li nan Aktivite Anndan Lekòl la<br><br>**Premye Vyolasyon (Segondè) Nivo:**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon nan Aktivite Deyò Lekòl oswa nan Bis –pou yon ti tan<br><br>**Lòt Vyolasyon Ankò Nivo:**<br>5. Sispansyon nan Aktivite Deyò Lekòl oswa nan Bis –pou yon ti tan<br>6. Sispansyon Deyò oswa Bis – Tan pi long |

| **SI W PA POTE MATERYÈL DIREKSYON JENERAL LA RETOUNEN LEKOL LA – SEKSYON 6.04** | |
|---|---|
| Yon elèv responsab pran swen epi pote retounen alèmateryèl lekòl la te konfye l tankou liv, liv li te prete nan biblyotèk ak lòt materyèl oswa ekipman. | Si elèv la pa fè sa oswa si materyèl la andomaje nan men yo, se paran yo k'ap peye lekòl la pri materyèl la te koute a, oswa elèv la k'ap resevwa kredi pou l peye materyèl la le yo fè l patisipe nan yon pwogram travay detaye k'ap peye li $5 (5 dola) le, jan sa detaye nan Pati III, Demach pou Disiplin ak Apèl, Sesyon 3.03, Nivo Disiplin. |

| JWÈT AZA – SEKSYON 6.05 | |
|---|---|
| Yon elèv k'ap patisipe nan jwèt aza oswa lòt ris pou l fè lajan oswa pou l tire pwofi, elèv sa a koupab poutèt li gen yon konduit ki pa akseptab, e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la |

| REGLEMAN SEKIRITE NAN BIS LEKOL – SEKSYON 6.06 | |
|---|---|
| Yon elèv ki refize obeyi règ sekirite nan bis lekòl yo lè li pa kanpe yon kote ki gen sekirite pou tann bis la kote yo montre arè a ye a; ki mete tèt li, men li, bra li, pye li oswa janm li deyò fenèt la; lè li pa travèse devan bis la lè l'ap janbe travese lèt kote lari a; voye bagay jete anndan bis la oswa deyò oswa sou yon bis; pale pannan bis la ap travèse yon chemen fè (kote tren pase); plede moute desann sòt sou yon chèz ale sou yon lèt pannan bis la ap kouri oswa refize chita nan plas direktè a, chofè bis la oswa moun ki akonpanye chofè a ba ou; manje oswa bwè pannan ou nan bis la; itilize pòt dijans lan san moun pa wè e/oubyen itilize l pou ti bagay odinè pou pran bagay ou pou bay bagay; pale lòt bagay ki pa konvèsasyon òdinè (konduit nan klas la dwe respekte); meprize lòd chofè a pase; vin ak bèt lakay ou nan bis la; lè ou pa kanpe dèyè twotwa a (arebò wout la) lè gen bwouya, kidonk vapè; lè ou refize soti nan bis la pannan elèv yo ap desann; fè bis ret tann nan nenpòt ki fason, tankou rive anreta, pou tout sa yo, ou koupab konduit ki pa akseptab k'ap jwenn pinisyon jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon nan Aktivite Deyò Lekòl oswa nan Bis – pou yon ti tan<br>6. Sispansyon nan Aktivite Deyò lekòl la oswa nan Bis – Tan pi long |

| MAWON POU W PA ALE LEKÒL/ALE NAN ZÒN ENTÈDI – SEKSYON 6.07 | |
|---|---|
| Yon elèv diran le lekòl la, ki antre oswa ki rete nan yon kay oswa nan yon zòn sou teren lekòl la san otorizasyon, oswa ki, pannan le lekòl la yo, sote kèk pati nan lè klas ap travay la, oswa rate tout lè travay li nan klas la san otorizasyon oswa san pèmisyon men ki rete nan lakou lekòl la, elèv sa a koupab paske li gen yon konduit ki pa akseptab e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la |

| TRANSPÒ ELÈV – MOVE ITILIZASYON – SEKSYON 6.08 | |
|---|---|
| Yon elèv ki pa byen itilize nenpòt mwayen transpò lekòl la mete disponib pou li nan lakou lekòl la, elèv sa a koupab paske li gen yon konduit ki pa akseptab e y'ap pini li jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la |

| RETA (ANRETA) – SEKSYON 6.09 | |
|---|---|
| Rive lekòl ale se bagay ki nesesè pou yon elèv kapab pwofite pran tout avantaj lekòl la ap bay. Yo pap tolere reta yo pou pwochen semès la. Elèv ki anreta, y'ap ba yo pinisyon sa yo: | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la |

| TABAK – SEKSYON 6.10 | |
|---|---|
| Yon elèv ki posede pwodui tabak pannan li nan lekòl la, elèv sa a koupab paske li gen yon konduit ki pa akseptab e y'ap pini li jan yo di pi ba a. Pwodui tabak se fèy sèch plant tabak yo prepare diferant fason pou moun fimen, kraze anba dan, rale nan nen (pa egzanp, siga, sigarèt, kraze tabak anba dan, tabak pou fimen nan pip). Pèsonèl lekòl la dwe konfiske (pran) epi detwi pwodui tabak yo jwenn nan men elèv la pannan li nan lekòl la, epi voye l bay otorite lalwa yo kòm sa dwa: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye Programs<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl l<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan Kout<br>6. Sipansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long |

# VYOLASYON GRAV RÈGLEMAN KONDUIT LA

# PATI VII

**Zak ak vyolasyon yo detaye pi ba a nan Pati VII sa a reprezante Vyolasyon Grav Kòd Konduit la, e yo gen ladan yo zak ak konduit ki rive nan lekòl la oswa nan pwopyete lekòl la, nan yon bis lekòl la oswa nan yon arè bis lekòl la, e yo pa dwe rete sèlman nan nivo zak oswa konduit ki rive nan etablisman lekòl la si zak oswa konduit konsa afekte demach lekòl la oswa byennèt kominote lekòl la.**

Disiplin mach pa mach mande pou yo aplike nivo disiplin yo mach pa mach apre chak Ofans, sof si gravite ofans lan mande yon sanksyon ki pi di.

**SA KI SELON JIJMAN DIREKTÈ A**

Nenpòt elèv yo sispann paske l t'ap goumen, ap touche lòt moun kote ki sansib, atake lòt moun oswa ki te nan lòt konfwontasyon kapab resevwa yon Pake Etid Rezolisyon Konfli Ant Elèv nan moman sispansyon an. Ou kapab jwenn pake sa a nan Sant Mark Wilcox la. Se elèv ki dwe ranpli kòm sa dwa pake etid sa a pandan li nan sispansyon an epi pou l retounen li bay administratè a oswa dwayen ki responsab premye sanksyon an. Si elèv la ranpli pake a kòrèkteman anvan peryòd sispansyon an fini, administratè a oswa dwayen ki responsab premye sanksyon an kapab diminye tan sispansyon an apre reyinyon fin fèt avèk elèv la e paran li. Se paran elèv la ki responsab pou mande reyinyon an. Si elèv la pa ranpli pake a kòm sa dwa, yo dwe voye li nan Sant Entèvansyon Edikatif pou Elèv la jiskaske l fini ranpli pake a. Anplis sa, yo dwe refere elèv ki t'ap batay la bay sèvis entèvansyon konfli ant kamarad lekòl oswa, si sèvis sa a pa an mezi, y'ap voye elèv la bay sèvis entèvansyon pou fasilitasyon ekip lekòl la.

| **LANGAJ DEPASE OSWA MOVE KONDUIT KONT YON ANPLWAYE DIREKSYON JENERAL LEKÒL LA - SEKSYON 7.01** | |
|---|---|
| Yon elèv k'ap itilize oswa k'ap angaje li nan di vye mo sal oswa vilgè, oswa vye konduit kont anplwaye Direksyon Jeneral edikasyon an, elèv sa a koupab paske li fè yon vyolasyon grav kòd konduit la, jan sa detaye nan Pati II, Reg ak Regleman Jeneral, Seksyon 2.26, Anplwaye /Pèsonèl /Ekip Lekòl, e y'ap pini elev sa a jan yo di sa pi ba a: | **First Offense: Levels**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan Kout<br>6. Sipansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis– Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis- Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif |

| **METE DIFE – SEKSYON 7.02** | |
|---|---|
| Yon elèv ki fe eksprè ki domaje oswa tante domaje nenpòt materyèl, oto/machin oswa lòt pwopyete Direksyon Jeneral la posede oswa genyen sou responsablite li, ak dife oswa ak eksplozif, elèv sa a koupab paske li fe yon vyolasyon grav kòd konduit la, e yo pral fè rapò a bay biwo ki la pou fe respekte lalwa e y'ap pini elev la jan sa di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis- Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete li Deyè nan Lekòl la<br><br>**Lòt vyolasyon: Nivo 8**<br>8. Mete Deyò nan Lekòl la |

| **FÈ ATAK (AGRESYON) SOU MOUN – SEKSYON 7.03** | |
|---|---|
| Yon elèv ki deside fè menas avek pawòl oswa nan poze zak pou l frape oswa blese yon lòt moun, li kapab pote responsablite zak sa a, epi ki fè lòt moun gen laperèz paske elèv la ap fè yo mal (frape yo) oswa yo pè paske yo pral soufri kou y'ap pran nan men elèv la, elèv sa a koupab yon vyolasyon grav kòd konduit la, e y'ap fè rapò a bay biwo ki la pou fè respekte lalwa, ki pral pini elèv la jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis -Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo 4 – 8**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis -Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| BAT MOUN, TOUCHE MOUN SAN KONSANTMAN – SEKSYON 7.04 | |
|---|---|
| Yon elèv ki deside pou l frape yon lot moun san lòt moun nan pa vle, oswa ki deside bay yon lòt moun kou, elèv sa a koupab yon vyolasyon grav kòd konduit la, sa k'ap fè yo fè rapò a bay biwo ki la pou fè respekte lalwa, e y'ap pini elèv sa a jan sa di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis -Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo 8**<br>8. Mete Deyò |

| BONM AK EKSPLOZIF – SEKSYON 7.05 | |
|---|---|
| Yon elèv ki genyen bonm, materyèl eksplozif oswa materyèl pou l itilize nan bonm oswa materyèl eksplozif pannan li nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la, nan pwopyete Direksyon Jeneral la oswa nan bis lekòl la (sof si materyèl sa a oswa ekipman sa a ap sèvi nan aktivite lekòl la oswa nan yon pwojè lasyans anba sipèvizyon yon enstriktè (pwofesè) ki konnen byen sa k'ap fèt la e ak konsantman (akò) direktè lekòl la ), elèv sa a koupab yon vyolasyon grav kòd konduit la, sa k'ap fè yo pini li jan yo di sa pi ba a: | **Nivo**<br>8. Chase li lekòl la (pa plis pou yon lane antye) |

| MENAS BONM – SEKSYON 7.06 | |
|---|---|
| Nenpòt elèv ki ta vin rapòte gen yon bonm oswa eksplozif nan nenpòt etablisman lekòl nan pwopyete lekòl la oswa nan aktivite lekòl la ap patwone, men pa gen bonm kote sa a vre, elèv sa a ap koupab yon vyolasyon grav kòd konduit la e y'ap pini li jan sa di pi ba a: | **Nivo 8**<br>8. Chase li lekòl la (pa pou pi piti pase yon ane lekòl plen)<br><br>Pa gen anyen nan regelman sa a ki dwe fè kwè si yon elèv, ak tout bòn fwa li, ta fè yon rapò kont yon aktivite ilegal, ap jwenn pinisyon, menm si pi lwen yo ta jwenn sa li te rapòte a pat verite. |

**CHACHE KONT AK PÈSEKISYON – SEKSYON 7.07**

Gen twa (3) kritè ki nesesè pou yon ensidan pote non entimidasyon:

1. Nenpòt konduit moun pa asepte, ki ofanse moun, ki menase moun, <u>ki entimide moun,</u> ki ensilte moun, ki koze moun pa alèz oswa ki imilye moun, oswa ki bloke pèfòmans moun nan lekòl la, sa ki pral fè moun ki viktim nan pè, santi l mal oswa santi l menase.
2. Si konduit sa a ap repete
3. Ant moun k'ap anmède a e moun ki viktim nan, gen youn ki gen plis pouvwa.

**Chache Kont** kapab vin sou fòm:

- **<u>Afresyon fizik</u>** ki genyen men se pa sa sèlman: bay kou; pouse; **<u>krache, oswa suiv moun nan</u>**
- **<u>Agresyon vèbal</u>** ki genyen, men se pa sa sèlman: bay moun non, pase nan betiz, fè remak ensiltan, menas, **manke respèoswa rabese** ras yon moun, **<u>andikape</u>**, aparans yon moun oswa preferans seksyèl
- **<u>Agresyon sikolojik (relasyon ant mounl)</u>** genyen men se pa sa sèlman: fè bri kouri, di pawòl blesan pou fè yon moun kouri kite yon gwoup,
- **<u>Agresyon seksyèl</u>** gen ladann men se pa sa sèlman: Nenpòt avans seksyèl moun pa mande oswa zak ki rann lòt moun nan pa alèz, jennen, oswa imilye, e ki ka gen ladan yo vye mo sal, oswa jès, montre pati nan kò oswa kole kò ak moun.
- **<u>Chache Kont sou Entènèt</u>** gen ladann, men se pa sa sèlman: itilize entènèt, teknoloji entèaktif e dijital oswa telefòn mobil pou w voye mo, imaj oswa langay bay moun byen sible, e ki gen efè blesan yo sot di pi wo a (1)

**Pèsekisyon** se nenpòt insil menasan oswa jès ki fè moun pa santi yo moun, itilizasyon enfòmasyon, ekri oswa vèbal oswa conduit fizik kont yon elèv ki:

1. Mete elèv la nan yon sitiyasyon laperèz pou vi li oswa domaj ki ka fèt kont sa li posede
2. Konduit sa a kapab bloke travay elèv la nan aktivite lekòl li, bloke avantaj ak benefis li nan lekòl la.
3. Kapab vrèman twouble lòd lekòl la.

Remak: Se pa devwa Direksyon Jeneral la pou l kontwole mesaj entènèt, deklarasyon, afich oswa zak ki pa nan etablisman lekòl la. Men, Dirreksyon Jeneral la gen dwa pou l revize, mennen ankèt e mete disiplin nan elèv

k'ap chache kont sou entènèt oswa ki fè lòt vyolasyon lè deklarasyon, afich oswa zak sa yo fèt nan lakou lekòl la oswa andeyò lakou lekòl la, e si deklarasyon sa yo gen menas vyolans kont lòt elèv oswa yo ta twouble anviwonnman aprantisaj oswa bòn mach lekòl la, zafè lekòl la oswa aktivite lekòl la.

| **CHACHE KONT AK PÈSEKISYON – SEKSYON 7.07 – RÈS CHAPIT LA.** | |
|---|---|
| | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis Tan pi- Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis Tan pi- Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Remak: Konsekans vyolasyon sa a dwe bay dapre gravite move konduit la.** |

| **VÒLÈ – SEKSYON 7.08** | |
|---|---|
| Yon elèv ki antre oswa ki rete nan yon kay, yon materyèl oswa yon machin/oto ki se pwopyete Direksyon Jeneral la ak entansyon pou l vòlè oswa pou l fè lòt zak kriminèl ladann, elèv sa a koupab pou vòl, sof si espas sa yo nan lè sa a te ouvè pou piblik la, oswa lalwa te otorize elèv la pou l te antre oswa pou l te rete nan kay sa a oswa nan lokal sa a, oswa nan machin sa a. Men se pa paske lokal la te ouvè pou piblik la, oswa lalwa te otorize elèv la pou lantre oswa pou rete nan lokal la pou yo pa pini nenpòt ofans, nenpòt vyolasyon, oswa lòt vyolasyon konduit elèv la ta komèt pannan li te anndan an. Vòl se yon vyolasyon konduit ki grav, rapò dwe fèt bay biwo ki la pou fè respekte lalwa e y'ap pini elèv la jan sa di pi ba a: | **First Offense: Levels**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispasyon Deyò oswa nan Bis –Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò |

| **SÈVI MAL AK ÒDINATÈ – SEKSYON 7.09** | |
|---|---|
| Movèz itilizasyon entènèt tankou, men se pa sa sèlman, Vyolasyon Regleman pou moun Iitilize òdinatè a ki nan Prefas paj x, 6Gx53-9001 nan Kòd Konduit la. Y'ap pini vyolasyon sa a konsa: | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò nan Lekòl la |

| **DWÒG – SEKSYON 7.10** |
|---|
| Gade tou nan Medikaman nan Pati II, Reg ak Prensip Jeneral, Seksyon 2.21, Medikaman.<br>A. **Vann, Distribye oswa Posede ak Entansyon pou Vann oswa Distribye**: Yon elèv ki vann oswa ki distribye oswa ki tante distribye oswa fè konplo ak yon lòt moun pou vann oswa pou distribye, oswa posede ak entansyon pou vann oswa distribye yon bwason ki ka entoksike oswa ki sou kontwòl, nakotik (pwodui ki pou rann ou ensansib), nenpòt medikaman yo preskri ki ka chanje dispozizyon lespri moun, medikaman ou ka achte san preskripsyon doktè oswa nenpòt medikaman ki ka chanje dispozizyon lespri moun, oswa lòt pwodui ki sou kontwòl jan lalwa nan Florid mande sa, oswa vann oswa distribye oswa posede pwodui sa yo ak entansyon pou |

vann oswa pou distribye nenpòt pwodui ki nan sa ki sot site pi wo a yo, oubyen mande yon lòt moun pou l achte oswa pou l resevwa pwodui sa yo, elev sa a koupab yon ekse konduit ki grav, ki dwe al jwenn biwo legal ki trete pwoblèm sa yo e elèv la ka resevwa pèn kriminèl. Nan tout ka konsa, yo dwe rekomande pou yo mete elèv la deyò. Si Direksyon Jeneral la ekspilse yon elèv, anvan pou l retounen lekòl la apre tan ekspilsyon an fini, li dwe konplete kòrèkteman Pati ki konsènen Pwogram Evalyasyon Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo.

B. **Itilize oswa Posede:** Yon elèv ki itilize oswa ki posede oswa k'ap mande bwason ki ka entoksike moun, nakotik, oswa medikaman yo preskri ki ka chanje eta espri moun, medikaman moun ka achte san preskripsyon doktè oswa nenpòt lòt pwodui oswa medikaman ki ka chanje eta espri moun yo site pi wo a, oswa aksepte oswa posede nenpòt pwodui elèv panse ki fè pati tout sa yo sot site la yo oswa ki se youn ladan yo, oswa si li posede yon medikaman (yon dwòg) ki se pou li menm (paraphernalia), elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit ki grav ki pral refere bay biwo ki la pou fè respekte lalwa, e elèv la kapab gen pèn kriminèl pou sa. Pou sa ki gade seksyon sa a, yo defini medikaman (dwòg) "paraphernalia" kòm tout ekipman, pwodui ak nenpòt kalite materyèl y'ap itilize, ki la pou yo itilize, oswa ki fèt pou yo injekte, vale, rale nan nen oswa pou rantre nan kò moun yon sibtans ki sou kontwòl, jan sa defini nan lwa nan Florid. Pou ka wè si yon dwòg se "parapherna" administratè lekòl la dwe konsidere prèv la yo pou l wè si yon elèv gen plis entansyon itilize atik la (pwodui) a kòm dwòg "paraphernalia" olye pou l itilize l pou yon rezon lejitim.

**ELÈV KLAS PRIMÈ K-5 (Seksyon 7.10, Pati 1-3)**
1. **Premye Vyolasyon:** Elèv la pral resevwa on sispansyon andeyò lekòl la – pou yon tan ki long {kat (4) a dis (10) jou lekòl} e lè li retounen lekòl la, l'ap konplete yon evalyasyon pou abi sibstans. Si elèv la refize, direktè a ap voye l nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif Primè (Nivo 7) si gen pals disponib.
2. **Dezyèm Vyolasyon pandan menm Ane Lekòl la:** Direktè a pral voye elèv k'ap fè vyolasyon sou vyolasyon (pannan menm ane lekòl la) nan Pwogram Disiplin Edikasyon Altènatif Primè. Li enpòtan pou remake vyolasyon repete merite koreksyon disiplinè ki pi di.
3. **Lòt vyolasyon pannan menm Ane Lekòl la:** Nenpòt lòt vyolasyon ki fèt apre yo ap jwenn sanksyon nan Nivo 8 – Ekspilsyon. Anvan eklèv la retounen nan lekòl la apre l fin konplete tan ekspilsyon an, li dwe dabò konplete yon evalyasyon pou abi sibstans.

**ELÈV KLAS SEGONDÈ 6-12 (Seksyon 7.10, Pati 1-4)**
1. **Premye vyolasyon (6èm pou rive nan 12èm ane):** Elèv la pral resevwa on sispansyon andeyò lekòl la – pou yon tan ki long {kat (4) a dis (10) jou lekòl} e li dwe konplete Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo. Si ofans lan se yon krim, elèv la dwe konplete Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo e y'a voye l nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif.
a. Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo**:** Elèv la dwe konplete avèk siksè Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo.
b. **Patisipasyon Satisfezan**: Elèv la dwe konplete tout sa yo mande nan pwogram nan.
c. **Patisipasyon ki pa satisfezan:** Y'ap voye enpò elèv ki pa konplete pwogram nan avèk siksè nan Pwogram Edikasyon Altènatif. Si yon Pwogram Edikasyon Altènatif pa disponib, y'ap sispann elèv la pou dis (10) jou klas.
2. **Dezyèm Vyolasyon pandan menm Ane lekòl la:** Direktè a ap voye elèv delenkan k'ap plede repete ofans yo (pandan menm jou lekòl la) nan yon pwogram edikasyon altènatif. Li enpòtan pou w remake moun k'ap lede vyole lalwa ap jwenn pinisyon ki pi di.
3. **Twazyèm Ofans pandan Elèv la nan Lekòl la:** Lè elèv la rive nan twazyèm vyolasyon Seksyon 7.10 B nenpòt ki lè pandan pasaj li nan lekòl la, y'ap voye elèv sa a nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif. Si pa gen Pwogram Edikasyon Altènatif ki disponib, y'ap sispann elèv la pou yon dire dis (10) jou klas. Anplis sa, yo kapab bay rekòmandasyon pou yo mete elèv la deyò nan lekòl la. Elèv la konplete kòm sa dwa sa yo mande nan Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo. Lè elèv la rive nan twazyèm vyolasyon Seksyon 7.10 B nenpòt ki lè pandan karyè li nan lekòl la, yo kapab bay rekòmandasyon pou yo mete elèv la deyò nan lekòl la e y'ap refere elèv la bay Direktè Antèt la, Sèvis Espesyalize yo.
**C. Eksepsyon:** Si yon elèv pote medikaman nan etablisman lekòl la e pran yon dòz depase nan entansyon pou l touye tèt li, yo dwe refere elèv la bay sèvis medikal e/oswa sèvis mantal olye pou yo konsidere zak sa a kòm vyolasyon Kòd Konduit Elèv la.

**POU TOUT ELÈV (Pati D <u>SÈLMAN</u>)**
D**. Dwòg ki pa chanje Lespri:** Yon elèv k'ap itilize, ki posede k'ap mande, k'ap vann oswa k'ap itilize medikaman moun pa bezwen preskripsyon pou achte ki pap chanje eta espri moun, tankou medikaman ki se plant medisinal (zèb), san li pa respekte regleman ki nan Pati II, Règ ak Regleman Jeneral, Seksyon 2.18, medikaman, elèv sa a vyole Kòd Konduit Elèv la e li dwe pini jan sa detaye pi ba a. Si medikaman an, dwòg la oswa pwodui a se yon pwodui ki kapab chanje eta lespri moun, yo dwe pousuiv ak ka a jan sa di nan paragraf A oswa B nan seksyon sa a.

| DWÒG – SEKSYON 7.10 | |
|---|---|
| **A. Vann, Distribisyon oswa Posesyon ak Entansyon pou Vann oswa distribye** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò |
| **B. Itilizasyon oswa Posesyon** | **Premye Vyolasyon:**<br>**ELÈV KLAS PRIMÈ K-5**<br>**Premye Vyolasyon:** Elèv la pral resevwa on sispansyon andeyò lekòl la – pou yon tan ki long {kat (4) a dis (10) jou lekòl} e li konplete yon Evalyasyon pou Abi Sibstans. Si elèv la refize, direktè a ap voye l nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif Primè (Nivo 7) si gen pals disponib. |
| **C. Eksepsyon:** Si yon elèv pote medikaman nan etablisman lekòl la e pran yon dòz depase nan entansyon pou l touye tèt li, yo dwe refere elèv la bay sèvis medikal e/oswa sèvis mantal olye pou yo konsidere zak sa a kòm vyolasyon Kòd Konduit Elèv la. | **ELÈV KLAS SEGONDÈ 6-12**<br>**Premye Vyolasyon:** Elèv la pral resevwa on sispansyon andeyò lekòl la – pou yon tan ki long {kat (4) a dis (10) jou lekòl} e li <u>konplete</u> Pati ki konsènen Abi Sibstans nan Kòd Konduit Elèv yo. Si ofans lan se yon krim, Direktè a ap voye elèv la nan yon Pwogram Edikasyon Altènatif. |
| **D. Dwòg ki pa chanje Eta Despri** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan Kout |

| FÒSE MOUN BA W SA KI POU YO – SESYON 7.11 | |
|---|---|
| Yon elèv ki fòse yon moun ba li lajan oswa lòt bagay, bay moun nan menas oswa fòse li, oswa lòt fòm kontrent, elèv sa a koupab eksè konduit grav ki dwe rapòte nan biwo ki la pou fè respekte lalwa, e y'ap pini elèv sa a jan yo di pi ba a: | **First Offense: Levels**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete deyò |

| FOS ALÈT (BAY MOVE NOUVÈL) – SEKSYON 7.12 | |
|---|---|
| Yon elèv ki deklanche alam lekòl la nan nenpòt etablisman lekòl oswa nan pwopyete lekòl la, oswa ki al di gen dife kote ki pa gen dife, elèv sa a koupab poutèt li bay fos alèt, ki se yon eksè konduit grav, ki | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi |

| | |
|---|---|
| ap refere bay biwo ki responsab pou fè respekte lalwa, e y'ap pini elev sa a jan yo di sa pi ba a: | Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| FOS NOUVÈL – SEKSYON 7.13 | |
|---|---|
| Yon elèv ki konnen byen pwòp l'ap bay move nouvèl, ekri oswa nan bouch, nan entansyon pou l detounen lespri moun, ki ka deranje karaktè oswa repitasyon yon lòt moun, oswa deranje bon mach lekòl la, elèv sa a koupab eksè konduit serye ki pini jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detention or Work Detail Programs<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detention or Work Detail Programs<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| ZAK KRIMINÈL (KI PA FÈT NAN ETABLISMAN LEKÒL LA) – SEKSYON 7.14 | |
|---|---|
| Si Avoka Eta a oswa lòt avoka akize elèv la pou yon krim oswa yon zak delenkan ki te kapab yon krim si se yon granmoun ki komèt li, pou yon ensidan ki ta rive nan yon pwopyete ki pa pwopyete lekòl piblik, yo ka sispann elèv la pou yon ti tan nan lekòl li ye a, men yo dwe voye l rapidman nan yon pwogram Disiplinè Edikasyon Altènatif dapre prensip ki detaye nan Pati III, Demach pou fè Apèl ak Disiplin, Seksyon 3.04, Sispansyon ki gen Efè segondè pou Krim ki komèt deyò etablisman lekòl la. | Tanpri ale nan **SEKSYON 3.04**. ASispansyon Kòm Konsekans pou Zak Kriminèl ki pa fèt nan Lokal Lekòl la. |

| BATAY KOTE MOUN BLESE OSWA RESEVWA DOMAJ FIZIK – SEKSYON 7.15 | |
|---|---|
| Yon elèv ki fè ekspre angaje li oswa ki pwovoke goumen oswa yon batay vyolan avèk yon moun ki pa yon anplwaye Direksyon Jeneral la, kote nan batay sa a ta gen moun ki blese oswa pran kou, elèv sa a koupab yon eksè konduit grav k'ap pini jan yo di la a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>**Lòt Vyolasyon:**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikasyon Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| BATAY SAN MOUN PA BLESE OSWA PA SIBI ANDOMAJ NAN KÒ YO – SEKSYON 7.16 | |
|---|---|
| Yon elèv ki fè ekspre ki angaje l oswa ki pwovoke batay oswa konfwontasyon vyolan avèk yon lòt moun ki pa yon anplwaye Dreksyon Jeneral la, epi nan batay sa a pa ta gen moun ki blese oswa moun ki pran kou, elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit grav kap | **Premye Vyolasyon**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl |

| | |
|---|---|
| jwenn pinisyon jan yo di sa pi ba a: | 5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout t<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long |

| **AKTIVITE GANG (BANDI) – SEKSYON 7.17** | |
|---|---|
| Yon elèv ki patisipe nan yon ensidan ki rapò ak gwoup bandi/vòlè jan sa defini nan Seksyon 874.03 nan Lwa Florida, oswa elèv la ta angaje l nan langaj oral (nan bouch), ekri oswa sa moun ka wè, oubyen lòt konduit k'ap voye monte oswa k'ap ankouraje moun pou (1) patisipe nan yon ensidan ki gen rapò ak gwoup vòlè/bandi; oswa (2) fè pati yon gwoup vòlè/gang nan lari jan sa di nan 874.03, jan direktè oswa reprezantan li eksplike sa lè li fin konsile ofisye referans lekòl la, oswa lòt ofisye legal ki responsab fè moun respekte lalwa, elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit k'ap pini jan sa di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon:Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| **ZAM, FIZI AK OBJÈ DANJRE – SEKSYON 7.18 -** |
|---|
| A. **FUZI/Revolvè:** Y'ap mete deyò pandan yon (1) lane lekòl konplè nenpòt elèv ki ta pote zam nan lekòl la, nan nenpòt etablisman lekòl, oswa nan nenpòt bis transpò lekòl bay, epi y'ap refere elèv sa a bay system jistis kriminèl oswa sant koreksyon pou jèn. **Regleman sa a aplike tou pou revolvè ki nan machin ki sou pwopyete distri lekòl la**. Zam se nenpòt pistolè oswa revolvè (ki ka opere ou non), tankou estatè, ki ka tire yon bal lè yon eksplozif aji sou li, po revolvè oswa pòch zam sa a, zam silansye, oswa aparèy ki ka detwi, oswa nenpòt zam machin. Fizi oswa revolvè gen ladan yo tou zam ki prepare pou sa oswa ki kapab itlize rapidman pou bagay sa yo.<br>**Nivo 8 {Ekspilsyon pou pi piti yon (1) lane eskolè}**<br><br>B. **Zam:** Nenpòt elèv ki pote yon zam lekòl la, nan nenpòt lekòl, oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl la genyen, oswa nenpòt elèv ki genyen oswa ki rale yon zam nan lekòl la, nan nenpòt lekòl, oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl la genyen, elèv sa a y'ap mete l deyò pou yon (1) ane lekl konplè, e y'ap refere l nan biwo lajistis kriminèl oswa lajistis pou jenn moun ki regle koze sa a. **Regleman sa a aplike tou pou zam ki nan machin ki sou pwopyete distri lekòl la.** Zam sa yo se ponya, pyès metal ki ka sèvi kom zam, zouti ki ka dechaje zam, koko makak ("billies"), zam pou tire gaz, zouti oswa zam chimik, kouto oswa lòt zam danjre ki ka touye moun, sof zam ak kouti pòch ki file ki mezire twa (3) pous ou mwens.<br>**Nivo 8 {pou pi piti yon (1) ane ekspilsion nan lekòl la}**<br><br>C. **Materyèl ki danjre:**<br>*1. Avèk Entansyon Pou Fè Mal Oswa Pou Defann Tèt Ou*: Nenpòt elèv ki pote yon materyèl danjre nan lekòl la, nan nenpòt lekòl, oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl genyen, oswa nenpòt elèv ki genyen oswa ki rale yon materyèl danjre nan lekòl, nan nenpòt lekòl oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl la genyen, **avèk entansyon pou fè lòt mal ou pou defann tèt li**, y'ap bay lòd pou yo mete elèv sa a deyò. Objè (materyèl) danjre yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman, kouto pòch file ki mezire twa (3) pous ou mwens, pik glas, razwa, materyèl pououvri bwat, nenpòt kalite fizi ki gen van konprime "air gun" (kèlkeswa li bon ou pa), vaporizatè piman oswa bagay pike pi piti pase 1.7 ons, AirSoft guns (modèl zam pou tire boulèt plastik), fe datifis, etc.<br>**Nivo 8**<br><br>2. *San okenn Entansyon Pou Fè Mal Oswa Pou Defann Tèt Ou:* Nnenpòt elèv ki pote yon materyèl danjre nan lekòl la, oswa nan nenpòt lekòl, oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl la genyen, oswa nenpòt elèv ki genyen oswa ki rale yon objè danjre lekòl la, nan nenpòt lekòl, oswa nan nenpòt mwayen transpò lekòl la genyen, **san li pat gen entansyon pou fè lòt moun mal oswa pou defann tèt li,** li koupab paske li fè eksè konduit k'ap resevwa pinisyon jan yo di pi ba a: |

| ZAM, FIZI AK OBJÈ DANJRE – SEKSYON 7.18 | |
|---|---|
| A. **Zam:** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò **{pi piti yon (1) lane}** |
| B. **Fizi /Revolvè:** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò **{pi piti 1lane}** |
| C. **Objè Danjre:**<br>**1. Ak Entansyon pou fè Mal oswa pou Defann ou:** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò |
| **2. San Entansyon pou Fè Mal oswa pou Defann ou:** | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò<br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò |
| Nenpòt vyolasyon ki gen zam ladann, nenpòt kalite zam (bon ou pa bon) | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>8. Mete Deyò |

| FÈ GWOUPMAN – SEKSYON 7.19 – | |
|---|---|
| Pa dwe genyen okenn gwoupman klib, òganizasyon oswa klan anndan lekòl la. Yo defini gwoupman kòm nenpòt aksyon oswa sitiyasyon nan lide pou koumanse oswa antre oubyen afilye nan yon òganizasyon k'ap opere san okenn respè pou pèsonn sou sanksyon lekòl la, e ki ap mete andanje sante oswa sekirite mantal oubyen fizik elèv nan lekòl la. | **Nivo**<br>1. Asistans Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| RETE TOUNI OSWA KONDUIT DEREGLE – SEKSYON 7.20 | |
|---|---|
| Yon elèv ki mete deyò oswa k'ap montre moun pati seksyèl li nan yon mannyè endesan, e si se pa nan yon twalèt, yon kote pou moun abiye yo, oswa kote pou moun benyen, epi elèv la angaje li nan konduit sal sa a, ak tout konviksyon li e ak tout volonte li, elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit grav yo pral rapòte bay biwo ki la pou fè respekte lalwa, e konpòtman sa a ap jwenn pinisyon dapre jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>**Lòt Vyolasyon:Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| MANKE RESPÈ (DEZOBEYISANS) – SEKSYON 7.21 | |
|---|---|
| Yon elèv ki refize suiv lòd rezonab ak legal yon manm ki gen otorite lekòl la pase l, elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit ki pral jwenn pinisyon jan sa di pi ba a. Pou sa ki konsène ti seksyon sa a, kache pou pa al lekòl, manke jou oswa manke lè lekòl, oswa kite lekòl la san yo pat akòde w pèmisyon, bagay sa yo konsidere kòm dezobeyisans. | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif |

| BLOKE BÒN MACH LEKÒL LA – SEKSYON 7.22 | |
|---|---|
| Yon elèv ki koupab dezobeyisans volontè, ki defye ouvètman otorite direktè a oswa nenpòt lòt manm nan ekip lekòl la, ki fè vyolans kont moun oswa kont | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif |

| | |
|---|---|
| pwopyete lekòl la, oswa nenpòt lot zak k'ap twouble seryezman bon mach lekòl la oswa lòt aktivite edikatif lekòl la ap òganize, elèv sa a koupab eksè konduit k'ap resevwa pinisyon jan sa di pi ba a: | **Lòt Vyolasyon: Nivo 6 – 8**<br>7. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>8. Pwogram Edikatif Altènatif<br>9. Mete Deyò |

| **KITE ETABLISMAN LEKÒL LA SAN OTORIZASYON – SEKSYON 7.23** | |
|---|---|
| Yon elèv ki kite etablisman lekòl la san otorizasyon, elèv sa a koupab eksè konduit grav yo konsidere kòm kache pou pa vin lekòl (truancy) e k'ap jwenn pinisyon jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long |

| **VAGABONDAY – SEKSYON 7.24** | |
|---|---|
| Yon elèv (fi oswa gason) ki ekspoze nan prezans lòt moun si se pa nan twalèt oswa kote pou moun abye, oswa kote pou moun benyen li ye, elèv sa a koupab eksè konduit grav k'ap jwenn pinisyon jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>**Lòt Vyolasyon: Nivo 8**<br>8. Mete Deyò |

| **LÒT VYOLASYON GRAV LALWA – SEKSYON 7.25** | |
|---|---|
| Yon elèv ki komèt yon zak ki pa detaye nan kòd konduit la, ki se yon enfraksyon (movèz konduit) oswa yon krim jan Lwa nan Florida defini li, elèv sa a koupab eksè konduit k'ap resevwa pinisyon jan sa di pi ba a: | **Nivo**<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| **VÒL – SEKSYON 7.26** | |
|---|---|
| Yon elèv ki itilize fòs, vyolans oswa agresyon pou l pran lajan oswa lòt bagay yon lòt moun, oswa ki menase sèvi ak fòs, sezi moun, vyolans, elèv sa a koupab eksè konduit grav ki dwe rapòte bay lapolis, e l'ap jwenn pinisyon jan yo di pi ba a: | **Nivo**<br>8. Mete Deyò |

| **KONPÒTMAN DEREGLE GRAV NAN BIS LEKÒL – SEKSYON 7.27** | |
|---|---|
| Yon elèv ki refize obeyi lòd rezonab chofè bis la pase li, oswa k'ap kreye dezòd ki ka distrè chofè a pou anpeche l kondui byen, oswa ki voye yon bagay jete pannan li nan bis la, elèv sa a koupab eksè konduit grav ki dwe jwenn pinisyon jan yo di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite nan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite nan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pèdi Avantaj Transpò a |

| **PÈSEKISYON SEKSYÈL – SEKSYON 7.28** | |
|---|---|
| Yon elèv ki fòse yon lòt elèv fè movèz konduit seksyèl nan fè lòt la avans li pa vle, k'ap mande lòt elèv la favè seksyèl (pou kouche avèk li), nwizans vèbal (ki gen rapò ak sèks, manyen lòt la kote pou pat manyen san li pa vle, oswa fè li sijesyon oubbyen mande fè bagay avèk anpil menas si li pa ta vle, elèv sa a koupab eksè konduit grav. Yo dwe suiv demach | **Nivo**<br>1. Asistan Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long |

| | |
|---|---|
| ki detaye nan pati II ki gen règ ak Regleman Jeneral yo, Seksyon 2.19, Pèsekisyon (Nwizans) Seksyèl, yon manyè pou direktè awa reprezantan li kapab mennen ankèt sou akizasyon pèsekisyon seksyèl la. Tanpri al gade nan Manyèl Ekite a epi kontakte Biwo sou zafè San Patipri ak pou fè Respekte Regleman an. Si ankèt la revele elèv la koupab, y'ap pran aksyon disiplinè kont li jan Sipèentandan an oswa reprezantan li detèmine sa, e sanksyon sa yo detaye nan Pati III, Demach ki gade Disiplin ak Apèl. | 7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| KONFWONTASYON ELÈV AK ANPLWAYE DIREKSYON JENERAL LA – SEKSYON 7.29 | |
|---|---|
| Yon elèv ki frape, pouse, rale, bouskile, bay kou, blese, oswa ki angaje l nan konfwontasyon vyolan ak yon anplwaye Direksyon Jeneral la, jan yo detaye sa nan pati II, Seksyon 2.27, Anplwaye/pèsonèl/Manm ekip Direksyon Jeneral la, elèv sa a koupab eksè konduit ki jwenn pinisyon jan yo di pi ba a: | **Nivo**<br>8. Mete Deyò |

| APARÈY KOMINIKASYON /TELEFÒN SAN FIL – SEKSYON 7.30 | |
|---|---|
| Aparèy kominikasyon telefòn san fil pa dwe active oswa itilize nan lè lekòl la ap travay oswa nan bis lekòl la yo. Yon elèv k'ap itilize telefòn selilè/ Materyèl Elektwonik nan lè ki pa otorize, pwofesè a oswa administratè a ap mande l pou li etenn aparèy la epi pou l depoze li; yo dwe avèti administrasyon an. Si elèv la ap kontinye itilize materyèl elektwonik lan, administratè a ap konfiske li epi remèt li bay paran elèv la, apre rankont k'ap genyen ant paran an akadministratè a. Si elèv la refize obeyi pwofesè a oswa administratè a pou l fèmen epi depoze aparèy la, y'ap refere li pou ensibòdinasyon (dezobeyisans).<br><br>Nenpòt elèv ki vyole seksyon sa a li koupab paske li fè yon vyolasyon grav Kòd Konduit e y'ap pini li jan sa di pi ba a. Okenn elèv pa dwe genyen sou li okenn aparèy kominikasyon san fil oswa okenn lòt bagay ki ka anrejistre oswa transmèt materyèl lè y'ap pran yon tès leta (tankou FCAT, SSS, eksetera). Elèv ki chwazi pote aprèy komonikasyon nan lekòl la fè sa pou pwòp risk pa yo. Telefòn selilè ak lòt zouti kominikasyon san fil, se bagay piti ki ka pèdi fasil. Lè fini, gen gwo risk pou yo vòlè aparèy sa a yo. Direksyon General Lekòl nan Kanton Polo la pa responsab aparèy komonikasyon san fil ki pèdi oswa yo vòlè nan men elèv.<br><br>*REMAK: Yon elèv ki itilize aparèy kominikasyon san fil pou komèt yon zak kriminèl nan lekòl la, panan lekòl la ap fonksyone, nan bis lekòl la oswa nan nenpòt etablisman lekòl, elèv sa a koupab eksè konduit k'ap pini konsa:* | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistan Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Premye Vyolasyon: Nivo 4 – 8**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| VÒLÈ – SEKSYON 7.31 | |
|---|---|
| Yon elèv ki pran lajan nan men yon moun oswa lòt bagay moun nan genyen avèk entansyon pou l pa remèt moun ki viktim nan zafè li, elèv sa a koupab eksè konduit grav, e yo pral fè rapò a bay biwo ki la pou fè respekte lalwa e elèv sa a ap resevwa pinisyon jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon:**<br>**Ti Enfraksyon/Ti Vòl: Nivo**<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br><br>**Krim/Gwo Vòl: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long |

| | |
|---|---|
| | 7. Pwogram Edikatif Altènatif<br><br>**Lòt Vyolasyon:**<br>**Ti Enfraksyon/Ti Vòl: Nivo**<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br><br>**Krim/Gwo Vòl: Nivo**<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| **ANTRE KOTE KI ENTÈDI – SEKSYON 7.32** | |
|---|---|
| Yon elèv ki antre oswa ki rete nan yon etablisman lekòl oswa nan yon pwopyete lekòl ki pa lakou lekòl kote elèv la lekòl la san otorizasyon, elèv sa a koupab paske li antre nan yon zòn ki entèdi. Yon elèv ki antre oswa ki rete nan yon etablisman lekòl oswa nan nenpòt pwopyete lekòl nan lè moun pa dwe rantre nan lekòl la san pèmisyon, elèv sa a koupab paske li antre nan yon zòn ki entèdi. Rantre nan zon entèdi se yon eksè grav konduit ki dwe rapòte bay biwo legal ki trete koze sa a e pou bay pinisyon jan sa di pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>1. Asistan Paran<br>2. Entèvansyon Biwo a<br>3. Detansyon oswa Pwogram Travay Detaye<br>4. Sispansyon nan Aktivite Anndan Lekòl<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| **ZAK KRAZE BRIZE – SEKSYON 7.33** | |
|---|---|
| Elèv ki volontèman e ak anpil riz (fent); itilize nenpòt mwayen pou l koze tò oswa domaj nenpòt bagay reyèl oswa pèsonèl yon lòt moun genyen, tankou men se pa sa sèlman, mete grafiti oswa lòt zak kraze brize, sou byen lekòl la, nan bis lekòl la, oswa diran aktivite lekòl la, elèv sa a koupab paske li fè eksè konduit ki dwe rapòte bay sèvis ki la pou fè respekte lalwa, e elèv sa a pral resevwa pinisyon jan yo di sa pi ba a: | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

| **VYOLANS, POUSE MOUN FÈ – SEKSYON 7.34** | |
|---|---|
| Yon elèv ki komèt yon zak vyolans, oswa avèk mo oubyen zak li poze, ap menase lòt moun ak vyolans, dirèkteman ou endirèkteman, oswa k'ap pouse lòt al fè vyolans oubyen al goumen, elèv sa a koupab eksè konduit grav k'ap resevwa pinisyon jan sa di pi ba a:<br>Moun ki vyole seksyon ki pi wo a, y'ap refere yo bay pwofesyonèl lasante ki regle pwoblèm nan tèt pou yo kapab evalye yo anvan yo retounen lekòl la. | **Premye Vyolasyon: Nivo**<br>4. Sispansyon Anndan Lekòl la<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò<br><br>**Lòt Vyolasyon: Nivo**<br>5. Sispansyon Deyò oswa nan Bis –Tan Kout<br>6. Sispansyon Deyò oswa nan Bis – Tan pi Long<br>7. Pwogram Edikatif Altènatif<br>8. Mete Deyò |

# Fòm
# Pou Pote
# Retounen
# Lekòl la

# Pati VIII

**Diplis A – Fòm si w Pa Asepte pou Devwale Enfòmasyon**

Si w pa ta vle Direksyon Jeneral Lekol nan Depatman Polk la nan Florida (SBPC) devwale enfòmasyon enpòtan sou dosye edikasyon pitit ou dapre lwa[1] federal, Silvouplè tcheke youn nan ti kare pi ba a pou make deklarasyon w lan, epi retounen fòm sa a nan lekòl pitit ou a nan trant (30) jou k'ap vini yo.

Non Elèv la: ________________________________ Dat li fèt: ____________

ID#: ______________________________

**Lis Enfòmasyon** se enfòmasyon sa yo: non, adrès, telefòn (si se yon telefòn ki nan lis), chak klas, patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak espò, pwa ak wotè moun ki nan ekip yo, nivo etid yo ak prim yo resevwa, ak denye etablisman lekòl yo te frekante.

☐ **PA DEVWALE** enfòmasyon sou pitit mwen san pèmisyon mwen.

☐ **PA DEVWALE** non pitit mwen ak adrès li, ak limewo telefòn li bay òganizasyon ki tcheke pi ba a yo san m pa bay otorizasyon pou sa:

____ Militè Ameriken (Lame, Sèvis Maritim, sèvis Aviyasyon, Marin, etc.)'

____ Kolèj ak lòt enstitisyon lekòl

Mwen konprann lè mwen ranpli fòm sa a e mwen bay li, SBPC pral anpeche yo devwale enfòmasyon sou dosye lekòl pitit mwen an, epi SBPC pa gen okenn lòt obligasyon pou l kontakte mwen nan demach ka pa ka pou l mande m konsantman mwen pou devwale enfòmasyon.'

______________________________
Paran/Moun ki responsab

______________________________ ____________
Paraf Dat

[1] *Lwa sou Dwa Edikasyon pou Fanmi Ak sou Vi Prive (20 U.S.C. § 1232 g.), Seksyon 9528 Lwa sou Edikasyon Primè ak Segondè (20 U.S.C. 7908), jan Lwa" No Child Left Behind Act" ( Lalwa pa Dwe Kite Okenn Timoun Dèyè ) te amande li lane 2001 (P.L. No. 107-110), ak Lwa pou Otorizasyon Defans Nasyonal pou Lane Fiskal 2002, (P.L. 107) U.S.C. 503, jan Seksyon 544 la amande li.*

## Diplis B – Fòm Rekonesans

**ELÈV LA REKONÈT:** Mwen te resevwa rezime jeneral ak eksplikasyon espesyal sou sa ki nan Règleman Konduit Elèv Lekòl Leta nan Depatman Polk la. Yo te fèm konnen tou li obligatwa pou mwen obeyi ak sa ki nan Kòd Konduit la

________________________________________________________
Paraf Elèv la

________________________________________________________
Non Elèv la (Tanpri Ekri Detache)

________________________________________________________________________
Non Lekòl la

________________________________________________________________________
ID #

**AVI REKONESANS PARAN AN:** Mwen/Nou okouran sa kin an Règleman Konduit Elèv Lekòl Leta nan Depatman Polk la, e yo te fè nou konnen obeyisans Kòd sa a obligatwa.

________________________________________________________________________
Paraf Paran an

________________________________________________________________________
Non Paran an (Tanpri Ekri Detache)

________________________________________________________________________
Dat

**Diplis C – Fòm pou w Ranpli si w pa Dakò Itilizasyon Imaj ak Teknoloji pou Elèv ou**

**Non Elèv la:**

______________________________________________________________________

**(Tanpri Ekri Detache) Siyati Dezyèm Non ID# Klas**
**(se pa nimewo Sosyal)**

**Dat li fèt** ___________________ **Lekòl**_____________________________________________________

**Elèv la gen avantaj yo bay pi ba yo, sof si paran/responsab elèv soumèt Fòm pou pa Dakò Itilizasyon Imaj ak Teknoloji pou pitit ou**.

Yo defini bagay ki pibliye kòm bagay piblik la kapab wè epi/oswa ki nan Distri a nan yon seri medya tankou (sit entènèt, televizyon, videyo, etc.). Sa ka gen ladann nenpòt nan sa ki pi ba yo ladann

Tanpri mete yon ti tchèk nan espas blanch yo kite yo pou bagay ou **PA VLE** pitit ou a patisipe epi siyen finisman dokiman sa a.

1. **________ Pitit mwen pa gen pèmisyon m pou li gen aksè nan rezo entènèt lekòl la/distri a.**

   Y'ap mete sèvis teknoloji, ki ladann yo sèvis entènèt, pou moun ka gen aksè nan evalyasyon ak materyèl Eta a ak Distri a bay dapre Règleman 4.009 Direksyon Jeneral la e dapre lwa 1008.22, 1008.24 ak 1008.385 nan Eta Florid. Ke w pran l ke w pa pran l, pitit ou a ap gen aksè nan teknoloji sa a.

   Distri Lekòl nan Depatman Polk la bay filtè entènèt e li pran anpil swen pou li bloke aksè materyèl ki pa apwopriye rantre nan rezo a. Menm si anpil efò fèt nan sans sa a, men sa pa vle di li se a san pou san. Elèv yo responsab pou pa kite materyèl ki pa apwopriye rantre nan kont yo.

2. **________ Pitit mwen pa gen pèmisyon m pou yo pran foto l oswa videyo.**

   Lè w tcheke #2, pitit ou a pap nan liv lekòl la ni yo pap pran videyo nan cho nouvèl lekòl la oswa lòt pwodiksyon lòt lekòl/distri lekòl la ap fè.

3. **________ Pitit mwen pa gen pèmisyon mwen pou yo pibliye foto /videyo li.**

4. **________ Pitit mwen pa gen pèmisyon mwen pou yo pibliye travay li.**

5. **________ Pitit mwen pa gen pèmisyon mwen pou yo mete non li parèt <u>ANSANM AK</u> travay li fè, foto ak/ oswa imaj videyo.**

   Lè w tcheke #5, foto ak non pitit ou a pap nan nouvèl sou tablo donè, rekonpans, ak travay li fè.

Fòm pou w Ranpli si w pa Dakò Itilizasyon Imaj ak Teknoloji pou Pitit ou ap fè pati dosye konplè elèv la.

**Non Paran/Responsab** ______________________________________________________________
**(Ekri detache) Siyati Non Dezyèm Non**

**Paraf Paran/ Responsab** ________________________________________ **Dat** __________________